№40 (19873) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

13 октябрь 2023 с. рузман

ТАРИХАЛЪУЛ ТIАНЧАЛ

## Фашистаздаса Кавказ эркен гьабуралдаса - 80 сон

### Рагъул лахIзатал ракIалде щвезариялъул тадбир



Казбек районалдаги Хасавюрт шагьаралдаги гьоркьоб бугеб Архъабаш майданалда тIобитIана Кавказ эркен гьабуралдаса 80 сон тIубаялъул хIурматалда хIадурараб рагъулабгун тарихияб тадбир. Гьенир гIахьаллъана республикаялдаса ва Россиялъул батIи-батIиял шагьараздаса вакилзаби. Тадбир гьабиялъе квербакъана ДРялъул бетIер Сергей Меликовас.

Тадбиралъул гIахьалчагIазда гьоркьор рукIана ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, ДРялъул бетIерасул ва хIукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Алексей ХIасанов, Казбек районалъул нухмалъулев ХIажимурад Мусаев, Хасавюрт шагьаралъул бетIер Корголи Корголиев. Гьединго гьеб тадбир гьабизе квербакъана ЦIияб Лак, Гумбет, Гъизилюрт, Хасавюрт районазул нухмалъулез ва Казбек районалъул депутатазул председатель Гъирисхан Гъирисхановас ва Хасавюрт шагьаралъул депутатазул собраниялъул председатель ХIажимурад ГIумахановас, ДРялъул гIолилазул ишазул министр Камил СагIидовас, жамгIиял цолъабазул вакилзабаз, Казбек районалъул батIи-батIиял идарабазул хIалтIухъабаз, СВОялъул гIахьалчагIаз, школазул цIалдохъабигун волонтераз, «Движение первых» активистаз ва цогидазги. Гьенив кинавниги гIахьаллъана щуазаргогIанасев чи.

*(Хадусеб 4-аб. гьумералда)*





“ТАРКИ-ТАУ-2023”

## Дуца гьудуллъун кквe квер гIатIидаб тIехь

6-8 октябралда МахIачхъалаялда тIобитIана «Тарки-Тау-2023» абураб тIахьазул анцIабилеб фестиваль-ярмарка. Гьелда гIахьаллъана Россиялъул регионаздаса 50-ялдаса цIикIкIун тIахьазул басмаханаби.

6-7 гьурм. >>>



ГIЕЛМИЯБ ДАНДЕРУССИН

## МугIрузул улкаялъул гIорхъабиги рахун...

9-11 октябралда Дагъистаналъул гIелмиял цIех-рехазул федералияб централда (ДФИЦ) тIобитIана Расул ХIамзатовасул 100-сонилаб юбилеялъул хIурматалда гIуцIараб гIелмияб дандеруссин.

8 гьум. >>>



## Сакъатазе – цIияб центр

**11 октябралда Дербенталда ДагъистаналъулбетIер Сергей Меликовас рагьана Социалияб кумекалъул, адаптациялъул ва реабилитациялъул лъималазул центр. Гьеб рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъана Пачалихъияб Думаялъул депутат Хизри Абакаров, Дербенталъул мэр Рустамбек ПирмухIамадов ва цогидалги. С. Меликовас баркала кьуна ДЦПялъ унтарал лъималазе гьеб центр рагьиялъе кумек-квербакъи гьабуразе.**



*«Дие бокьун буго дир лъикIав гьудул, сенатор Сулейман Керимовасе кIудияб баркала кьезе. Гьев вуго унго-унгояв патриот, жиндирго ракьалъегун гIадамазе лъикIлъи гьабизе бокьулев инсан. Гьес гьадинал сайгъатал гьарула лъималазеги, улбузеги, росуцоязегун дагъистаниязеги – живго кIодо гьавизе, жиндирго хIакъалъулъ бицине гуреб, гьесул ракIалъ гьадин тIалаб гьабулеб букIун. Гьединго Хизри Абакаровги вуго цохIо документазул халги гьабун гурев, заман кьараб мехалда, республика цебетIеялъе квербакъулев депутат. Дербенталъул мэр Рустамбек ПирмухIамадовасги кьураб рагIи ккуна, центр рагьиялъе кумек гьабуна»*, - янги абун, нухмалъулезул хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна **Меликовас.**

Гьединго сакъатал лъималазул улбузеги сабругун сахлъи гьарана республикаялъул нухмалъулес.

*«Лъималазе гуребги, улбузеги кIвар бугеб лъугьа-бахъин ккола гьаб центр рагьи. Цере, лъималги рачун, республика бахун къватIире ине кколел рукIарал ратани, гьанже гьеб нилъерго гьаниб тIубазе бегьула. Централъе гьарула цебетIей, лъималазе – сахлъи»*, - ян абуна **Р. ПирмухIамадовас**.

ЛъагIалида жаниб 600 лъимералъе медицинаялъулаб реабилитация гьабизе рес буго гьеб централда.

СКФОялъул регионазда гьоркьоб гьеб централда гурони гьечIо рилълъине бажаруларел лъималазе механотерапия гьабулеб аппарат, костюмал-тренажерал ва киналго хIажаталщинал тохтурзаби. Гьеб кинабгоги чIобого гьабизе буго централда.

Сулейман Керимовасул квербакъиялдалъун Дагъистаналда рагьулеб кIиабилеб центр буго гьеб. ТIоцебесеб рагьана Каспийск шагьаралда февраль моцIалда ва гьанжелъизегIан кIинусго лъимадуе реабилитациялъулаб кумек гьабуна гьениб.

Дербенталда вукIаго, ралел ругел социалиял объектазулги хал гьабуна С. Меликовас. Гьев щвана ралъдал рагIалда балеб бугеб спорталъул кIалгIаялдеги лъим бацIцIад гьабулеб бакIалдеги.

## Ятимазул мулк бикъаразе тамихI букIине ккола

**12 октябралда Сергей Меликовас тIобитIана ДРялда ришватчилъиялда данде чIеялъул хIалтIи нухда бачиналъул рахъалъ комиссиялъул данделъи.**

**Гьенир рорхарал суалазул аслияблъун букIана - ятимал лъимал мина-рукъалдалъун хьезариялъулъ коррупция ккунгутIиялъе тадбирал гIуцIи.**

2023 соналда республикаялда ятимал лъимал рукъзабаздалъун хьезаризе республикаялъул бюджеталдаса 779,1 миллион гъурущ биччан бугин бицана Сергей Меликовас.

Гьеб гуребги, 189 ятимазе республикаялъул бюджеталдаса жеги тIаде кьезе бихьизабун буго социалияб выплата.

«Жидер тIалаб гьабизе нахъа чи гьечIел ятимаздаса пайда босизе нахъе кьаларел цо-цо «пишачагIазул» хьул лъун батизе бегьула дица рехсараб гIарцуде. Гьединал лъугьа-бахъинал дандчIвани, гьеб бакIалдаго кьотIизаризеги руго», - ян лъазабуна республикаялъул бетIерас.

Ихтияр цIунулел гIуцIабаздеги Сергей Меликовас хитIаб гьабуна бесдал хутIарал лъималазе рукъзал кьеялъул рахъалъ ихтиярал хвезарурал гIадамал законалда рекъон кьвараараб тамихIалде цIаян абун.

2015-2016 соназда ятимал лъимал рукъзабаздалъун хьезаризе 4,5 млрд гъурущ биччан букIана. Сергей Меликовас гьабураб хIисабалда рекъон, гьеб гIарац кколеб кьагIидаялъ, цIодорго хIалтIизабун букIарабани, жакъа киналгIаги захIмалъаби рукIинароан ятимал лъималазе мина-рукъ щвеялъул рахъалъ.

## Хъвай «ХIакъикъат»

**Гьал кьоязда «ХIакъикъат» газеталъе подписка гьабиялъул суал гьоркьоб лъурал данделъаби тIоритIана Хунзахъ, Хьаргаби ва Унсоколо районазда.**

Рехсарал мухъазул нухмалъулел НурмухIамад Задиевгун, МухIамадгIали ТIагьировгун, АсхIабали Маликовгун, ГIиса НурмухIамадовгун дандчIвана газеталъул бетIерав редактор Темирхан ХIасанов ва отделалъул нухмалъулев ГIабаш ГIабашилов. Данделъабазда гьединго бицана районазулги газеталъулги гьоркьоблъи цIикIкIинабизе, муниципалитетазда лъугьа-бахъунеб магIарулазул аслияб басмаялъул гьурмазда бихьизабизе, гьенирго халкъалда унтарал суалазде жегиги цIикIкIун кIвар кьезе ккеялъул хIакъалъулъ. Газета жиндир заманалда подписчикасухъе щвезабиялъул рахъалъ дандчIвалел цо-цо гIунгутIабазул хIакъалъулги рехсана.




Ахиралда гьел муниципалитетазул бутIруз рагIи кьуна миллаталъул матIулъун кколеб «ХIакъикъаталъе» лъикIаб подписка гьабизе.

ХIурматиял «ХIакъикъаталъул» гьудулзаби! Подписка гьабиялъул заман тIаде щун бугелъул, учузго гьеб гьабизе бегьула Дагъпечаталъул киосказдасан. Бащдаб лъагIалие - 175 гъурущ, лъагIалие - 350 гъурущ.

УФПСалдаса «ХIакъикъат» газеталъул багьа буго: бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур., лъагIалие - 1290,12 гъур.

## КIвар бугеб накъит

**Дагъистаналъул школаздаги тIоритIула «КIвар бугеб накъит» абурал дарсал. Гьел кьезе цIалдохъабазухъе уна пачалихъиял хIакимзабиги, депутаталги, бакIалъул нухмалъулелги.**

Дагъалъ цебе «КIвар бугеб накъит» абураб дарс кьезе Комсомольское росдал гьоркьохъеб школалде вачIун вукIана ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдулвахIид Лабазанов. 11 классалъул цIалдохъабазда гьес бицана КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда фашистаздаса Кавказ цIуниялъе гIоло гьабураб къеркьеялъул хIакъалъулъ.

Комсомольское росдал школа буго кIудияб, рагъулабгун ватIан бокьи куцаялъул рахъалъ гьабулеб хIалтIул бечедаб хIалбихьи бугеб школа. Советияб заманалдаса нахъе гьениб цIунун буго школалъул рагъулаб бокIон. Гьениб эхетун буго Кавказалъе гIоло гьарурал рагъазулъ гIахьаллъараб унго-унгояб рагъулаб танкги.

Рагъулаб бокIоналда церелъун руго рагъул соназул цогидал алаталги. Хасго кьачIан буго Совет Союзалъул БахIарзазулги цогидал рагъазул гIахьалчагIазулги суратал чIвараб кьед. Гьенибго чIван буго Афгъанистаналъул рагъда бахIарчилъи бихьизабурав Россиялъул БахIарчи НухIидин ХIажиевасул мемориалияб хьарщи. Буго школалда рагъулаб тарихалъул музейги.

Гьеб кинабго гIуцIун букIана школалда тарихалъул учитель Расул Гьазиевасул хIаракаталдалъун. ВатIаналде рокьи куцаялде кIудияб кIвар кьола жакъа директорлъун хIалтIулей ГIазра Гьиматовалъги.

## Къокъго

СВОялъул гIахьалчигун рохалилаб дандчIвай тIобитIана Болъихъ районалъул РахатIа росулъ.

МухIамад ГIабдурашидов иргадулаб нухалда отпускалъ рокъове тIадвуссин росуцоязе рохалилаб лъугьа-бахъинлъун лъугьана. СВОялда гIахьаллъулел киналго росуцоял кIодо гьарула гьединал дандчIваяздалъун рахалаз.

МухIамад СВОялда гIахьаллъулев вуго гьеб байбихьараб кьоялдаса нахъе. Гьев кIицIул лъукъана ва сахлъигун фронталде тIадвуссана. Гьес бахIарчиго тIубалеб буго жиндаго тIадаб хъулухъ.

# «Валдаялъул» пайдаги Путинил таваккалги

**Халкъазда гьоркьосеб бахIсазул «Валдай» клубалъул 2-5 октябралда Сочиялда тIобитIараб иргадулаб данделъиялъ кIудияб асар гьабуна дунялалъулго политикияб гIумруялъе.**



Гьенире ракIарун рукIана гIемерал улкабазул машгьурал политикал, гIалимзаби, жамгIиял хIаракатчагIи. Гьеб клуб лъугьун буго дунялалда XXI гIасруялда кколел кIвар бугел, захIматал лъугьа-бахъиназе мухIканаб къимат кьолеб бакIлъун. Клуб хIалтIизе байбихьана 2004 соналда. 2014 соналдаса байбихьун гьениб аслияб куцалда къватIисел пачалихъазе бицуна Россиялъул политикияб ва экономикияб гIумруялъул хIакъалъулъ.

ГIадатлъун билълъанхъун буго В. Путин гьеб клубалъул щибаб данделъиялда гIахьаллъи ва Россиялъул къватIисел улкабазулгун ругел гьоркьорлъабазда, пачалихъалъул жанисеб гIумруялда хурхарал суалазе журналистазе, политикиял хIаракатчагIазе жавабал кьейги. Клубалда гьарулел бахIсазул мурад ккола дунялалъул пачалихъазда гьоркьор ругел дандеккунгутIиял, къецал гIодоцинариялъе нухал рати ва цоцазда гьоркьор санагIатал бухьенал чIезари.

«Россиялъ байбихьичIо гьабсагIаталда Украинаялда унеб бугеб тунка-гIуси, Россиялъе бокьун буго гьеб къотIизабизе ва лъугIизабизе. Нилъеца гуро Донбасс бомбабиги рехун мутIигI гьабизе хIаракат бахъулеб букIараб».

Гьаб нухалдаги XX-абилеб данделъиялда Россиялъул президнт В. Путинил кIалъай букIана киназулго пикру буссинабураб. Гьев президиумалде вахарабго, киназго тIаде рахъун хъат кьабуна. Гьелъ нугIлъи гьабулеб буго Россиялъул президентасул кIудияб къадру-къимат букIиналъе.

Президентас жиндирго кIалъаялда кIвар кьуна Украинаялда бугеб ахIвал-хIалалде. «Россиялъ байбихьичIо гьабсагIаталда Украинаялда унеб бугеб тунка-гIуси, Россиялъе бокьун буго гьеб къотIизабизе ва лъугIизабизе. Нилъеца гуро Донбасс бомбабиги рехун мутIигI гьабизе хIаракат бахъулеб букIараб» - ан абуна В. Путиница. Украинаялда Россиялъ гьабулеб хасаб операция улкаялъе тIадеги ракьал къваригIун гьабулеб жо гурилан мухIкан гьабуна президентас, щайгурелъул Россия бугила дунялалдаго бищун кIудияб ракьалъул пачалихъ. Россиялъе хIажат бугила хадубккун дунял гIуцIиялъул ритIухъал принципал рукIине. Кинаб бугониги хIукуматалъул ихтияр гьечIо цогидаб улкаялъ щиб гьабизе кколебали бихьизабизе, гьеб жиндие бокьухъе хьвадизабизе ва хIинкъаби кьезе. Гьеб бугила щибаб пачалихъалъул жиде-жидерго иш ва жидерго культурайилан бичIчIизабуна Россиялъул нухмалъулес.

Хасго Путиница тIадчIей гьабуна Армениялъул ва Азербайжаналъул гьоркьоблъиялда. Карабах Азербайжаналъул кверщаликье ин – гьеб, цо-цояз бицухъе (Евросоветалъул председатель Шарль Мишель), Россиялъул иш гурилан абуна президентас, щайгурелъул гьеб кколила Брюселалда гьеб кIиябго пачалихъалъул нухмалъулелгун цадахъ чанго хIукуматалъул бутIрулги данделъун, кIиязулго (Армения ва Азербайжан) гъолбасалги лъун, гьабураб къотIи-къаялъул хIасилилан бихьизабуна гьес.

Россиялъул нухмалъулес гIатIидго бицана улкаялъул экономикаялъул хIакъалъулъги. Америкаялъул бетIерлъиялда БакътIерхьул улкабаз гьарурал квекIеназул (санкциязул) хIасилалги тIуранго лъугIизарунилан бицана президентас ва гьелъул хIасилалда экономикаялда жаниб букIине хIажатаб гIодобе биччайги кканила. Гьединго гIодобе ккана хIалтIи гьечIого хутIаразул къадарги. Жакъа къоялде гьеб рещтIун буго 3 проценталдеян рехсана В. Путиница.

Гьесул кIалъай халатбахъана лъабго сагIаталдасаги цIикIкIун заманалъ.

# Гъанжеги рагъана балагьалъул кIал

**7 октябралда цIидасан байбихьана Палестинаялдаги ИзрагIилалдаги гьоркьоб къал. КIиябго рахъалдасан ракълилал гIадамаз би гIодобе тIолеб буго, хIатта мажгиталгицин кьвагьизарулел руго ва нус-нус расги гIайиб гьечIел гIадамал чIвалел руго.**



9 октябралда бакIарараб ООНалъул ХIинкъи гьечIолъиялъул Советалъул Палестинаялда тIобитIараб хасаб данделъиялда гьелъул членал цо пикруялде рачIинчIо, щайгурелъул гьеб ккараб тунка-гIусиялда тIасан батIи-батIиял улкабазул вакилзабазул пикру данде ккезабун бажаричIо.

США-ялъ, Индиялъ, Великобританиялъ, Францялъ, Германиялъ, Азербайжаналъ ва цогидалги хIукуматаз ИзрагIилалъул рахъ ккуна.

Бусурбабазул цIикIкIарасел улкабаз ХАМАСалъ гьабулеб иш битIараблъун рикIкIана. Пакистаналъул къватIисел ишазул министр Жалил ГIаббасица ахIи бана хехго ИзрагIилалъул хъамалчагIазул рагъулаб хIалуцин къотIизабеян. Йеменалъул хуситаз ХАМАСалъ гьабулеб иш рикIкIунеб буго гъазаваталъул нухда лъураб бахIарчияб галилъун.

ГIиракъалъул нухмалъулез Палестинаялъул рагъулал къуватазул кьаби щвезаби гьал шартIазда цохIого цо битIараб нух бугилан бихьизабулеб буго.

Ливаналъул рагъулаб партиялъун кколеб «ХIезболлаялъги» загьир гьабуна жидеца ХАМАСалъул ИзрагIилалде данде кIиабилеб фронт рагьани, гьабулеб хIаракаталъул рахъ ккезе бугилан. Гьеб жидерго таваккал хIакъ гьабун гьез ИзрагIилалъул Северияб рахъалде 9 ракета биччана.

Гьел рагъулал тадбирал гьаризе ХАМАСалъул бугеб гьира ритIухъ гьабун кIудияб къимат кьуна Каталалда ва Ираналда. ХАМАСалъулгун гьезул цебегоялдаса цоцада цоркьоб бичIчIи буго ва гьелъие рагъулаб, гIарцулаб, информациялъулаб кумекги гьабула.

ГIарабазул хIукуматазда гьоркьоб Палестинаялъул рахъ ккевчIого, жугьутIазул рахъалда чIараб пачалихъ буго ГIарабазул Эмират (ОАЭ). Гьелъул нухмалъулез ИзрагIилалъул гIадамаздехун ХАМАСалъ гьабураб ишалъ жал гIажаиблъизарун ругилан лъазабуна.

Гьеб тунка-гIусиялъе гIайибиязда гьоркьоб Россия рехсезе гIедегIана гIицIго Украинаялъул президент В. Зеленский. Гьелдаго цадахъ БакътIерхьул улкабаз жидее яргъидалъун гьабулеб кумек дагьлъиладайин абураб ургъелги загьир гьабулеб буго гьес.

### Америкаялъ цIадабе нарт тIолеб буго

ГIадатлъун букIахъе, Америкаялъ цIадабе нарт гьанибги тIолеб буго. Вашингтоналъ ИзрагIилалъе кумекалъе битIун ана рагъулаб кумек - самолетал раччулеб «Джеральд Форд гама. США-ялъ лъазабуна Пентагоналъ гIагарал къоязда ИзрагIилалъе хIажатабщинаб яргъилаб кумек гьабизе бугилан. Цо рахъалъан ракIалде ккола Украинаялъе гьабулеб кумек нахълъизе гьеб лъикIги бугилан. КIиабизе бугони, Америкаялъе рес щола ИзрагIилалъе кумек гьабизе кколиланги абун, Украинаялъул бетIер унтиялдаса дагьаб нахъегIанго чIезеги. Ва амма гьелдаго цадахъ Америкаялъ, жибго лъикIаб лъугьун, гьенире рагъулал кьабиял щвезариларин ккола, щайгурелъул гьединги Байденидаса рази гьечIел американаз хIукуматалда жанибги ахIи-хIур бахъинабизе гурилан хIинкъун.

### Россиялъул пикру

ООНалда цеве вугев вакил Василий Небензяца лъазабуна Россиялъ гьаб тунка-гIусиялда бан аслияб мурадлъун рикIкIунеб бугин ИзрагIилалъул ва Палестинаялъул ракьалда рагъ къотIизаби ва гIемерал соназ гьел пачалихъазда гьоркьор къотIизарун ругел ракълилал гара-чIвариязде байбихьиян. Гьениб рагъ байбихьи тIубараб регионалдаго ахIвал-хIал хIалуцинаби кколилан лъазабуна Россиялъул вакилзабаз. Жакъа Палестинаялдаги ИзрагIилалдаги гьоркьоб бугеб тушманлъиялъул Россиялдаги БакътIерхьул хIукуматаздаги гьоркьоб бугеб тушманлъиялъулалдаса гIемерго гъваридал кьалбал ругелъулха. Гьединлъидал Россиялъул букIине ккола чIара-ккараб, гIедегIичIого гьабулеб иш.

*З. ИЛЬЯСОВ*

# Фашистаздаса Кавказ эркен гьабуралдаса - 80 сон

## Рагъул лахIзатал ракIалде щвезариялъул тадбир

*Байбихьи 1-себ гьумералда*

Сергей Меликовасул рахъалдаса Кавказ эркен гьабуралдаса 80 сон тIубай баркана ГI. ГIабдулмуслимовас. Гьес кIудияб къимат кьуна КIудияб ВатIанияб рагъулъ ва 442 къоялъ халалъараб, Кавказ цIуниялъе гIоло гьабураб, къеркьеялъулъ нилъер умумуз бихьизабураб бахIарчилъиялъе. «Биялъ ва гIетIуца хъвараб буго нилъер офицеразулги солдатазулги бахIарчилъиялъул тарих. Дун божула, Кавказалъул бахIарзазул цIарал нилъер букIинесеб гIелалда ракIалда рукIиналде ва жакъа гьадинаб эркенаб хIукуматлъун Россия букIиналъулъ гьезул хIаракатаб бутIа букIиналде», - ян абуна премьер-министрас.

Тадбиралда бихьизабуна рагъул заманалъул ярагъ ва техника, тIоритIана спортивиял къецал, цебелъун букIана доб заманалъул магIишат, кечI-бакъан, рагъухъабазул богорукъ ва жеги гIемерал цогидалги ишал. «Кавказалъе гIоло къеркьей» абураб фестиваль тIобитIана хасаб майданалда. РетIараб ретIелгицин букIана рагъул соназул. Рихьизаруна кьвагьа-гIанхъи, рагъул гъугъайгицин. Борхана БагIараб армиялъул бергьенлъиялъул байрахъги.

Лъималазул рохиялъе гIорхъи букIинчIо: жидерго беразда бихьана гьезда рагъул заманалъул техникаги ярагъги. Рагъухъабигун чIун суратал рахъун, танказда жанире лъугьун, тарихалъул гъварилъуде раккулел рукIана гьел. Кьуна гьезие солдатазул карщги.

Балагьизе рачIараз кIудияб баркала кьуна гьеб данделъиялъул гIуцIарухъабазе. Гьез абулеб букIана, нилъерго халкъалъул тарих цIуниялъе, цебесеб гIумру ракIалде щвезабиялъе кквербакъулеб тадбир бугин абун. ГIолеб гIелалъе мисаллъун букIинин гьебан абураб пикруги загьир гьабуна гьез.

### ГIахьаллъаразул цо-цо пикраби

**ГIумаров ХIайбула (тадбиралъул гIуцIарухъан):** «Жакъасеб тадбир



гIуцIун буго Кавказалъул бергьенлъиялъул хIурматалда ва гьениса тушман къватIиве гъуралдаса 80 сон тIубай къо кIодо гьабиялъул мурадалда. Гьанире гIахьаллъизе рачIун руго Волгоградалъул реконструкторазул клубалъул вакилзаби, Тулаялдаса, Самараялдаса, Северияб Кавказалъул республикабаздаса гьалбалги. Нижеца гьадинал тадбирал гьарун рукIана кIиго-лъабго соналъ цереги, амма гьадинаб исана гIадинаб кIудияб букIинчIо. КIудияб баркала буго Дагъистаналъул бетIерасе, Хасавюрт шагьаралъул ва Казбек районалъул нухмалъулезе, гьединго тадбир тIаде босаразегун гьелъие кквербакъаразеги. Гьеб гIуцIулаго, захIмалъабиги камичIо, амма гьеб букIана рохалилаб захIмалъи. ЦIехрехалъулаб къокъаялъул гIолохъаби руго гьанир, ретIун рагъулаб формагун. Шагьаралъул МЧСги буго, жидерго техникагун цадахъ».

**ХIажимухIамад ХIажимухIамадов (краевед):** «1942-1943 соназда тIолабго Дагъистаналдасаго гIадин,



Казбек районалдаса гIадамалги лъабгогIаги нухалъ ана окопал рухъизе. Рогьалил хъахIлъи рехаралдаса къаси рукIкIинегIан хIалтIулаан гьел, цинги къаси жанире руссунеб бакIги букIана муцIиялъул гьабураб, сверун къараб. Квен-тIехги кинха гьезие гьениб букIинеб. Гьеб мехалъ гьенив гIемерав чи унтана, хвана. Заман араб мехалъ дозие «Кавказ цIунаралъухъ», «КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран», «ЗахIматалъул ветеран» ва «КIудияб ВатIанияб рагъул соназда гьабураб мустахIикъаб хIалтIиялъухъ» абурал медалал кьуна. Мисалалъе, гIицIго Алмахъалдаса гьенивe ана 463 чи. Гьел рикIкIуна КIудияб ВатIанияб рагъул бахIарзаллъун.

Гьезул хIакъалъулъ чанго соналъ цебего хъван букIана журналист СалихI СалихIовас, гьел чагIазе памятник базе кколин абун. ГIурусаз абухъе, гьеб букIана къанагIатаб иш. Гьез бухъана гьениб ункъо метралъул гъварилъиги 50 метралъул гIеблъиги бугеб халатаб канал. Нилъер армия бергьараб мехалъ, гьениса лъим биччайдал, гьенир къан ратана немцазул танкал, каскаби ва гьеб гуребги. Гьединаб кIудияб кумек гьабуна доб заманалда нилъер чагIаца. Гьезул сияхIги буго нижехъ. Амма гьанже гьезул чIаго хутIарав чи гьечIо, цIакъ дагь гурони.

Амма жакъасеб гьаб тадбир, Дагъистаналда гьабулеб буго тIоцебесеб нухалъ. Гьелъие кумек гьабурал республикаялъул хIукуматалъе, Хасавюрт шагьаралъул, Казбек районалъул нухмалъулезе, Миллияб



политикаялъул министерствоялъе кIудияб баркала буго. Нилъер умумуз абухъе, гьез миллионалъул багьаяб хIалтIи гьабуна гьаниб. Гьадинаб тадбиралдалъун рес буго нилъерго бачIунеб гIел унго-унгоял патриоталлъун куцазе. Нилъер Россиялъул президент В. В. Путиница абичIищха, жив дагъистанияв вугин.

РакI-ракIалъулаб баркала буго нижер жамагIаталъул рахъалдаса, гьаб тадбир гIуцIизе ракIалде ккаралъухъ. Гьанире рачIарал журналистазеги, хасго «ХIакъикъат» казияталъул хIалтIухъабазе».

Россиялъул шагьаралдаса рачIарал вакилзабаз рихьизаруна, 1942-1943 соназда фашистазул аскаразде данде рагъулаго, Кавказалъе гIоло гьабураб БагIараб Армиялъул къеркьеялъул лахIзатал. Гьелъухъ балагьараб мехалъ ракIалде кколеб букIана нилъги унго-унгояб гIасияб рагъул коронир ругилан.

Кавказ эркен гьабуралдаса 80 сон тIубай кIодо гьабун, Рагъухъабазул хабалазда бугеб памятникалда цере тIугьдул лъуна ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас, МахIачхъала шагьаралъул бетIер Юсуп Умавовас ва цогидазги.

**Волгоградалъул ралъдал пехотаялъул вакилзаби:** «Ниж Волгоградалдаса рачIана гьанире, 1942



соналъул Кавказалъул рагъул эпизод бихьизабизе. Гьеб букIана бищун захIматаб сон. Гьаниб жеги бихьизабизе буго 1943 соналъул рагъазулъ дагъистаниязул хIаракатги – танкистазул, гIарадачагIазул, бахIарчиял рагъухъабазул хIакъикъат. Дида ракIалде ккола, гьаб кIудияб тадбир Дагъистаналъул тарихалде инилан. Дица гьарула нужер гIолохъабазе бергьенлъаби, сахлъи ва аваданаб гIумру».

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***



# Документал гьечIеб мина-рукъ гIемер буго

**11 октябралда «Дагъистан» РИАялъул редакциялда тIобитIана лъабго идараялдаса вакилзаби ахIараб пресс-конференция. Мина-рукъалъул хважаинлъи чIезабиялъе хIажатал документал кьеялъул рахъалъ республикаялда гьабсагIат бугеб ахIвал-хIалалъул бицунеб букIана гьениб. Журналисталгун дандчIвазе рачIун рукIана: ДРялъул юстициялъул министрасул заместитель Сергей Караченцовги, республикаялъул Мал-мулкалъул министерствоялъул пачалихъалъул буголъиялъул ва рукъ-бакIалъул хважаинлъи чIезабиялъул рахъалъ управлениялъул нухмалъулесул заместитель Калимат МухIамаеваги, гьединго республикаялъул кадастралъулгун пачалихъалъулаб хъвай-хъвагIаялъул ва картографиялъул рахъалъ управлениялъул нухмалъулесул заместитель Марат Абакаровги.**

Журналистазулгун лъай-хъвайги гьабун, тIоцебе рагIи босана республикаялъул юстициялъул министрасул заместитель Сергей Караченцовас:

- *Мал-мулкалъул хважаинлъи чIезабиялъе хIажатал документазул рахъалъ гIунгутIаби церего загьирлъана. Гьелъул хIакъалъулъ хъвачIев чиги хутIун ватиларо. Миллиял информалатазги гIемер борхараб суал буго гьеб. Бокьараб гIорхъолъа борчIараб ахIвал-хIалалъул хIасилалда - чвахунцIад баниги, гьурал пуниги, иххал кIанцIаниги, щиб кканиги – гьениб гIумру гьабун вугев чиясе зарал бецIизе ккола пачалихъалъ. Амма пачалихъалъухъа кумек щолеб гьечIо гьев чиясе, щайгурелъул гьесул мина-рукъалъул хважаин вукIин чIезабулел документал гьесул гьечIолъиялда бан. Ругин жиндир документалин гIемерисев чи парахатго вукIунев вуго, амма ракIалдаго гьечIого зарал ккараб мехалъ загьирлъулеб буго гьел щвалде щварал гьечIолъи.*

*кIудияб гIунгутIилъун гьеб рахъалъ буго щибго низам гьечIого, мунго лъикIав лъугьун рарал гIемертIалаял минабазда хурхун. Гьезул гIемерисезул гьечIо хважаинлъи чIезабиялъе хIажатал документал. Законалда рекъон, гьединаб бакI ялъуни рукъ батаниги, гIемертIалаяб мина батаниги – гьеб биххизабизе ккола. Амма гьабсагIаталда законалъги дагьаб бигьалъи гьабулеб буго гьединаб бакIалда. Мун Россиялъул гражданин вугелъул, гьаб пачалихъалда гIумру гьабун вугев, гьединлъидал рес кьолеб буго хIажатал документалги ракIарун мун гьеб бакIалъул бетIергьан вугилан абураб статус чIезабизе.*

*Нилъеда лъала тIабигIиял балагьазул хIасилалда исана риидал зарал ккана Буйнакскиялда гIумру гьабун ругел гIадамазе. Дагьаб цебегIан цIаги ккун чанго мина бухIана ЦIунтIа районалъул ХутIрахъ росулъги. ГIемерисел гьедин зарал ккарал бакIазул гьечIо бетIергьан вукIин тасдикъ гьабулел документал. Гьединазе нижеца ургъун буго докуметал тасдикъ гьариялъул бигьаяб къагIида»,* - ян бицана **Сергей Караченцовас.**



*«Мина-карталъул хважаинлъи чIе-забиялъул документаз гIадин гьелъул бетIергьан законалда жанив сунцаго цIунуларо. Ай, мун жанив вугеб рукъалъул бетIергьан мун вукIин чIезабулеб документ гьечIони, дуда хадуб гIемераб къо бихьизе буго. ХIажалъи ккараб къоялъ гьел кагътал гьечIони, я пачалихъалдаса щоларо дуе кумек, я судалъ цIунуларо мун – ахиралдаги мун хутIула чед бортараб таргьа гIадин.*

*Гьеб гIунгутIиги цохIо нилъер республикаялда бугеб жо гуро. Россиялъул регионазда киса-кибго буго гьабсагIат гьеб базар. Амма нилъеца бицине ккола, нилъ гIумру гьабун ругеб бакIалъул.*

*Федералияб даражаялда рекъон, гьел гIунгутIабазде цIикIкIун кIварги кьолеб буго ахираб заманалда. Советияб заманалъго ран рукIарал цо-цо объектазулцин гьечIо гьабсагIат документал. Доб мехалъ гьелде кьолеб кIварги тIалабги батIияб букIана. Советияб пачалихъ биххаралдаса, гIемерал хиса-басиял ккана. Гьединго гьел хиса-басиял хъинтIана малк-мулкалъул ва ракьазул бетIергьанлъи чIезабиялда хурхунги.*

*ГьабсагIат Дагъистаналда бищун*

Мал-мулкалъул министерствоялъул вакил **Калимат МухIамаевалъ** бицана документал хIадур гьаризе кин бегьулебали.

*- 2006 соналда къватIибе бачIана, рукъ-бакIалъул ялъуни мал-мулкалъул бетIергьан вукIин чIезабиялъул рахъалъ федералияб законалда хиса-баси гьабураб пункт. Гьеб цIияб законалда цIарги тана «дачная амнистия» абун. Щиб жо гьеб кколеб дачная амнистия?*

*Гьелъ рес кьола рикIкIен гIемерал идарабазде иргаги ккун халат-бахъинабичIого, бигьаяб къагIидаялъ хIажатал чагIазе документал кодоре щвезе,* - ян бицана «Росреестралъул» вакилалъ.

Кадастралъул министерствоялъул вакил **Марат Абакаровасги** бицана жидерго идараялъ гьабулеб хIалтIул. ХIасил калам гьабун абуни, рукъ-бакIалъул хважаин мун вугилан абураб щулияб кагъат букIине ккола дуда кодоб. Гьединаб кагъат гьечIони, хадуб дуда гIемерал квекIенал дандчIвазе руго.

# Контрактникасе моцIалъе – 204 000 гъурущ

**10 октябралда «Дагестанская правда» газеталъул редакциялда тIобитIараб пресс-конференциялда бицунеб букIана контракталда рекъон рагъулаб хъулухъ гьабиялъул хIакъалъулъ. Журналисталгун дандчIвазе вачIун вукIана Мухтармажид Салаватов. Улка цIуниялъул министерствоялъулгун рагъулаб контракт хъвазе бокьарал чагIазе нилъер республикаялда рагьараб пункталъул нухмалъулев ккола гьев. Гьединаб тадбир унеб буго улкаялда киса-кибего.**




Армиялде гIолохъаби ахIиялъул хаслихълъиялъулаб тадбиралда хъвачIого тIобитIулеб тадбир рагIула гьеб. Контракт хъвазе бегьула 18 соналдаса бахъараб 55 сон базегIан ригьалда вугеб бокьарав чиясин бицана М. Салаватовас.

*- ГьабсагIаталда нижер хIалтIи тIадбан буго. Контракт хъвазе бокьарал гIадамал цIикIкIунел руго къо бахъанагIан. Улка цIуниялъул министерствоялъ нижеда цебе лъураб къадар буго. Гьеб пуланаб къадаралде щвезегIан ракIаризе руго гIолохъаби. КигIанасеб къадар гьебали нужее баян гьабизе рес гьечIо, щайин абуни гьеб ккола къватIибе кьолареб баян. ГIицIго абила: цебе лъун букIараб болжалда рекъон, нижеца гьеб къадаралъул 35 процент тIубазабунин.*

*- Контракт хъвазе бегьула цо лъагIалил болжалдаса байбихьун, лъабго, я щуго соналде щвезегIан. ТIоцебесеб лъагIалида жаниб контрактникасул рагъулаб хъулухъалда ракIги рекъани, шартIаздаги разилъани, гьесул рес буго болжал цIикIкIинабизе.*

*- Контракт хъван тIаса рищарал гIолохъаби ине руго Севералияб Осетиялъул тахшагьар Владикавказалда бугеб резервалъулаб батальоналде. Гьенир гьел ругьун гьаризе руго сундего - кьвагьдезе, рекеризе, кIанцIизе, ххаризе, рагьизе. Ай армиялда букIараб низамалда рекъон, рагъулаб кинабго гIелму малъизе буго гьезда. Контракт хъваразда гьоркьор жеги армиялда рагъулаб хъулухъ тIубачIел чагIиги рукIине рес бугелъул, гьел сундего куцазе руго Владикавказалъул батальоналда,* - ян бицана гьес.

Журналистаз гьениб борхана контракт хъварав гIолохъанчиясе моцIалъе щвезе бугеб харжалъул суал. Нижехъе щвараб баяналда божани, аслияб къагIидаялъ щолеб мухьалда хIалги хъублъун унел руго гIемерисел гIолохъаби Оборонаялъул министерствогун контракт хъвазе.

*- Контракталда рекъон хъулухъ гьабизе къотIи-къай гьабурав гIолохъанчиясе моцIрое щвезе буго 204000 гъурущ. Гьеб ккола бищун гIодобегIанаб мухь. Щайин абуни, гьесул рагъулаб махщалида рекъон, тIаде кьолеб мухь цIикIкIараб букIине буго. Мисалалъе, рагъулаб машина УРАЛ, ялъуни УАЗалъул шоферасул харжалда тIаде жубазе буго 30 000 гъурущ.*

Гьединго цIикIкIине буго цогидал чагIазеги. Саперасе батIа, минометчикасе батIияб, пулеметчикасе, рагъулав фельдшерасе ва гьел гурел цогидалги – щивасул махщалида рекъон батIи-батIияб букIине буго щолеб мухьилан бицана Мухтармажид Салаватовас.

*- Нижее гьабсагIат щибниги квалквал гьечIо гьабулеб хIалтIулъ. Кинабго унеб буго чIарахьараб низамалда. Контракт хъвазе рачIайилан лъиениги лъикIаб бицине ккараб хIалги гьечIо. Жалго рачIунел руго, хъвалеб буго.*

*Нилъер республикаялда гьединаб пункт рагьиялдалъун бигьалъи ккана гIемерав чиясе. Щайин абуни, цебе контракт хъвазе бокьарал чагIи ине кколаан Астраханалде щвезегIан. Гьенире документал кьун хадурги къотIи-къай гьабиялъухъ балагьун гIемераб мехалъ чIезе кколел рукIана гьел. МоцIица, лъабго моцIица, хIатта лъагIалица чIезе ккараб мехги букIана. Гьанже цохIо къоялда жаниб тIубала кинабго.*

Контракт хъвалел чагIазе рихьизарурал гьукъа-къаял ругищанги гьикъана пресс-конференциялда. Мисалалъе, туснахъалда рукIарал чагIи рагъулаб хъулухъалъе дандеккечIого нахъчIвазе рес бугищан.

*- Гьезие щибниги гьукъа-къаял рукIине гьечIо. Туснахъалда гьес базе кколеб букIараб болжалги рагIалде бахъун батани, къануналда цебеги гьесул гIунгIутIаби ратичIони, гьесие щибниги квалквал букIине гьечIо. ГIицIго гьев нахъчIвазе рес бугеб хIужа буго цо – гьев экстремизмалъулаб статьялда рекъон жанив тIамурав чи вукIун ватани,* - ян бицана гьезул вакилас.

Мухтармажид Салаватовас бахчичIо киналго контракт хъванщинал чагIи щибаб къоялъ ритIаниги, Украинаялда унеб СВОялде ритIизе рукIин.

***Гьумер хIадур гьабуна Ашахан ЮСУПОВАС.***

# Дуца гьудуллъун ккве

**6-8 октябралда МахIачхъалаялда тIобитIана «Тарки-Тау-2023» абураб тIахьазул анцIабилеб фестиваль-ярмарка. Гьелда гIахьаллъана Россиялъул регионаздаса 50-ялдаса цIикIкIун тIахьазул басмаханаби.**

**Фестиваль гIуцIана ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентствоялъул квербакъиялдалъун «Дагъистан» абураб литературиябгун публицистияб журналалъул редакциялъ. Проект гIумруялде бахъинабулеб буго Россиялъул маданияталъул фондалъул гранталъухъ ва «Культура» абураб миллияб проекталъул «Творческие люди» абураб федералияб проекталда рекъон.**

**Фестивалалъул аслиял тадбирал тIоритIана Родопалъул ахикь, ГIабдурахIман Данияловасул памятникалда аскIоб. Гьенир тIиритIун рукIана басмаханабазул чадирал ва лъабго къоялъ дагъистаниязе рес щвана художествиябгун гIелмияб ва лъай кьеялъулаб басмаялъулгун лъай-хъвай гьабизе. Нижеца гара-чIвари гьабуна фестивалалъул цо-цо гIахьалчагIазулгун.**

## Чачангун Сахалин, Москвагун Рязань

**Василий Николаевич, «Школьная книга», абураб басмаханаялъул генералияв директор, Москва:** *«Дагъистаналъул тIахьазул фестивалалда ниж гIахьаллъулел руго тIоцебесеб нухалда. Нижеца басмаялда рахъула школалда цебесебги школалъулги лъай кьеялъе идарабазе хIажатал тIахьалгун пособиял. Лъимадул тIоцересел къояздаса тIоцебесеб классалде гьеб инегIан рахъула цо тайпаялъул тIахьал – берцинал, кьер-кьерал суратал тIад рахъарал, гьитIич беэдулаго, цIализе ва рикIкIине санагIатал текстал ругел. Аслияб кIвар буссинабула лъимер цебетIезабиялъул масъала тIубаялде. Цадахъго руго методикиял малъа-хъваялги – сунде кIвар кьезе кколеб щибаб ригьалда ва кинал асаразул кьучIалда лъимералъул пагьму-гьунарги бажариги цебетIезабизе бегьулебали баянал кьун руго тIахьазда. Гьединго руго калам цебетIезабиялъе, сипатияб пикру куцаялъе кумекалъе ратулел тIахьалги».*




Гьеб басмаханаялда батана ЦIалдохъанасул тематикияб словарьги. Гьелда ругоан лъимадул ригьалде рекъонкколел рагIабазул сияхIал. Гьел кьун ругоан батIи-батIиял темабазда рекъон, масала: «Хурдул», «Рукъалъул хIайванал», «ГIалхул хIайванал» ва гь.ц. Басмаханаялъул вакиласул рагIабазда рекъон, соналдаса соналде цIикIкIине ккола жиндир каламалъулъ лъимералъ хIалтIизарулел рагIабазул къадар.

**Чачан пачалихъияб басмаханаялъул директорлъун къогоялдаса цIикIкIун соналъ хIалтIулев вуго Анзор Матаев.** *«Нижеца гьанире росана чачан ва гIурус мацIазда рахъарал тIахьал. Руго гIелмиял, художествиял, публицистикаялъул, ракIгъеялъе цIализе гIадал тIахьал. Лъабго соналдаса тIаде араб ригьалъул чиясе цIализе тIахьал руго.*

*Ярмарка буго кутакалда лъикIаб къагIидаялда гIуцIун. Нижеца 2003 соналдаса нахъе Грозныялда тIобитIула гьадинабго фестиваль. Амма гьаниб гIадинаб гIемераб гIахьаллъи букIунаро. Дагъистаналъул басмаханабазулгун лъикIаб бухьен буго нижер. Фестивалалде гIемер чи вачIана, ракIбохизабуна тIахьазухъ балагьулел рукIиналъ гьел росиялъги».*

**Евгений Рябков Дагъистаналъул фестивалалде вачIун вуго Сахалиналдаса.** *«Дун гьавуна Грозныялда. ГIолохъанав махщелчи, дун командировкаялъ витIана Сахалиналде. Бащдаб лъагIелалъин дове арав дица гьениб балеб буго 20 сон.*



*Кутакалда лъикIал гIадамал руго гьанир. ТIахьазухъ балагьизе рачIуна, росула, цо-цояз метер босилин тIехьан абула. ТIахьазул выставкаялдеян абун рачIарал гурелги, гьаб ахикье хIухьбахъулелги рачIуна. Дица гьанире росун руго Сахалиналъул хIакъалъулъ бицунел тIахьал. Туризм цебетIолеб буго нижер добаги. Сахалинги буго ралъдал рагIалда бугеб регион, жеги инсанасул хIетI чIечIел бакIал гIемер руго дора. Сахалиналда гIумру гьабулел халкъазул гIумруялъулги, тарихалъулги, квен-тIехалъулги, маданияталъулги хIакъалъулъ хъварал тIахьал руго. Руго бакIалъул халкъалъулги, гIурусги ва ингилис мацIаздаги цадахъго рахъарал тIахьалги. Масала, ччугIил тIомалда рахъарал суратаздаса гIуцIараб тIехь буго – гьединаб махщел буго цо-цо халкъалъул. Руго рухIияб тарбия кьеялъе, инсанасул напс куцаялъе квербакъулел тIахьалги – гьеб буго нилъее гьабсагIаталда цIакъ хIажатаб рахъ».*

Фестивалалда цебелъун бихьана Вацлав Михальскиясул «АнцIила анкьго квегIаб чакма» абураб тIехь. Циндаго дида ракIалде щвана дирго лъимерлъи. Инсул библиотекаялда гьеб тIехь батидал, гьелъул цIарги цIалун, елъизе бачIана дида. Щай инсанасе цого хIатIида ретIунеб 17 чакмаян гIажаиблъана ва, копол тIехь батилин ракIалдеги ккун, гьеб цIалана. Гьеб букIун буго гIемер къо бихьарав, амма я унти-гIузруялъе, я бихьараб захIматалъе, я тушманасе къуркьичIев бахIарчияв инвалидасул хIакъалъулъ хъвараб пашманаб къиса.

ТIахьазул фестивалалде гьеб ва цогидал асаралги росун, ячIун ятана **Вацлав Михальскиясул яс, «Согласие» басмаханаялъул директор Татьяна.** *«БитIараб бицани, дун хIинкъун йикIана Дагъистаналде ячIине. Дун гьаюраб ракь, дун цIалараб №39 школа, дир цересел гIагарал чагIазул хобал ругеб бакI… Гьелдаго цадахъ – дида дандчIвазе чи гьечIеб ватIан. Кин дица, йижараб шагьаралдеги ячIун, гостиницаялда гIумру гьабилеб? Гьел пикрабаз керен кваналеб буго. Гьаний гIолохъанго йикIана дир эбел. Гъоркьиса, гьелъул васиятги тIубан, Каспиялъул карачелазулъ чIехьана дица эбелалъул рохьо. Эмен чIаго вуго жакъаги. Гьев дилъ барщунцин вукIана, дица росасул фамилия босанин абун. Яцалдаса рази вукIуна – гьелъ фамилия хисичIо»,* - ян бицана гьелъ.



Фестивалалъул ахирисеб къоялда букIана РФялъул Пачалихъияб премиялъул лауреат В. Михальскиясулгун телемостги. «РагIи» абураб номинациялда бергьенлъи щвана «Адам – тIоцевесев инсан» абураб гьесул тIехьалъе. ТIехь бахъун буго Москваялъул «Согласие» абураб басмаханаялда.

### Къуркъулареб Дагъистан

**Тарихчи, хъвадарухъан, профессор, Россиялъул ва мадугьалихъ ругел пачалихъазул тарихалъул рахъалъ лъидаго вачIев эксперт, ТВ-ялъул спикер Александр Черемин** ватана кутакалда тарих лъалев ва гIенеккулесул рекIелъе бортуледухъ гьелъул хIакъалъулъ бицине махщел бугев чи. Гьес басмаялда бахъун буго 10 монография – Россиялъулги гьелъул гIорхъода ругел пачалихъазулги тарихалъул хIакъалъулъ. Гьес гьадин бицана жиндир цо-цо тIахьазул хIакъалъулъ: *«Дун чанцIулго щвана Дагъистаналде, Дербенталде. Дербенталъул хIакъалъулъ дица хъвана Астраханалъул XVI-XVII гIасрабазул тарих рагьулеб тIехьалдаги. Гьенибго бицунеб буго жакъа Дагъистан тIибитIараб ракьалъул хIакъалъулъги. Дир буго КIудияб ВатIанияб рагъул хIакъалъулъ хъвараб кIиго тIехь. Гьениб бицунеб буго мухъилав чияс рагъда загьир гьабураб бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ. Гьайгьай, гьенибги дагъистаниял рагъухъабаз ккола хасаб бутIа.*



*Жеги кIиго тIехь буго – «Награда СССР за труд» ва «Награда СССР за военные заслуги». Гьенирги, Совет Союзалъул шапакъатазул магIна рагьулаго, дица бицуна кIудияб, гучаб, тIадегIанаб ва къуватаб пачалихълъун букIараб ва гIакълу гьечIолъиялъ биххизабураб Совет Союзалъул хIакъалъулъ. Амма аслияб тIехь буго терроралде данде къеркьеялъул хIакъалъулъ бицунеб. Гьеб дица хъвана кIиабилеб курсалъул студентлъун вукIаго. Гьенир кьун руго терроралде данде къеркьеялъул къагIидабиги тIасан борчIараб хIалалде ккарав чиясе малъа-хъваялги. Гьеб хIалтIизабизе бегьула низам цIунулел идарабазул хIалтIухъабазе цIалул пособие хIисабалдаги.*

*Дагъистаналъул халккъалъул сабурлъиялъги бахIарчилъиялъги хIикмалъизавула дун. Дагъистаналда кверщел гьабизе бокьарал улкаби-пачалихъал дагьал рукIинчIо. БатIи-батIиял миллатаз гIумру гьабулеб бугелъул, гьел пачалихъазул хьул букIана Дагъистан бигьаго кверде босиялде. Амма гьезул хьулал хIорго хутIана ва Дагъистан бикь-бикьизе бажаричIо. Гьелъул*

# квер гIатIидаб тIехь




*гIаксалда – киналго цолъун, гъункун, тушманасде данде бахъана. Аслияб жо буго – нилъер киназулго цо улка-ракьги цогояб халкъги бугеблъи кIочонгутIи.*

*Дун гьал къояздаги щвана Дербенталде. Гьенир ралел руго цIиял минаби, ай гIумру унеб буго. Дербент буго бищунго некIсияб Россиялъул шагьар. Гьеб квегъизе гьира букIана кидаго, амма къуркьичIо. Дун божула – къуркьизеги гьечIо!».*

**«КнигиУм» басмаханаялъул тIахьалгун Рязаналдаса ячIун йиго гьелъул директор Елена Чуланова.** *«Аслияб къагIидаялда нижеца рахъула ишалъулал тIахьал ва журналал. Гьел рахъула предпринимателазе, ишалъул гIадамазе, бизнесменазе. Руго гьебго рахъалъул, ай бизнес яги лъай камил гьабиялъе кумек гьабулел тIахьалги. Нижеца гIумруялде рахъинарула социалиял проекталги. Масала, лъималазул рокъоса жидерго хъизамалда хьихьизе рачарал лъималазулгун хIалтIи гIуцIиялъул хIакъалъулъ. Гьеб кинабго гIуцIун буго маргьаялъул къучIалда. ТIехь цIалулаго, лъимералда бичIчIизабула, чохьол рижиго гIадин цIиял эбел-инсуе жибги бокьулеблъи, чидар лъимал рукIунареблъи»,* - ян бицана гьелъ.

КIиго соналъ цебеккун тIобитIараб тIахьазул ярмаркаялда лъай-хъвай гьабун букIана жиндирго тIахьал басмаялде рахъулей **Яна Полярушгун**. Гьелъ бицун букIана тIахьал хъвазе жиндирго лъималаз гьесизаюнилан абун. Гьел тIахьазул багьадуралльунги рукIана, гIажаибаб лъугьа-бахъиналъул хIасилалда, ай заманабазул кавуги ричIун, КIудияб ВатIанияб рагъул соназде роржинарурал ва гьениб бахIарчилъи загьир гьабурал гьанжесел лъимал. Исана гьелъ бачIун буго цIияб тIехь – «Корнейка» абураб кучIдузул мажмугI. *«Исана фестиваль гIуцIараб къагIида цIакъ бокьана. Гьава-бакъги лъикIаб буго, гьадинго тира-свериze вахъарав чиясеги рес щолеб буго тIахьазухъ балагьизе»,* – ян абуна Янаца.

## Хъвадарухъан - радиоинженер

5-14 сон барал лъималазе тIахьал рахъула Реутов шагьаралдаса вачIарав хъвадарухъан **Юрий Кузнецовас**. Гьев чанцIулго щун вугоан Дагъистаналде – Гъуниве, Дербенталде, Сарикумалде. Фестивалалде гьев ахIун вуго гьелъул гIуцIарухъабазул цоявлъун кколев Михаил Фаустовас. Бер тIаде цIана «От рассвета до забора» абураб цIаралда гъоркь бахъараб кучIдузул мажмугIалъ. Гьелда руго сатириялги махсарадулги кучIдул. *«Дун вуго радиоинженер. 1990-абилел соназда дида ясалъ гьарана Александр Волковасул «Волшебник изумрудного города» абураб тIехьалъул ахир кинаб ккарабали бицеян абун. Хъвадаризе дагьабниги бажарулебги букIун ва диего фантастика бокьулелъул, дица хъвана гьелъул хадусеб бутIа. Бихьизабуна гьеб Волковгун хIалтIарав редактор Владимирскиясда. Досие бокьана. Хадуб бихьизабуна Волковасул ясалда. Гьелъги къабул гьабуна. Гьедин байбихьана дир хъвадарухъанлъи»,* – ян бицана Ю. Кузнецовас.




*Ярмаркаялда ругел гьесул тIахьазул буго тIубанго батIияб дунял – нилъер ракьалда гьечIел улкабиги, рургьунал гурел цIаралги, гIажаибал лъугьа-бахъиналги. «Космосалда дандчIвалел дунялазул хIакъалъулъ бицунаго, дица ургъана гьел цивилизациязул хасаб тартиб. Хаос букIине бегьуларо – сундулъго букIине ккола низам. Лъималазулго буго хасаб дунял, хасаб пикру. Гьезие хъвалеб асаралъулъги букIине ккола лъималазда бичIчIулеб мацIги, багьадуралги, гьезул рекIелъе нух батулеб дунялги»,* – ян абуна маргьабазул авторас. Гьесул тIахьал рахъун руго немец мацIалдаги – Германиялъул, Австриялъул ва цогидал улкабазул лъималазе. ГьабсагIаталда Юрий Кузнецов ккола 22 къисаялъул ва гьезулъ дандчIвалел рагIабазе баян кьолеб словаралъул автор.

Лъималазе тIахьал рахъула Саратовалдаса ячIарай фестивалалъул цоги гьоболалъ – «Вверх!» абураб цIияб гIелалъул басмаханаялъ. Гьелъул директор **Вера Павловнаца** бицана гIолеб гIелалъул тIахьазде рокьи куцаялъул мурадалда ургъулел къагIидабазул хIакъалъулъ. *«Нижеца рахъула чIахIияз лъималазе хъварал, амма лъималазул жюриялъ тIаса рищарал асарал. Щибаб лъимадул цIарги рехсон, тIехьалда лъола гьезие баркала кьеялъул кагъат ва щивасул электронияб почалде битIула ТIахьазул экспертасул сертификатги. Гьел экспертаз жидерго гьудулзабазда, вац-яцазда бицуна пуланаб тIехь яги хабар цIалеян абун.*




*Руго батIи-батIияб тайпаялъул тIахьал. Масала, «цIале ва суратал релъун къачIай» – хабар цIалулаго дандчIвалел багьадурал яги гьезул ишал рихьизарулел суратал релъине ккола гьебго тIехьалда. Щибаб тIехьалда лъун руго 5-17 сонил ригьалъул лъималазе хъварал асарал. Цо-цо тIехьалъул гьурмал гIуцIун руго мультфильмалъул къагIидаги цIунун. Руго букIинесеб заманалъул багьадуразул къисмат рагьулел тIахьал – гIага-шагарго 500 соналдаса лъугьа-бахъараб къиса. Руго космосалда ккарал лъугьа-бахъинал рехсарал тIахьал – космосалда накIкIигъветI гIезабиялъул, киборгал къачIаялъул яги цивилизация хвасар гьабиялъул хIакъалъулъ бицунел.*

*Цо тайпа тIахьазул буго ахиралда кагъат лъурал – вукIинесев цIалдохъанасде яги школалъул выпускникасде. Гьединалги рокьулел руго лъималазе. ТIахьазе сураталги рахъула лъималаз. Нилъер ватIан цIунарал бахIарзазул хIакъалъулъ бицунел тIахьазул ахиралда лъун буго рагъул заманалъул лъаббокIонаб кагъат – солдатасул хитIаб буго гьелда жаниб лъун»,* – ан бицана Вераца.

## Тадбирал ва хIасилал

«Тарки-Тау – 2023» тIахьазул фестиваль лъугIана. Исана гьеб гIуцIун букIана Расул ХIамзатовасул 100-сонилаб юбилеялъул хIурматалда. Даниялoвасул памятникалда аскIоб гIуцIун букIана «Рагьараб микрофон» ва бокьарав чиясе рес кьолеб букIана Расулил кечI рикIкIине. Гьенибго тIобитIана шагIирасул асарал цIалиялъул къецги.

Фестивалалъул чадразухъе щвана гIемерал дагъистаниялги, республикаялде рачIарал гьалбалги, туристалги. Гьезие рихьизаруна мастер-классал. Рехселин гьезул цоцоял. Максим Горькиясул цIаралда бугеб Литературияб институталъул поэзиялъул семинаралъул нухмалъулев Виктор Куллэца бихьизабуна художествияб таржама гьабиялъул мастер-класс. Ева Немешил тIехьалда рекъон оригами гIуцIиялъул мастер-класс тIобитIана автораль.

РукIана батIи-батIиял тIахьазулги, басмаханабазулги, музеязулги ва гIелмиял центразулги презентациял. Масала, Елена Бородал «Инктобео – месяц перемен» абураб презентациялда фестивалалъул гIахьалчагIазе бицана гьанжесеб адабияталъе хасиятал жанразулги гIемерав чияс цIалулел авторазулги хIакъалъулъ. Бокьана киназего Дагъистаналдаса гIолохъанав хъвадарухъан Ислам ХIанипаевасул «Дунял хисизабулел тIахьал» абураб тадбирги.

Фестивалалда гIахьаллъарал басмаханабазулгун тIахьазул къец тIобитIиялъе гIуцIун букIана 10 номинация. Гьелда гIахьаллъана Россиялъул, Белорусиялъул, Азербайжаналъул ва Казахстаналъул вакилзабилъун кколеб 50-ялдаса цIикIкIун басмаханагун музейги, художествияб галереягун гIелмияб идараги.

«РагIи» абураб номинациялда кIиабилеб шапакъат кьуна Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиевалъул «ТIаса рищарал асарал» абураб тIехьалъе. «Эффенди» абураб номинациялда – бищун лъикIаб таржамаялъухъ – призалъе мустахIикълъана Кабардино-Балкариялдаса Мария ва Виктор Котляровазул басмахана. Гьез кабардаязул ва балкаразул мацIазде таржама гьабун буго «ГьитIинав принц» абураб Антуан Сент-Экзюперил тIехь.

Лъималазегун гIолилазе хъвараб бищун лъикIаб тIехьлъун рикIкIана «Редкая птица» басмаханаялда (Москва) къватIибе бачIараб «Лилли и Макс в бабушкином мире» Кайтлин Арсил тIехь. «Суратаз къачIараб бищун лъикIаб тIехь» номинациялда бергьана «ИР» басмаханаялда (Владикавказ) бахъараб Б. Андиевасул «Осетинский орнамент» абураб тIехь. «Эпохаялда» (МахIачхъала) бахъараб Расул ХIамзатовасул щуго тIехь рикIкIана бищун лъикIаб тIахьазул сериялъун.

«Тарки-Тау 2023» фестивалалъул Гран-при кьуна машгьурав альпинист ва фотограф Иван Козорезовасул «Дагестан. Страна гор» абураб альбомалъе.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# МугІрузул улкаялъул гІорхъабиги рахун...

**9-11 октябралда Дагъистаналъул гІелмиял цІех-рехазул федералияб централда (ДФИЦ) тІобитІана Расул ХІамзатовасул 100-сонилаб юбилеялъул хІурматалда гІуцІараб гІелмияб дандеруссин. Гьеб гІуцІана ДФИЦалъул МацІалъулги, адабияталъулги ва искусствоялъулги институталъ. Гьелда гІахьаллъана Россиялъул регионаздасаги къватІисел улкабаздасаги (Сирия, Узбекистан, Азербайжан, Турция, Армения, Грузия) гІалимзаби.**

**Дандеруссиналъул гІахьалчагІазде хитІаб гьабуна РАНалъул ДФИЦалъул директор Ахъай Муртазаевасги ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Елена Павлюченкоцаги.**

**«Расул ХІамзатовасул ирсги XX гІасруги» абураб темаялда кІалъай гьабуна ИЯЛИялъул директор, филологиял гІелмабазул доктор Абусупян Акамовас. «Цо хІалалда чІолареб, хисардулеб гьаб дунялалда Расул ХІамзатовасул кидагосеб къучІлъун букІана гІагараб ракь. Гьелъ кумек гьабулеб букІана шагІирасе – кучІдул хъвалаго, сардал рорчІулелъулги, тІадегІанал ассамблеязул трибунабазде къокъунагоги, ахиратalде гьудулзаби тІоритІулелъулги, унтаразул ва мискиназул ракІ батулелъулги. Кибго ва тІолабго гІумруялъ цІунана гьес Дагъистаналъе ритІухълъи, амма гьесул ракІги ишалги, тІалабги лъикІал пишабиги киданиги къан хутІичІо МугІрузул улкаялъул гІорхъабазулъ», - ин бицана гьес.**

**Гьебго институталъул адабияталъул отделалъул нухмалъулев, филологиял гІелмабазул доктор АхІмад МуртазагІалиевас бицана шагІирасул гьунаралъе къучІлъун ккарал пагьмуялъул иццазул хІакъалъулъ. Гьес ракІалде щвезаруна революциялда цересел магІарул шагІирзаби ва абуна Расулил творчествоялъе кІудияб асар гьабунила ХъахІабросулъа МахІмудил гьунаралъин абун. Амма ХІамзатов-шагІирасул учительлъун кидаго букІана халкъияб шигІруянги бицана гьес.**

## Инсул гьунар жеги гІатІид гьабуна

Дандеруссиналъул гІахьалчагІазе лъикІаб асар гьабуна В.И. Абаевасул цІаралда бугеб Севериял Осетиялъул Гуманитариялгун социалиял цІех-рехазул институталъул гІалимчІужу, филологиял гІелмабазул доктор Диана Сокаевалъул кІалъаялъ. Гьелъ бицана Расул ХІамзатовасул «Дир Дагъистан» тІехьалда рагьараб шагІирасул инсул сипаталъул хІакъалъулъ. *«Расул ХІамзатовасул творчествоялде кІудияб тІадецуй гьабуна инсул гьунаралъ, амма васас жеги гІатІид гьабуна инсул гьунарги гьаб дунялалде букІараб досул бербалагьиги»*, - ян абуна гьелъ. *кІицІул кьвагьанилан абун. ЦоцІул мокърукье кьвагьана, кІиабизе – гІодочІарбидехун. Гьелдалъун цебеккунго чІезабуна шагІирасулги инсанасулги гІумруялда кІудияб кІвар бугеб кІиго рахъ: зодобе кьвагьараб – магІарул чиясе чара гьечІеб Аллагьасде божильи, ракьулъе кьвагьараб – тІолабго дунялалъул жавабчилъи тІаде боси. Расулица гьадинаб баян кьолеб буго туманкІ кьвагьиялъе: мугІрузул тІогьазда бусен лъурал цІумазда лъазабизе ккола цоги цІум дунялалде бачІараблъи, Дагъистаналда цІумазул къадар цІикІкІараблъи.*

*ТуманкІ кьвагьанилан цІум вахъунаро, ай гІумруялда цІумлъун вукІине ккани, хІаракат бахъизе кколаан абулеб буго Р. ХІамзатовас.*




Д. Сокаевалъ ракІалде щвезабуна Кавказалъул халкъазе хасиятаб гІадатги. *«Вас гьавураб мехалда гІадат буго туманкІ кьвагьулеб. Расулица «Дир Дагъистаналда» хъвалеб буго, жив гьавураб мехалда туманкІ* *Гьелдалъун бихьулеб буго инсудаги, халкъалдаги, тІолабго дунялалдаги цебе жинда тІад бугеб жавабчилъи шагІирасда бичІчІулеблъи»*, - ян бицана гІалимчІужуялъ.

ТІехьалъул хІакъалъулъ бицунаго, Д. Сокаевалъ кІвар буссинабуна шагІирасе кьураб цІаралдеги. *«КІиго жо буго магІарул чиясе даим цІунизе кколеб, ай жинда тІад чІегІераб тІанкІ лъунгутІизе хІаракат бахъизе кколеб – тІагъурги цІарги. ШагІирасда лъун букІана МухІамадрасул абураб цІар. Амма гьев машгьурлъана Расулин абун. Кавказалъул халкъазул буго хасаб цІар кьеялъул гІадат. Тухумалъул умумузул цІар кьолаан цІигьарурал лъималазе. Расулида цере гьарурал лъималазда умумузул цІаралги лъун, кинаб цІар лъезе лъаларого вугев ХІамзатица гІакълу дандбала росдал кІудиялгун. Ва гьезул цояс васасда лъола Расул абураб цІар. Гьеб мехалда, дида ракІалде ккола, гьесда сверухъ ракІарарал лъикІал малаикзабаз цебеккунго чІезабуна Расул ХІамзатовасул къисмат. Ва гьарана, гІумруялда дандчІвалел захІмалъабазе къуркьичІого, гІакъилал умумузул нухги ккун, цевехун униелъун лъугьагиян абун»*, - ан бицана гьелъ.

## РакІалдещвеязул карачел

«ХІакъикъаталъул» бетІерав редакторасул заместитель **Зикрула Ильясовас** бицана Расул ХІамзатовасулгун букІараб гьудуллъиялъул хІакъалъулъ. *«ДРялъул Миллияб политикаялъулгун диниял ишазул министерствоялда мадугьалихъ гІумру гьабулев вукІиналъ, Расул ХІамзатов гІемер щолаан нижехъе. Дунги, гьалбалги рачун, унаан гьесухъе рокъове. 2001 соналда, къватІисел улкабаздаса рачІарал журналистазул гьариялда рекъон, гьелги рачун дун ана Расулихъе. «Юманите» абураб Италиялъул газеталъул мухбиралъ гьесда гьикъана, чІужуялъе хилиплъанищ мунилан абун. «Дие кидаго йокьулаан* *кІиго чІужугІадан. Гьезул цояй ккола ПатІимат, кІиабилей – хутІарал киналго руччаби. ПатІиматие дун цо-цониги хилиплъулаан, амма хутІаразе – киданиги!»*, - ян жаваб кьуна кІудияв шагІирас», - ан бицана З. Ильясовас.

Расул ХІамзатовасул хІакъалъулъ ракІалдещвеял загьир гьаруна Египеталъул жамгІияв хІаракатчи, гІарабазул хъвадарухъан ва таржамачи **АхІмад ал-Хамисица**. *«Цо нухалда дун вукІана Москваялда, Расулихъ гьоболлъухъ. Ниж рукІана богорокъор гІодор чІун ва Расулица балагьулеб букІана кинабалиго тІамач. Гьелда тІад хъвараб кечІ дие цІализе бокьун букІана гьесие. Кинго тІамачги батичІого, Расулица ПатІиматида гьикъана, гьаниб букІараб тІамач кибе арабан абун. Гьелъ абуна: «Расул, дица жиб-жиб рокъоб лъун буго дуе хъвадаризе тетрадь. Дуцайин абуни, цебе батараб кагътида хъвала кучІдул»*, - ан. *Гьев вуцІцІана, жавабалъе щиб абилебали лъаларого. Циндаго гьесул гьурмада гьими гвангьана ва вохун абуна: «Дуца больницаялда гьайизе кколаан нилъерго яс, амма гьаюна рокъой. Дунги, ккoлеб бакІалда гурев, диего рекъонкколеб, ай кечІ чвахун бачІараб, бакІалда хъвадарула»*, - ян ва кІарун велъана.

ХІамзатов чІаго вугебгІан мехалъ, дир ракІ парахатго букІана: дида лъалаан унго-унгояб лъикІлъи дунялалда бугеблъи. Рес букІарабани, дица жакъа, къвалги бан, баркилаан гьесда нусго сон тІубай ва баркала кьелаан тІолго инсаниятальe сайгъат гьабураб тІадегІанаб поэзиялъухъ», - ан бицана гьес.

Расулил хІакъалъулъ ракІалдещвеял рицана Дагъистаналъул Руччабазул союзалъул председатель Интизар Мамутаевалъ, ДРялъул Художниказул союзалъул председатель КъурбангІали МухІамадовас, ДРялъул мустахІикъав композитор Хан Башировас, «Дагъистан» басмаханаялъул директор ГІумаргІусман ХІажиевас.

«Расул ХІамзатовасулгун дир лъай-хъвай гьабуна машгьурав композитор Ян Френкелица. Гьебмехалда Расулица абуна Музыкаялъул хан – рокьул Башир гурищ гьавилан. Гьелдаса нахъе нижер ккана щулияб гьудуллъи.

1986 соналъул анлъабилеб августалда ГъунИб рагьулеб букІана «Къункърабазе» памятник. Гьениб «Къункъраби» кечІ ахІана дицаги магІарул кочІохъан МухІамад ГІумаровасги. Рояль хъвалеб букІана Я. Френкелица. Гьеб программа бихьизабуна тІолгосоюзалъул телевидениялда. Передача бахъулаго, машгьурай тележурналист Нинель Шагьовалъ, М. ГІумаровас ахІулеб кечІ рагІарабго, абуна: «КІиабилев Марк Бернес!» - ан. Дица жакъаги цІунун руго доб кочІол нотаби хъвараб ва Расулицаги Френкелица тІад гъулбасал гьаруараб тетрадь», - ан бицана Х. Башировас.

Дандеруссин халалъана лъабго къоялъ. ГІалимзабаз бицана Расул ХІамзатовасул асаразда тІасан гьарурал гІелмиял цІех-рехазулги, шигІрабазулъ дандчІвалел сипатазул бечелъиялъулги, мацІалъул камиллъиялъулги, тематикияб гІатІилъиялъулги хІакъалъулъ. Дандеруссиналъул гІахьалчагІазе сайгъат гьабуна «Творчество Расула Гамзатова и актуальные проблемы теории и истории современной художественной культуры» абураб макъалабазул мажмугІги. РакІалдо буго гьелда ругел цо-цо макъалаби газеталда рахъизеги.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Умумузул мисалалъ куцарал бахIарзазул хIурматалда

**Гьал къоязда ЛъаратIа районалъул ЛъаратIа росулъ тIобитIана эркенаб гугариялъул турнир. Гьеб гIуцIун букIана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи ГIали ГIумаровасулги рагъулаб борч тIубазабулаго, рагъда чIварал СВОялъул гIахьалчагIазулги хIурматалда.**

Турниралъул тIолалго тадбирал тIаде росана ва гIаммаб нухмалъи гьабуна Гъизляр шагьаралъул депутатазул собраниялъул депутат, «Цогояб Россия» партиялъул вакил Мурад ГIалиевас. «Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас кIудияб кIвар кьолеб буго нилъер ракьцоязул – СВОялъул гIахьалчагIазул къадру цIуниялде, гьезул щивасул цIар даимлъизабиялде. Росабалъгун шагьаразда, Украинаялда рагъулаб хъулухъ гьабурал бахIарзазул хъизамазе сундулъго кумек гьабулеб буго ва гьез гIумру гьабулел рукIарал минабазда чIвалел руго мемориалиял хъарщал. Гьезул цIарал кьолел руго школазегун къватIазе. Нилъер районалдаса 18 рагъухъан вачIана, къалда бахIарчиго вагъулаго, ватIаналъе гIоло гIумруги кьун. Гьел даим хутIизе руго нилъер ракIазулъ», - ан бицана Мурад ГIалиевас турнир рагъулаго.

Турниралда гIахьаллъана Суракъат Асиятиловасул цIаралда бугеб Шамил районалъул ва МухIамад КъурбангIалиевасул цIаралда бугеб БежтIа участокалъул спортивиял школазул 2008-2014 соназда гьарурал цIалдохъаби-спортсменал. Кинавниги вукIана 160 чи. Гьел, цIайиялъухъ балагьун, рикьана микьго категориялде. 21 гугарухъанасе щвана призалъулаб бакI. Гьезие кьуна турниралъул логотип тIад бахъарал футболкабиги, грамотабиги, кубокалги ва къиматал сайгъаталги. Гьеб кинабго хIадурун букIана Мурад ГIалиевасги гьесда цадахъ турниралде рачIарал депутатазги. Турниралда бергьарал спортсменазе сайгъатал росиялъе кумек гьабуна КЭМЗалъул исполнительнияв директор АхIматI АхIматIовасги, Гъизляр районалъул администрациялъги ва «ЭКО-СТРОЙ» абураб ралел бакIазул компаниялъул генералияв директор Шамил ГIалиевасги.



Турниралъул ахиралда гьелъие квербакъарал депутатазеги спонсоразеги Баркалаялъул кагътал кьуна ЛъаратIа районалъул бетIер МухIамад ГIабдуллаевас. «Дагъис-тан ккола нилъер кIудияб улкаги гIагараб ракьги дунялалдаго машгьурлъизабурал спортсменазул ва-тIан. Гьеб къадруяб цIар цIунизе нужее къуватги, яхIги, сахлъиги кьеги!» – ян хитIаб гьабуна гьес спортсменазде.

СВОялда хварав 18 ракьцоясул хъизамалъе, хас гьабун хIадурараб конверталда жанибги лъун, гIарцул кумек гьабуна Шамил ГIалиевас.

Турниралъул гIахьалчагIазе салам кьун кIалъана районалъул къадруял гIадамалги, спортсменал-ветераналги. Масала, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиясул вас, жамгIияв хIаракатчи ГIалибег ГIалиевас абуна, гьадинаб тадбиралъ кумек гьабулин умумуздаги жакъасеб гIелалдаги гьоркьосел бухьенал камил гьаризе. «КIудияб ВатIанияб рагъда бахIарчиго рагъарал нилъер умумузул мисалалда куцарал наслаби гьанже жакъа Украинаялда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда жидеда тIадаб борч тIубазабулел. Нилъедаги тIадаб буго гьезул хъизамазул тIалаб гьабизе», - ян бицана гьес.

Турнир лъугьана спорталде гуреби, ватIаналдеги рокьи куцалеб, умумуздасаги жакъасел бахIарзаздасаги чIухIизе тIамулеб ва сахлъи цIуниялъе квербакъулеб тадбирлъун.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# КъуртIасезул авал берцин гьабураб Аллагьасул рукъ

## Гьонодисезул авал мажгиталъ нахъа тараб рухIияб тарих

**Гьал къоязда Гъуниб районалъул Гьонода рагьана, цIигьабун къачIараб, росулъ тIоцебе бан букIараб мажгит. Гунашханица росдае кьучI лъун хадуб, КъуртIа авалалда букIараб, 287 сон бараб мажгит ккола гьеб. Росдал жамагIаталъул квербакъиялдалъун, исана ихдал цIидасан къачIазе квер бана гьелда. Ва гьале, анлъго моцIида жаниб киналго хIалтIабиги рагIалде рахъун, РабигIул авал моцI лъугIилалде, узданаб, берцинаб, киналго санагIалъабиги ругеб авал мажгиталъ жиндирго нуцIби рагьана росуцоязе.**





Гьонода росдал тарих байбихьула XVII гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялдаса хадуб. Биценалда рекъон, гьелъие тIоцебе кьучI лъун буго Сурхайханил васазул цояв Гунашханица. Эменги хун хутIарав лъабго вацасда гьоркьоб можоро бахъун буго бергьарас хадубккун гIумру гьабизе жиндиего санагIатаб бакI тIаса бищизе. Можороялъе бищун бергьарав Гунашица тIаса бищула Гьонода. ГIага-шагарго гьеб ккола 1672 сон. Гунаш гьениве вахъинегIанги росулъ яшав гьабун чи вукIанилан бицен буго. Бидвиххун вачIарав Гичи букIун буго гьесда цIарги.

Гунаш Гьоноде вачIун хадуб тIоцебе гьес мина бараб бакI ккола росдал КъуртIа авал. Жакъаги гьениб буго тIоцебе гьев жанив гIумру гьабун вукIараб мина. Гьениб аскIобго бан буго гьес кьучIги тIамун, росулъ тIоцебе бараб мажгитги. Росдал гIадамаз бицухъе исана гьеб мажгит баралда тIубалеб буго 287 сон.

Совет хIукумат бергьун хадуб, цогидал росабалъго гIадин, гIемерисел мажгитал къараб мехалъ, гьелъулги къисмат гьединаб ккана. Хадуб росуги кIодолъараб, гIадамалги цIикIкIараб мехалъ росдал аслияб мажгит бахъана цIияб бакIалде. КъуртIа авалалда букIараб мажгит биххун тIатIала ккана. Гьелъул хутIана чIвадхал.

Исана гьеб (КъуртIасезул авт.) авалалда рукIарал гIадамазул ният ккана мажгит цIигьабизе. Росулъ ругел къадал устарзабиги тIаделъун эхетана гьелъул къадал. Гьенир хIалтIаби гьарулаго, батана мажгиталъул тарих тIад хъвараб, гIажам хатIалъул хъвай-хъвагIай. Гьебги къадалъ рекъезабуна.

Ихдал квербараб хIалтIи гьоркьоб къотIизе течIо гьениб. ЖамагIаталъ гвайги бан, гьабуна гIемерисеб хIалтIи.

- Жакъа росулъ букIана кIиго рохалилаб тадбир. Нилъеца кIодо гьабуна салам лъеяв МухIаммад аварag жанив гьавураб кIудияб моцIги. Гьединго рагьана, росулъ тIоцебе бан букIараб, 287 сон бараб мажгитги.

КIудияб тарих нахъа тараб гьеб мажгиталъул къадаз рес букIарабани, гIемераб жо бицинаан нилъеда. Чанго баракатал чагIаз, гIелмуялъул гъварилъиги бичIчIарал, исламалъул нур гьурмада гвангъарал, чIахIиял умумуцаги как бан батила гьениб. Росуги кIодолъулеб букIун, КъуртIеги нахъеги хьвадизе гьезие санагIалъи гьечIолъиялда бан, росу бакьулъ бан буго хадуб мажгит. Гьанже гьаб букIина къуртIасезе авал мажгитлъун. Аллагьас гьанибе гIарцудалъун батаниги, захIматалдалъун батаниги, кврбакъанщиназул кинабго лъикIаб гIамал Аллагьас азариде бахинабеги.

Мажгиталда абула Аллагьасул рукъилан. Гьеб кидаго малаикзабазул нуралъ цIун букIунин абула. Мажгит берцин гьабула гьенире рачIунел гIадамаз. Гьанире рачIунезул къадар, цIикIкIун гурони, дагьлъугеги. ЖамагIаталъул каказ берцин гьабураб, жаниб бачунеб зикруялъул гьаракьалъ авалго ракIгьезабураб батаги цIияб мажгит, - ин абуна «ХIакъикаталъе» Гьонода росдал имам Даку-хIажица.

Бакъаникакдаса хадуб мавлидги ахIун кIодо гьабуна гьонодисез цIияб авал мажгит рагьулеб къо. Гьениса къватIибе рагIулеб зикруялъул гьаракь тIибитIун букIана росдада тIад. ТIаде рачIарал гьалбадерие хIадурун букIана тIагIамаб квентIехги.

ЧIахIиял гIалимзабаз бицуна ракьалда цIияб мажгит рагьун хадуб, зодоса балагьидал, гьел цIияб цIвалъун кунчIулин абун. Гьединго кунчIун батаги гьаб гьитIинабго мажгитги.

*Ашахан ЮСУПОВ*

# Миллионалдасаги цIикIкIун турист вачIана

## «Рагьараб Дагъистан»

14 октябралда сагIат анцIгоялда, «Анжи-аренаялда» тIобитIизе буго «Рагьараб Дагъистан» абураб туристазулаб форум. Гьелъул аслияб масъала буго туризм цебетIеялъе батIи-батIиял рахъал ралагьи, рихьизари.

Гьалбадерие букIине буго лъикIаб программа - халкъиял художествиял промыслабазул мастер-класс, туризмалъул рахъ бихьизабулеб выставка, росдал магIишаталъул нигIматазул ярмарка ва цогидабги.

Туризмалъул бичIчIи-лъай бугез бицине буго СКФОялъул регионазул отелазда, гостиницабазда, гьалбадерил рукъзабахъ шартIал чIезариялъул хIакъалъулъ.

Форумалда бихьизабизе буго концертги.

## Дагъистан-рекордсмен

Исана туристал къабул гьариялъул рахъалъ Дагъистаналъ чIчIел босанин абизе бегьула. НекIсиял шагьаралгун росабиги, берци-берцинал мугIрулгун щобалги, гIоралгун ралъадги ругеб нилъер ракь гьалбадерие рекIее гIолеб буго.



Туризмалъул хIакъалъулъ исана гIезегIан хъвана, бицана. Бихьизабуна Дагъистаналъул берцинлъиги гIадаталгун гIамалги Россиялъул батIи-батIиял телеканалаздасанги. Гьедин букIиналъги батила, нилъер республикаялде рачIунел туристазул къадар къойидаса къойиде цIикIкIунеб бугеб.

Минтуризмалъул баяназда рекъон, араб ичIго моцIалда жаниб миллионалдаса цIикIкIун турист вачIун вуго нилъехъе. Араб соналъул гьабго заманалда дандеккун, гьеб 15 проценталь цIикIкIун буго. Гьединго 15 проценталь цIикIкIун буго самолетазда рачIунезул къадарги.

Дагъстаталъул баяназда рекъон, туризмалъул квербакъиялдалъун ункъо миллиардалдаса цIикIкIун гъурущ щун буго республикаялъе 2023 соналъул январь-июнь моцIазда. Гьебги, араб соналда дандеккун, 19 проценталь цIикIкIун буго. Туристал рачIиналъул, гьезул Дагъистаналде бугеб бербалагьиялъул хIисаб гьабуни, тIасиял сонаэда дагьабги цIикIкIина республикаялде рачIунел гьалбадерил къадар.

## ШартIал чIезарулел руго

Жакъа нилъер республикаялда хIалтIулев вуго 47 туроператор, 76 турагентство, 89 аттестация гьабурав экскурсовод-гид.

Туристал рачIиналдаса разиял, гьездаса пайда бахарал гIадамал гIезегIан руго республикаялда. Руго гьеб иш рекIее гIоларелги.

Туристал рачIиналдалъун байбихьана республикаялда тIабигIиял памятникалги, гьезда све-



рухъ бакIалги, ралъдал рагIалги, къватIалгун нухалги къачIазе.

ГIемер рикIкIаде инчIого балагьизе бегьула МахIачхъалаялъул редукторазул поселокалда ралъдал рагIалда гьабулеб бугебщинаб хIалтIухъ. Рилълъине нух, велосипед, коляскаялъе нух, чанго батIияб кьераб гамачI бекьун, цIулал кьо гьабун берцинго къачIалеб бугеб гьениб сверухъ мухъ.

Щуго-анлъго яги анцIго соналъ цебеги кин рукIарал Дербент шагьар, Хунзахъ бугеб Тобот чвахукьбакIалъул, МочIохъ хIоралъул сверухъ бакIал. Лъица кIвар кьолеб букIараб, кин рукIарал нилъехъ ругел тарихиял памятникал, тIабигIаталъул хIикматал бакIал?

Араб соналде дандеккунцин, Хунзахъ районалда гьабун бугебщинаб хIалтIи. Киса-кибего гIадамал балагьизе рачIунебщинаб бакIалда сверун ккун буго чали, гьабун буго хIухьбахьиялъул майдан. Жеги гьабулеб, къачIалеб буго гьениб сверухъ бакI.

МочIохъ хIоралда сверун бакIалъухъ балагье. Лъеда тIад катамаранал, квадроциклал, мотоциклал, чуял - камураб жо гьечIо гьениб рекIелгъеялъе.

Рохизе бачIуна, туристал багьанаде ккун гьабуниги, гьезул гIарзал рагIун ратаниги, жалго лъикIал лъугьун гьабулеб батаниги, рацIцIалъиги шартIалги чIезарулеб мехалда.

Цо-цо нилъехъе рачIарал гьалбадерица хъвараб цIалидал бихьулеб буго, нилъер республикаялде гьабулеб сапар гьезие нусазарго гъурщидасаги тIаде бахунеб букIин. Гьединаб къадаралда гIарацги харж гьабизе кколеб бугони, шартIалги гьечIони, гIарзахъдунилан гьездаги гIайиб гьечIо.

Цо нухалда нилъехъе щварав чи, нахъеги тIадвуссун вачIинги лъикIаб гIаламат буго. Щуабилеб нух бугин жий Дагъистаналде ячIунейин абуна нижеда Хунзахъ ятарай гIолохъанай ясалъ. Жиндие рокьулила мугIрул, щобал, нилъер тIабигIат. Цоги бакIалде инегIан, жинца Дагъистанго тIаса бищулила.

## Гуржиялъе сапар

Киналъулго лъикIлъи-квешлъи нилъеда лъала дандекквеяздалъун.

Нилъерго ракьалъул берцинлъи, гIадамазул лъикIлъи лъазе ккани (яги гьелъул гIаксалда), сапар гьабизе ккола цогидал республикабаздегун улкабазде.

4-5 соналъ цебе букIарабги жакъасебги Грузия дандеккуни, дида гьеб бихьана дагьабго хисараблъун. ТIабигIаталъухъ, сверухъ мухъалъухъ, шагьаралъухъ балагьун, гьеб дагьабги берцинлъун, цебетIун буго. Амма нилъер ракьалдехун, улкаялдехун бугеб бербалагьи хисун буго. Хиралъун буго гьенибги кинабго хIажатабщинаб нилъерго гьаниб гIадин. РетIел босаниги, дараби, нигIматал росаниги - нилъее гьениса босизе цIакъ хираго чIолеб буго. Гьезул цо лари нилъер 38 гъурщиде хисула. Цо лариялъухъ гьитIинабго чед щола, жамгIияб транспорталда рекIине бегьула, амма кIиго литр жанибе унеб лъел шиша щоларо.

Нилъее гуребги, гьезие жидеегоги хираго чIолеб буго гьабсагIаталда гьениб гIумру. Украинаялда хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса нахъе кинабго хиралъанин бицана нижее цадахъ ккараз. Харжалги багьабиги дандеккуни - расги лъикIаб хIал гьечIин абуна гьез. Гъурщазде буссинабуни, гьоркьохъеб щолеб харж 38-40 азарго гъурущ бугила жидерги.

Нилъер гьанибго гIадин хиралъун буго гьениб цIатариги, минабиги, къайи-къоноги.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***





# Москваялдаса гIурусай гIиял рехъада

**Сундулъго, бокьараб хIалтIулъ руго жидее хаслъи бугел бигьалъаби ва захIмалъаби. ТIадаб куцалда гьабулеб бугони, масъалаби камураб, рахIаталда рукIун тIубалеб хIалтIи кибниги бати щакаб жо буго. Амма киналго рахъазул хIисаб гьабун (гьава-бакъалъухъ балагьичIого гьабизе ккей, гIодоркъоял – байрамкъоял гьечIолъи, мукъсанаб мухь, гьединалго шартIал ва гь.ц.) вехьасул гIадин захIматаб хIалтIиги гIемер батилин кколаро дида. Бокьа-бокьарав бихьинчияс гьабун бажарулеб хIалтIи гьеб гуро. ЦIакъго къанагIат гурони дандчIваларо чIужугIаданалъ вехьасул тIил кодобе босиялъул хIужаби.**



Гьединазул цояй ккола Гъуниб районалъул «Сугъралъ» Агрофирмаялъул 9-абилеб бригадаялъул вехь, Москва областалъул Химки шагьаралдаса бухгалтер-экономист, гIемерал соназ ралел бакIазул, дармил фирмабазда хIалтIарай 45 сон барай Наталья Янкова.

Гьелъулгун буго нижер жакъасеб гара-чIвари.

**- Наталья, цеехун щун йикIанищ мун Дагъистаналде?**

- ХIухьбахъиялъе кIиго лъагIелалъ цее щун йикIана Дербенталде, бана гьениб цо анкь. ГIемерал соназ сахлъиялъул рахъалъ дир рукIана гIунгутIаби, дие цIакъ захIмалъулаан хIухьел цIазе, дагьабниги хIал ккани, дун чIун хутIулаан. Дербенталда бараб анкьида жаний дун тIуянго хисана, байбихьана бигьаго хьвадизе, кIвана эркенго хIухьел цIазе. Гьеб мехалъ дица диего рагIи кьуна кIиго лъагIелалдасан дун гочине йигин Дагъистаналде, гIумру гьабизе бугин гьанибин абун.

Гьоркьиса дун ячIана гьание цабигIусал къачIазе, нахъеги бана цо анкь.

**- Цаби къачIазе МахIачхъалаялда?**

- У, гьаниб гIемерго учуз чIола. Самолеталда гьание ячIине босараб билет, чIезе бакIалъухъ ва квинихъ кьураб гIарац, лъикIаб даражаялда ва хехаб хIалалда къачIарал цаби - гIаммаб куцалда босун гьеб кинабго дие чIана Москваялдаса лъабго нухалъ учуз. Гьелда цадахъго дир рес букIана тира-сверизе, МахIачхъалаялъухъ балагьизе ва лъикIаб хIалалда хIухьбахъи гьабизе. Гьеб киналъуго хIасилалда дие дагьабги цIикIкIун бокьана Дагъистан, дие гьаниса ине бокьун букIинчIо.

**- Исана ячIин кинха ккараб?**

- ГьабсагIаталда магIишаталъул гьаб бригадаялда вехьлъун хIалтIулев вугев Рамазан анлъго лъагIелалъ цеве гIумру гьабун вукIана Химки шагьаралда. Гьениб ккун букIана нижер лъай-хъвайги. Гьаниса дихъе гьес ритIун рачIунаан тIабигIаталъул, мугIрузул, гIибоцIул ва гь.ц. суратал. Гьоркьогоги Дагъистаналъухъ рокьи ккарай дун, гьезухъги балагьун кидадай ян абун йикIунаан. Кього кьоялъ вехьлъи гьабизе, гочунеб гIигун мугIрузде ине бокьиларищан гьес хьван бачIиндал, дица лъабго кьоялда жаниб кинабго бакIа-бахарана ва, самолеталдаги рекIун, дун щвана МахIачхъалаялде. Чанго кьо гьанибги бан, тIоцебесеб июналда ана Алмалоялде, хьутаналдаса гIи щвараб бакIалде ва гьелдаса нахъе йиго вехьлъун.

**- Кинабха букIараб тIоцебесеб асар?**

- Москваялда ругел нижеда кколаан нилъер пачалихъалда хурзал рекьуларин, ахал гIезаруларин, боцIи хьихьуларин, тукабаздегун базараздe киналго нигIматал къватIисел улкабаздаса рачIунин абун. Гьаниб дие рагьана цоги дуниял – тIегьалел ахал, бакIарулеб бачIин, гIиял рехъаби, гIурччинаб тIабигIат, рорхатал мугIрул ва гь.ц. Цебе чIана дунго гьитIинаб мех, Воронежалда аскIоб бугеб нижер росу, гIурччинаб хер, кIодоэбелалъул гIака… ГIиял белъараб гьан кванан хадуб гьелъул тIагIамалъ дир бетIер сверизабуна, гьелъие кьимат кьезе ккани, дие рагIаби гIезе гьечIо.

**- ХIалтIул захIмалъиялъ, гьечIел шартIаз, ячIинахъего нахъе лъутизе бокьичIищ дуе?**

- Дида лъалеб букIаралъул унеб бакI, дун ячIун йикIинчIо бигьаяб хIалтIудаги лъикIал шартIаздаги хадуй. Дое щварабго, дида кинабго мальъана, бицана бихьиназ, хIалбихьи бугел гIухьбуз, цояз кьуна хьитал, цогидаз вехьасе хIажатаб ретIел ва цоги хIажатаб. ТIабигIаталъул берцинлъиялъ дида лъазе толароан свак, церехун анагIан, мугIрузде гIагарлъанагIан цIикIкIунаан гьеб гьайбатаб, дида киданиги кIочене гьечIеб берцинлъи. Нухда нижеца (дун ва лъабго вехь-бихьинчи) бана 25 кьо, цIадал гIемер раниги, киданиги йиччичIо, якьун-кьечонги киданиги хутIичIо.

**- Квен лъица ва щиб хIадурулеб букIараб?**

- Гьеб кидаго хIадурулаан бихьиназ. Ралаан хинкIал, белъунаан гьан, гьагIугун цадахъ гьелде щвараб квен тIокIаб батиларин ккола дида. Нижер чIей бугеб авалалде щварабго (ЛъаратIа районалъул мугIрул) дицаги белъунаан гьан (хинкIал разе божилъи дие кинго щвечIо), гьабулаан гьабзазе квен.

> Нужер гьаниб буго тIабигIияб больница-курорт, амма гьеб гIемеразда лъалеб гьечIо, босулеб гьечIо гьелдаса пайда. Лъан хадуб цIакъго цIикIкIине буго гьанире рачIунезул къадар, дир гьелда кинабгIаги щаклъи гьечIо. Гьединал пикраби дир ботIролъ рукIунаан тIубараб къоялъ, амма гьел гIемерго хIалуцунаан къаси, хIалтIиги лъугIун, мохмохалда картошкаги бежун, гьекъон чайгун хабар-кIалалда ругеб заманалда.

**- Руго руччабазе хаслъи бугел гIаламатал, рацIцIалъи цIуниялъул суалал. Хасго нухда кин гьел дуца тIуралел рукIарал?**

- Лъим бугебщинаб бакIалда цIунизе кIола рацIцIалъи, тIурала цоги суалал. Дида бихьинал ричIчIулаан, гьезда дун йичIчIулаан, кинаб рахъ босаниги, букIинчIо кинабгIаги къварилъи.

**- МагIарухъ нужеца бана 3-гIан моцI. ЗахIмат гIемер бихьанищ, кин тIамулеб букIараб хIалтIудаса дагьаб эркенаб заман?**

- Радал сагIат анлъгоялда тIадеги рахъун, тIубараб къоялъ гьабизе жо камун рукIунароан, амма захIматабин абизесеб хIалтIи гьеб гуро. Дун хIикмалъизаюлаан тIабигIаталъ, - зодоре арал мугIрулкьураби, дурнабаздасан балагьун кьурабазда рихьулел бисал, расандулел гIиял. МугIруздасан чвахулел лъараздаса хьахIилал накIкIаз лъим «гьекъолеб» (дир пикрабаз-хиялаз бицунеб сипат) бихьидал, дун гьакIкIан кIалгун хутIана – кида ва киб дида тIокIаб бихьизе бугеб гьадинаб берцинлъи? Цо-цо мехалъ дида кколаан дун макьилъ ятилин, гьаб жо маргьа батилин абун. ХIухьел цIазе бугеб захIмалъиялъ холей йикIунаан дун Москваялда, гьедин ана микьго лъагIел, гьаниб дида гьеб кIочана. Дун хьвадулей гуро, йоржуней йикIана гьал мугIрузда. Нужер гьаниб буго тIабигIияб больница-курорт, амма гьеб гIемеразда лъалеб гьечIо, босулеб гьечIо гьелдаса пайда. Лъан хадуб цIакъго цIикIкIине буго гьанире рачIунезул къадар, дир гьелда кинабгIаги щаклъи гьечIо. Гьединал пикраби дир ботIролъ рукIунаан тIубараб къоялъ, амма гьел гIемерго хIалуцунаан къаси, хIалтIиги лъугIун, мохмохалда картошкаги бежун, гьекъон чайгун хабар-кIалалда ругеб заманалда. БакIарун магIишатгун гIодоблъиялде гочине нижеца байбихьана 10 сентябралда, нухда 21 кьоги бан щвана хьутаналде.

**- Ихдал мугIруздехунищ захIмат букIараб, хасало гIодоблъиялдехунищ?**

- ЦIадал гIемер ран гьава-бакъалъул рахъалъ ихдал букIана дагьаб захIматго. ГIодоблъиялде гIемерго бигьа рачIана. Ниж мугIрузда рукIаго, лъоба бана гIазу, гьединлъидал абизе бегьула хасалихъа риидалиде щванин абун.

**- Кинаб дандчIвайха нужее хьутаналда гьабураб?**

- Доба буго гIадатияб, гьабулеб хIалтIуда рекъараб ахIвал-хIал, гIадамалги руго гьединго, руччаби боцIул хьулухъ тIубан, бихьинал гIияда. Мекьи йикIинаро кинабго бугин гIодобе биччараб, парахатаб хIалалда абуни.

**- Гьаб дагьаб заманалда жаниб магIарул мацIалъулгун дагьабниги гьудуллъи кканищ дур?**

- АскIор ругел магIарул мацIалда кIалъалаго, дир букIунаан аскIосан лъар чвахулеб бугеб гIадинаб хIисаб, пикраби унаан мугIрузул рагIаллъабазде. РакIалда чIезе, гьел абизе дагьаб захIмат бугониги, лъана чанго магIарул рагIиги – мохмох, баркала, хIама, куй…

**- ХIалтIул материалияб рахъ мун разияб кканищ?**

- Дун цIикIкIарал тIалабал ругей, гьурщида хадуй лъугьарай гIадан гуро. Дун йикIана хIалтIуда, гьелда цадахъго щвана лъикIаб хIухьбахъи, щула гьабуна сахлъи, бихьана гIемераб бакI. Дие гьеб кинабго гIунги тIокI буго.

**- Киналха ругел дур хадусел планал?**

- МухIканго лъала цо жо – киениги ине дида ракIалда гьечIо, лъабгоункьо соналъ дун йикIина Дагъистаналда. Вехьлъунищ ялъуни цоги хIалтIудайищ, абизе кIоларо, балагьила.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

# Лъимал чидар рукIунаро

**Дагъалъ цере Дагъистаналъул вакилзабаз сапар гьабуна Украинаялде. Гьезда гьоркьой йикIана Лаваша районалъул Чуни росулъа Исманият МухIамадова. Гьей ккола «Дир Дагъистан» абураб къокъаялъул гIуцIарухъанги, Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда цебе гIуцIараб Лъай кьеялъулгун экологиялъул клубалъул нухмалъулейги, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдулвахIид Лабазановасул кумекчIужуги.**



ХIадурулел руго лъималазе сайгъатал

*«Дида бицана Украинаялъул Мелитополь шагьаралда гIагарлъухъ бугеб Веселое абураб шагьаралъул тайпаялъул поселокалъул №43 школалъе кумек хIажат бугин абун. Гьеб школа цIигьабун бана дагъистанияз. Гьенив учительлъун хIалтIулев вуго Рутул районалдаса Борис Рамазанов. Гьев гьенив ун вуго учительлъун хIалтIизе, хъизанги лъабго лъимерги бачун. Гьелде тIадеги, гьес кьола учительзабазе дарсалги – дозул лъай гIемерго нахъе ккунги батун. Гьеле гьев Борисица ахIи бачIана, цIияб цIалул соналде жиндир цIалдохъабазе кумеки гьарун»,* - ан бицана Исманиятица.

Исманиятица лъазабуна «Лъимал чидар рукIунаро» абураб акция. Гьелъул рахъккуна депутат ГIабдулвахIид Лабазановасги. Гьез лъале-хъвалездагун гIага-божаразда бицун, хабар хехго тIибитIана. Республикаялъул батIи-батIиял школазул цIалдохъабазги жамгIиял идарабазги жигараб гIахьаллъи гьабуна акциялда. Лъабго къоялда жаниб бакIарана КамАЗ цIураб къайи. Гьелда букIана школлъималазе хIажатаб къайиги (тетрадал, ручкаби ва гь.ц.), кванил нигIматалги, конфеталгун печеньябиги, хIатта гьекъолеб лъимгицин.

Гьеб ишалда Исманиятие кумекалъе рахъана «Баракат» ательеялъул директор, «Шьем для своих» къокъаялъул нухмалъулей Умижат ХириясулмухIамадова, тохтур реаниматолог-анестезиолог Наида Кунбутаева, Республикаялъул централияб больницаялъул инспектор Радмила Кагьриманова, МахIачхъалаялдаса предприниматель Румина Юсупова. Гьел киналго цадахъ ана Украинаялдеги – цIалдохъабазеги нилъер аскариязухъеги сайгъатал щвезаризе.


Исманиятги Умужатги №43 школалъул хIалтIухъабигун

*«Бищун цебе нижер ахIиялъе жаваб кьуна дирго росдал гьоркьохъеб школалъул директор Напизат Мусаевалъ – акция лъазабураб къоялъул сардилъ ячIана гьей цIалдохъабаз данде гьабураб къайиги босун.*

*Гумбет районалъул бетIер ГьалипГьалиповасги, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIасан ГIалихIажиевасги, депутатасул кумекчIужу Аминат ИсламгIалиевалъги хехал тадбирал гьаруна гуманитарияб кумек бакIариялъулъ районцоял гIахьал гьариялъе. Гьев живго вачIана къайиги босун нижехъе.*

*Фазу ГIалиевалъул цIаралда бугеб МахIачхъалаялъул №61 гьоркьохъеб школалъул директорасул квербакъиялдалъун, ракIарана кванил нигIматал гуребги, солдатазухъе хъварал кагъталги. Гьел кагътаз солдатал рохизарулел рукIараб куцха! Веселое поселокалъул цIалдохъабазухъеги хъван рукIана кагътал нильер лъималаз. Гьез бицунеб букIана нилъер ватIаналъул хIакъалъулъ. Гьез гьоболлъухъе ахIулел ругоан Веселоеялъул цIалдохъаби.*

*КIудияб баркала буго нижее кумек гьабураб Гьизилюрт районалъе. Гьениб гIемераб хIалтIи гьабуна депутатасул кумекчи Идрис Идрисовас»,* - ан бицана Исманиятица.

*«Гуманитарияб кумек бакIариялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна МелъелтIа, Килаль, ЛъаратIа ва цогидал росабазул школазул цIалдохъабаз. Кумек гьабуна Килалъ росдал лъималазул ахалъул нухмалъулей Курсанат Султановалъги. Кутакалда ракIбохизабуна районалъул бетIерас гьединаб гIахьаллъи гьабиялъ.*

*Гьединабго кумек бачIана Ахти районалдасаги. Къокъго абуни, районазда ругел волонтеразулги «Движение первых» абураб гIуцIиялъулги вакилзабаз кIудияб хIалтIи гьабуна. Гьеб тадбиралъ бихьизабуна, депутат хIисабалда дир кумекчагIилъун тIаса рищарал ракьцоял жигарал, тIадкъай тIубазе хIадурал, жавабчилъи тIокIал гIадамал ругеблъиги. Баркала буго киназего!»,* - ян бицана ГI. Лабазановас.

Гуманитарияб кумекги бакIарун, депутатасул кумекчагIи хIадурана Украинаялде ине. Амма букIинчIо транспорт. Гьеб рахъальги кумек щвана: 1999 соналъул Дагъистаналъул ополчениялъул гIахьалчи, халкъияв бахIарчи ГIалиасхIаб КъурбанисмагIиловасги, «МахIачхъалаводоканалалъул» генералияв директор, рагъулал лъугьа-бахъиназул ветеран Рашид МухIамадовасги ва жиндир цIар бальго теян гьарарав цоги дагъистаниясги балагьана машина ва жидедего тIаде босана нухлул харж. Къайи босун ясазе кумекалъе Украинаялде рильлъана ГIумарасхIаб МухIамадовги ГIалиасхIаб АхIмадовги.

Къайиги босун, Исманиятги ункъайго чIужугIаданги, депутат Лабазановги рахъана сапаралъ. Нухда квалквал гьабунгутIиялъул мурадалда киназдаго ретIинабуна рагъулаб форма. Исманиятица инкар гьабуна гьелдаса, жий ракълил чапар йигилан абун. Амма хадубккун гьеб ретIине ккана – квалквал кколеб букIиндал. Гьел щвана Веселое поселокалъул школалде ва цIалдохъабазухъе кьуна кьерилазул сайгъатал.

*«Гьел лъималазул берал рихьарав чиясул киданиги букIинаро гьуинаб макъу. Гьезулъ буго хIинкъи, букIинеселде божунгутIи. БитIахъе*



ГIелцоязул сайгъатаз рохизаруна

*щибаб лъимер каранде къазе, беэдизе, гьелъие рекIел хинлъи кьезе шавкъалда рукIана ниж. РукIунаро чидарлъун лъимал! Гьеб бичIчIизе ккола дагьабниги гIакълу-лъай бугев чиясда»,* - ян бицана И. МухIамадовалъ.

Лъималазухъе сайгъаталги щвезарун, ракълил чапарзаби щвана СВОялъул гIахьалчагIи-дагъистаниязухъе. РукIана гьезулги хитIабал, хIажатаб къайи босеян гьари. Рагъул цебесеб кьерда ругел бахIарчиял васазухъе щведал, ракIалъ къабул гьабичIо, кагътал-сайгъаталги кьун, гьеб параялъго тIадруссине. Исманиятицаги гьелъул гьалмагъзабазги гьенир гьаруна хинкIал, белъана бакъвараб гьангун бакь ва кванazaруна миллияб кванихъ урхъун рукIарал аскариял.

*«Солдатазул гурулъан ана дида цадахъ рукIарал ясал. Дун чIун хутIана – кин иней гьезда гьоркьосан?! Гьебмехалда рагIана, нух кьеян ахIулеб гьаракь. Солдатал кIийиде рикьана ва бакьулъан нух эркен гьабуна дие. Нечеялъ, гIодоеги къулун ана дун гьезда гьоркьосан. Хадувккун аскIове вачIаравщинав солдатас абулеб букIана, мунги дур намусаб рилълъинги битIахъе жиндир эбелалда релълъанин абун.*

*Бихьулеб букIана хинкIазухъ гьел урхъун ругеблъиги. ГIажаибаб, жиб загьир гьабизе рагIи батулареб асар гьабуна гьениб бараб заманалъ. Цо гьез нижер гьабулеб букIараб адаб! Нижгиха, щивав дагъистанияв каранде къан, эбелалъулаб хинлъи гьезие кьезе хIадурал... Огь, эбелалъул рахIат гьечIеб ракI... Огь, эбелалъухъ урхъараб бахIарчияв васасул рекIел бухIи... Мун Хунзахъа (ГIахьвахъа, Унсоколоса...) гурищ? Гьеб суалгун рачIунаан васал нижеда аскIоре – жидехъе гьоболлъухъ районцояй ячIун йикIанин абизе гъирагIаги букIун батилаха...»,* - ян ракIалде щвезабуна Исманиятица.

ГI. Лабазановас абуна, ЦIияб соналъул байрамалде солдатазе сайгъатал хIадуризе ракIалда бугин абун. *«Гьанисан битIулеб сайгъат кидаго гуро нилъер ракьцоязухъе щолеб. Гьединлъидал бокьун буго бакIарун кванил нигIматазул къайиги, цIидасан дагъистаниял-солдатазухъе ине. Цадахъго босизе буго школалъул цIалдохъабазе гуманитарияб кумекги – хинаб ретIел-хьит ва цогидаб. Гьеб ишалъулъ гIахьаллъизе бокьарав чи кIалъазе бегьула Исманиятихъе –* ***8-928-254-23-84*** *– ва гьелда дандбазе бегьула, къайи кибе щвезабилебали»,* - ян бицана гьес.

Кьвагьулел бомбабазукь, ралел гIарадабазукь, гIумруялъе бугеб хIинкъиялъухъ балагьичIого, Дагъистаналъул руччаби ана Украинаялъул рагъулаб операциялъул коронир ругел бахIарчиял рагъухъабазухъе. Гьез кумекалъул къайи щвезабуна Токмак ва Бердянск шагьаразда гIагарлъухъ хъачагъалгун къеркьолел солдатазеги, госпиталазеги, нухда дандчIварал ракълилал гIадамазеги. Эбелалъул хинлъигун, гIагараб ракьалдаса рокьул саламгун, ватIаналъул чIагояб хIохьеллъун жидехъе рачIарал Исманиятиеги, Радмилаеги, Умужатиеги ва Наидаегун Руминаеги кьуна «За доблесть» абурал медалал. «ХIакъикъаталъул» редакциялъги гьезие кьолеб буго кIудияб баркала.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# Танкаевасул тIагъур

**Дица дирго ракIалдещвеязул мажмугIалда жидер бицен гьабулезда гъорлъ руго батIи-батIиял махщелазул ва къисматалъул гIадамал. Гьезул гIемерисел дида церегоялдаса нахъе лъалел, дунгун гIезегIан дандчIварал ругинги абила. Амма гIицIго СССРалда гуревги, жиндир гьунарги, махщелги, багьадурлъиги Европаялъул улкабазда лъалев, мунагьал чураяв генерал МухIамад Танкаевасулгун дир лъай-хъвайги Расулил баркаталдалъун ккана. Киналго гьединал кIвар бугел дандчIваязда, Расулил сахлъиялъул хъаравул гIадин, аскIов вукIунаан.**



МахIачхъала, 1982 сон

Расулие живги жиндие Расулги вокьулезул тIоцебесеб кьерда вукIана СССР тун къватIибги цIар машгьурав академик ва сахлъи цIуниялъул министр, Петровскияс бетIерлъи гьабулеб клиникаялда хIалтIизе гIураб лъайги махщелги бугев, Дагъистаналдаго бищунго гIолохъанавлъун рикIкIунев вукIарав медицинаялъул гIелмабазул кандидат Гумбет районалдаса Идрис Расуловги.

Идрисил лъикIал ишазул хIакъалъулъ тIехь хъвазеги документалияб фильм бахъизеги цебего заман щун буго. Гумбеталъул бищунго машгьурал гIадамазда гъорлъ гьес хасаб бакIги ккола. Дица дирго ракIалдещвеязул тIехьалдаги гьев унго-унгояв магIаруласулги гьунар тIокIав тохтурасулги гIатIидго бицун буго.

Нилъее киназего хириял Расулилгун Танкаевасул бицунаго, Идрис ракIалдещвеялъе гIилла буго гьезие гIоло гIумру ва рухI кьолезул кьерда вукIанин гьеван абураб.

Иргадулаб сессиялде депутатазул данделъиялде вачIарав Танкаев кидаго гIадин щолаан Расулихъе гьоболлъухъ. Гьеб къоялъ Расулихъе гьоболлъухъ рачIаразда гъорлъ рукIана гьесул кидагосев гьудул, поэт Рождественскийги, Гумбеталдаса ХI. МухIамадги, таржамачи Козловскийги.

**Гь**езул цоял халатбахъун чIечIого ана. Расулги, МухIамадги, Танкаевги, Идрисги кватIизегIан хутIана магIарулазулги, Дагъистаналъулги, улкаялъулги, адабияталъулги, рахьдал мацIалъулги хIакъалъулъ бицунаго.

Мунагьал чураяв Танкаевас гьеб сордоялъ абуна:

- Унго, гьаб нилъерго мацIалъ кIалъалеб мехалъ черхалъул нусабго логоеги тIолабго черхалъеги хасаб асар гьабулеб куц! - ан.

- Унго, баркаманалъул тIагIам, - абун Идрисица тIадеги жубана.

Гьенибго Расулица чанго цIияб кечIги цIалана, гьезул цояб букIана Танкаевасе сайгъат гьабураб.

Нахъе иналде цебе Танкаевас абуна ахираб заманалда гьадинаб, рекIее кIудияб асар гьабураб данделъиялда гIахьаллъизе щун букIинчIиланги.

Танкаевас абуна, нужер изну батани, жив ине кколиланги. Киналго гьев нухда регIизе рагьде рахъана. Рокъоса къватIире рахъунаго, Расулица Идрисида абуна:

- Нух битIиялъе доб дуе анцI-анцI выговор щвараб, ПатIиматие бищунго хирияб даруги босе, - ян.

Гьелъул бициндал, киналго релъанхъана. Идрис дихъ валагьана. Дицаги даруялъул сурахIиги, хIанги, чедги цадахъ босана. Рагьда чIун букIана МухIу ГIалиевасул гьудул Ваноца бачунеб Верховный Советалъул гаражалдаса «Волга».

> Унго, гьаб нилъерго мацIалъ кIалъалеб мехалъ черхалъул нусабго логоеги тIолабго черхалъеги хасаб асар гьабулеб куц!

Гьикъизе бегьула Москваялда гIумру гьабулев Ванолги МухIулги кинаб гьудуллъи букIарабан. Гьеб лъугьа-бахъиналъул хIакъалъулъ жинцаго МухIуцаги цогидазги хъван бугелъул, дица бицинчIого тела.

**Гь**ев Ванол машинаялда Танкаевги нухда регIун, рокъо-рокъоре унаго, Идрисица абуна:

- Дир сумка Расулил рокъоб хутIун буго, - ян. Гьеб босизе дунги Расулил гъова рещтIарав МухIамадида цадахъ лифталдаги рекIун 19-абилеб тIалаялде рахана. Идрисил сумкаялда аскIобго хутIун бугоан Танкаевасул тIагъурги. Гьеб бихьигун Расулица гьимулаго абуна:

- МагIарул мацIалъул къуват бихьуларищ? Нилъер цIар рагIарав генераласда тIагъурцин кIоченабун буго, Идрисицагун Насрулаевас тIагъур бетIергьанасухъе щвезабизе ккола. Танкаевас абун букIана радалго Оборонаялъул министерствоялде щвезе кколилан, - ан.

Гьединги абун, Расулица гостиницаялде Танкаевасухъе ахIана. Гьев вугеб номерги лъазабун, дунги, тIагъурги сумкаги босун, Идрисихъе щвана. ТIагъуралъул «одиссея» бициндал, Идрисица дида абуна «Москва» гостиницаги рикIкIад гьечIин, рикIкIад букIарабани, дица мун таксиялда щвезавизе вукIанин гьениве, жинца метер цIакъго захIматал операциял гьаризе кколел унтарал ругин, гьелъие хIадурлъизе рокъо-ве гIедегIун вугин. Гьединлъидал дуцаго щвезабе генераласухъе тIагъургиянги абун, гьевги ана. Дунги гIедегIичIого аскIобго бугеб «Москва» гостиницаялде къокъана. Вахтерасдагун дежурныясда мурадги бицун, Танкаев рещтIараб номер бугеб тIалаялде вахана. Гьений йикIарай дежурнаялъ дун гьесул номер бугеб нуцIихъе щвезегIан нухарегIана. Дица нуцIида кIутIигун генералас, нуцIаги рагьун, магIарул мацIалда жаниве вачIаян абуна. Жаниве лъугьиндал, гьесие салам кьуна, саламги буссинабун, гьес дихъе квер бегьана. Гьесул кверги босун, дица сумкаялда жаниб букIараб гьесул тIагъур диваналда тIад лъуна. Гьанже дун инин дица абидал, Танкаевас абуна:

- Дида цадахъ чай гьекъе, цинги ине бегьила, - ян.

Чай гьекъолаго, гьес дида абуна хъвадаризе кида байбихьарабан, чан-абилеб курсалда цIалулев вугеван ва дун щиб районалдаса кколеван. Гьесул суалазе жавабги кьун, дицаги бицана Дагъистаналде гьев вачIараб мехалда гьесул хIакъалъулъ хъварабщинаб жо казияталдасаги журналаздасаги дица цIалиялъулги, хасго дие бокьанин абуна ХIажи ГIариповас хъвараб гIумруялъулги къисматалъулги хIакъалъулъ бицунеб очерк.

Гьеб дица бицун хадуб гьес дие цIалана ЦIадаса ХIамзатил «ЦIалдохъан» абураб кечI.

Гьеб накъит лъугIун хадуб дица абуна, дур изну батани, дун инилан. Гьеб мехалдаги гьес дида цIехана дун общежитиялде щвезавизе такси ахIилищан. Дица гьесда бичIчIизабуна гостиницаялда аскIорго чIолин троллейбусалги автобусалги, такси ахIизе ккеларин, дун вохарав вугин дургун лъайхъвай ккеялдаса. Гьесулгун къолъикI гьабизе гьесухъе квер бегьарабго, гьес дида абуна: - МагIарулаз гьобол рагьтIе щвезегIанги вачIун нухда регIула, - ян.

Гьеб лахIзаталъ гьес дие сайгъат гьабуна Польшаялда гьабураб берцинаб гъутугъалъуб лъураб, доб заманалда цIакъго къанагIатаблъун букIараб авторучка ва абуна:

- Гьаб ручкаялъ хъварал кучIдул гъорлъ ругеб тIехь бахъараб мехалда, гьеб жиндиеги сайгъат гьабизе кIочон тогеян.

***МухIамад НАСРУЛАЕВ***

# «Парижгун Женева гьадингоял жал, ГьечIо дунялалда гьаниб гIадаб ракь!»

**Гьедин хъвана гIолохъанго нилъедаса ватIалъарав АхIмадпаша Зиявудиновас. Исана, октябрь моцIалда АхIмадпашал тIубалаан 75 сон. Гьев республикаялда гIицIго халкъияб лъай кьеялъул хIаракатчи гуревги, вукIана рагIул устарги. Гьес бацIцIадаб магIарул мацI кидаго цIунулаан. АхIмадпашал гьваридаб магIна бугел кучIдузул кIиго тIехь къватIибе бачIана. ГьитIинго гьесул букIана анищ лъималазе тарбия кьолев чилъун вахъине. Гьеб мурадалде щвезе гьесие кумек гьабизе лъицаниги ккечIо, щайгурелъул гьев вукIана цебе лъураб масъала тIубазабизе, сундухъниги балагьичIого, кьварараб нигаталъул, жавабчилъи цIикIкIарав гIолохъанчи. АхIмадпаша гьавуна 1948 соналъул 10 октябралда Казбек районалъул Буртунай росулъ.**



Дирги гьесулги лъай-хъвай ккана 1969 соналъул риидал, университеталде цIализе лъугьунаго.

Цого районалдаса рукIиналъ гуребги, гьев сверухъ ругезул адаб гьабулев, берцинаб хасияталъул, жиндехун гIадамал цIалев инсан вукIиналъги батила, ниж кидаго цадахъ кколаан студентазул ишазулъ. Дидаса саназ дагьав цIикIкIарав вукIаниги, нижер лъикIаб гьудуллъи ккана. Курсалда Багъатар ХIажиевги гьевги рукIана хъвадаризе кутакалда пагьму, махщел бугел гIолохъаби. АхIмадпашаца гьеб жиндирго гьунар цо кIудияб къагIидаялда загьирги гьабулароан.

Дидаса саназ дагьав цIикIкIарав вукIаниги, нижер лъикIаб гьудуллъи ккана. Курсалда Багъатар ХIажиевги гьевги рукIана хъвадаризе кутакалда пагьму, махщел бугел гIолохъаби. АхIмадпашаца гьеб жиндирго гьунар цо кIудияб къагIидаялда загьирги гьабулароан.

Нилъеца гIемер бицуна бечелъималалъул хIакъалъулъ, гIадамазул цоцадехун бугеб бербалагьиги цо-цо мехалда гьелда бараб букIуна. Буртунай росулъа совхозалъул гIиял фермаялъе нухмалъи гьабулев вукIарав БацIикулайил вас АхIмадпаша Зиявудинов гьединав чи вукIинчIо. Гьев вукIана ракI рагьарав, гьудул-гьалмагълъиялъе хIалае ватулев, гIумруялъул хIалбихьи бугев, хъвадаризе гьунар бугев гIолилав. Школалда кIудияв пионервожатыясул хъулухъалдаса вачIана гьев МахIачхъалаялде университеталде цIализе ва, гьебги лъугIизабун, жиндирго махщалида рекъон лъималазе тарбия-лъай кьезе районалъул школалде тIадвуссана. Заман индал, гьесул лъай-гIакълуги, хIалтIулъ лъикIал рахъалги, бажариги бихьун, районалъул нухмалъулез гьев вачана партиялъулаб хIалтIуде. БатIибатIиял хъулухъазда хIалтIана, ахирги, гIадамазулгун мацI батизе, гьел хадур цIазе бугеб гьесул махщелги хIисабалде босун, КПССалъул Казбек райкомалъул тIоцевесев секретарълъун вищана. Гьенив вукIаго, лъугIизабуна росдал магIишаталъул институт ва районалъул шартIазде данде кколев, камилав нухмалъулевлъун вахъана. Хадусел соназда АхIмадпаша тIамуна Дагъистаналъул лъай кьеялъул министрасул заместителасул хъулухъалде. Гьелде щвезегIан гьебго министерствоялда профессионалияб махщел камил гьабиялъул управлениялъе нухмалъулевлъун хIалтIана. АхIмадпашаца цIакъ берцинго, бечедго бицунаан рахъдал мацI.

Гьес цIакъ кIвар кьолаан школазда рахъдал мацIал малъиялъул, гIолеб гIел ватIан бокьулеблъун куцаялъул суалазде. Живгоги вукIана шигIрияб пагьму бугев чи.

1993 соналда къватIибе бачIана «Рокьул анищал» абураб гьесул кучIдузул тIехь. Гьесул кучIдузулъ буго пасихIаб мацIалда гIуцIараб, хIеренго чвахулеб поэзия, гьенир махщалида рагьулел руго йокьарай гIаданалъул сипатал, философиял, ватIаналде рокьи жиделъ бессарал пикраби. АхIмадпашал цо-цо асарал рагIула радиоялдасан ахIулелги. Гьев кидаго вукIунаан рухIиял рорхалъабазде нухда. Республикаялъе кIвар бугел суалалгун гьев цеве вахъунаан газетазул, журналазул гьурмаздасанги. Гьесул нигат букIана Шамил имамасул наиб, росуцояв Гъайирбегил хIакъалъулъ тIехь хъвазе. РакIарун рукIана гIемерал баянал, хIужаби. Гьеб темаялда АхIмадпашаца хъвараб цо чанго макъалаги бахъун букIана республикаялъул газетазда. ЛъикIав гьудул, хъизаналъул тIалабагъаз бугев эмен, ватIан бокьулев инсан, хъвадарухъан, жамгIияв хIаракатчи, шагIир – гьединавлъун хутIана киназулго рекIелъ Буртунаялдаса АхIмадпаша Зиявудинов.

1993 соналда къватIибе бачIана «Рокьул анищал» абураб гьесул кучIдузул тIехь. Гьесул кучIдузулъ буго пасихIаб мацIалда гIуцIараб, хIеренго чвахулеб поэзия, гьенир махщалида рагьулел руго йокьарай гIаданалъул сипатал, философиял, ватIаналде рокьи жиделъ бессарал пикраби. АхIмадпашал цо-цо асарал рагIула радиоялдасан ахIулелги. Гьев кидаго вукIунаан рухIиял рорхалъабазде нухда.

АхIмадпаша литератураялде вачIана жиндирго хаслъигун, хинаб кунчIигун, кинабго рахъалде чIоралги риччалаго. Бечелъи-малалда хадур хапделел цIикIкIарасел гIадамал ругеб гьаб, хIабургъараб заманалда гьес хIаракат бахъана инсанасул рухIияб рахъалде пикру буссинабизе. Гьединал гIадамал, дагь ругониги, Аллагьасул талихIалъ, руго. Гьесие цIакъ бокьулаан магIарул росу:

**Мадридгун Рим бокьараз**
**Бокьухъе рецце абе,**
**Океан тун дорехун**
**Ине дун гьесуларо.**

**Дир кидаго ракIцIала**
**Дунго гIураб росулъе,**
**ГIолохъанал сонаца**
**ТIад сверарал къватIахъе.**

Аслияб куцалда гьесул кучIдузулъ кьун буго жиндирго рекIел хIал. Гьел руго «Беццаб рокьиялъул», «ХIалхьи лъалареб», «РакI буго дир гьалулеб» абурал ва цогидалги кучIдул.

**ГIишкъул карачелал**
**Язихълъун хадуб,**
**Дир каранзуниб ракI**
**Янгъизлъун буго,** - ян хъвалеб буго авторас.

АхIмадпашаца нахъе тана лъикIаб цIаргун гьайбатал кучIдул гуребги, гIезегIанго гьаризе рукIарал лъикIал ишазул сияхIги.

АхIмадпашал хIасратаб анищ букIана магIарулазул адабияталъул антология хIадур гьабизе ва гьеб басмаялда бахъизе. Диргун цадахъ гьабизе бокьун букIана гьесие гьеб хIалтIи. Амма хъван букIун гьечIо гьев мурадалде щвезе – 2002 соналда хехго чIвараб унтул хIасилалда гьев нилъедаса ватIалъана.



*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

# Гьудуллъиялъул гъотIол рагIдукь



*ГIаданлъи. ГIадатлъи. Гьеб кIиябго гIамалалъ гIадин, гIадан берцин гьавулевго ватиларо. ГIаданлъи бугелъуб гIадатлъиги букIуна. ГIадатлъиялъул борхалъиялде бахунебги щибго букIунаро. КIиябго цадахъ лъугьун куцарав инсанас нахъа толел лъалкIаз гвангъизабун букIуна сверухълъи. Гьединал гIадамал ракьалда рукIинчIелани, гIумруялъул гьадигIан берцинал кьералги рукIинароан. РекIелъе бакъги рещтIуна, гьединазда берчIвайдал. Кинабго квешабщинабги цо лахIзаталъ кIочона, гьезде аскIоре щведал.*

*Дие жакъа бицен гьабизе бокьун буго курсцояв МухIамад Ибрагьимович МухIамадовасул хIакъалъулъ. Октябралда гьес бала 65 сон. ГIумруялъул гьел саналги гьев хIикматав инсанасда баркулаго, бокьун буго гьесул хъвазе, гIалимчи хIисабалда гуреб, гIаданлъиги гIадатлъиги бидулъ бессун ругев лъикIав магIарулав хIисабалда.*

МухIамад МухIамадовасул гIелмиял бергьенлъабазул хIакъалъулъ лъаларев чиги ватиларо. Гьев лъала магIарул мацIалда тIад хIалтIулев гIалимчи хIисабалда гуревги, ахирал соназ гьес нухмалъи гьабулеб буго Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялъе. Амма бищунго цеве гьев лъала, цIакъго лъикI инсан хIисабалда. Гьаб хIабургъараб заманалда лъикIав инсанлъун вукIине кIвей, магIарул кьурабаз кьураб кьварараб тарбиялъун нухккун цевехун ун бажари – гьеб буго цIакъго цIакъ жавабчилъи цIикIкIараб пиша. Кинаб хIалтIуда вугониги, тIоцебесеб иргаялда, щивасда лъикIав инсанлъун вукIунги бажарулеб бугони, гIумруялъул берцинлъи дагьабги цIикIкIун загьирлъула нилъее.

Нижеца, МухIамадил курсцояз, гьесда нилъер МухIамадилан (наш Магомед) абулаан.

МухIамадилан абураб цIар гIемеразул букIунелъул, нилъер МухIамадилан абуни, гьев лъалаан. Ва гьеб цIаралъе ритIухъавлъун жакъа къоялде щвезегIанги хутIана гьев. МухIамад лъалелщиназги гьанжеги рикIкIуна гьев «нилъеравлъунго».

ГIелмиял рорхалъабазул тIогьаздаго цадахъ гьес мутIигI гьаруна ТIадегIанас жиндаго цадахъ ракьалде ритIарал гIаданлъиялъулги гIадатлъиялъулги тIогьалги…

Долдаса нахъе унеб буго 40-абилеб сон. Амма МухIамадил гIадатлъиялъ лъалъалеб бугеб нижер гьудуллъиги жеги чIаго буго. Санайил данделъула ниж. Санайил щола МухIамадихъе рокъореги. БатIаго чIалгIун ратула ниж Аминатил гIаданлъиялъухъги гьоболлъухъ рачIанщиназе майилан кьолеб гьуинаб гьимиялъухъги. МухIамадил хьолбохъ йигей гIаданги батIияйлъун ятизе ва йикIине рес гьечIелъулха.

Зама-заманалдаса щола дунги Хунзахъа Нуцалай ТIалхIатоваги, институт лъугIун унелъул, №5 общежитиялда цере нижецаго чIун тарал гьутIбузухъе. Гьел некIого кIудиял гIуна. Гьез ракIалде щвезарула нижеда общежитиялда тараб гIолиллъиги, гIанчIаб заманги, бищунго берцинаб нижерго гьудуллъиги. Гьенибги, тIоцебесеб иргаялда, нижеда ракIалде щола МухIамадги, ГIарани росдал гьоркьохъеб школалда нижер, щуабилеб курсалъул студентазул, букIараб практикаги ва студентлъиялъулаб гIумруялъулгун къо-мех лъикI гьабулел ахирисел къоялги…

Гьеб кинабго ракIалде щвана дида жакъаги.

Нижер гьудуллъиялъул цояб гIаркьеллъун кколев Шамил районалъул ТIаса Бакълъухъа ХIажи АхIмадовасул кечI-бакъан гьечIони, кинаб данделъигиха букIине. ХIажил балалайкаги басандизабулаго, кечIгиха нижеца зама-заманалдасан цадахъ ахIулеб.

Гьаб макъала хъвалей дун йикIаго, кIалъан вачIана ХIажиги. МухIамадил хIакъалъулъ макъала хъвалей йигин абидал, жиндиеги рагIи кьейилан абуна гьес.

*- Цадахъ цIалулел рукIаралдаса 40 сон унеб бугониги, МухIамадилгун бухьен къотIичIо нижер. Дида гьев ватана цIакъго яхI бугев, магIарул намус цIунарав инсан. ХIайранлъун хутIулаан дун гIелмуялде бугеб гьесул рокьиялда, гIадамазда гьоркьов вукIа-вахъине лъаялда, махщел-гьунар бугеб кIалъаялда. Профессор вугониги, дида гьесулъ бихьичIо гIамал кIодолъи, чIухIи. Гьелъул гIаксалда, гьев вуго цIакъго гIадатияв, гьитIинаб гIамалалъул чи. ЛъугIун унеб бугеб авар мацIалъул ургъалида ругел дагьалго гIадамазул цевехъан вугин МухIамадилан абила дица. Гьарула унго-унгояв гьудул, магIаруллъиялъе ритIухъавлъун хутIарав магIарулав, гIалимчи, жамгIияв хIаракатчи МухIамадие гьесул хъизан-лъималазеги талихIалъул гъасда талихIаб цIа. Биччанте гьеб цIадул хинлъиялъ жеги чанги данде гьаризе рикIкIен гIемерал гьесул гьудулзабиги,*- ян абуна ХIажица.

Ва цодагьабго заманалдасан гьес кIечIги бачIана битIун, гьелдаго хадуб цун жинцаго ахIулеб гьеб кочIол аудиоги видеоги бачIана.

**- Аваразул машгьурав мацIазул устарасда**
**МацI лъугIун унеб бугин унти буго каранда.**

**МагIарул яхIги махIги бухIизе теларилан**
**Таваккал тIамуразул кьерда вуго МухIамад.**
****

**Гьев гIадал гIалимзаби гIемерлъаги ракьалда,**
**Бокьулеб миллаталъул ургъалида рукIунел.**
**ГIелмудал ралъад гIадав Ибрагьимил МухIамад,**
**Ургъелал бигьа гьарун, вохун таги Аллагьас.**
****

**Санал гIемерлъанагIан, гIамал гьитIинлъун арав,**
**ГIадамазда гьоркьовги къадру-асс цIунун чIарав,**
**ЧIарадаса дир гьудул, гьесда бахиллъула дун,**
**Бахилаб гIумру бугев гIажаибав МухIамад.**
****

**МагIарулазул чIухIи, чIухIи гъорлъ гьечIев инсан,**
**Гьев аскIов ватун гурищ талихI бугеб диеги,**
**Цадахъ цIаларав гьалмагъ, гьунар бугев гIалимчи,**
**Дагьалъги берцинлъаги Аллагьас кьурал къоял.**

Хунзахъа Нуцалайги кIалъан ячIана жиндиеги бокьилаанила МухIамадида баркизейилан абун.

*- Дида гIемер ракIалде щола ахирисеб курс. Дир бертин гьабун заманго иналде, нужеца общежитиялде дунги дир рос ХIажиги ахIараб аваданаб дандеруссинги ракIалда буго дида жеги. Доб букIана 1983 соналъул сентябрь. Долдаса нахъе ун буго 40 сон - цо чиясул гIумругIанасеб заман. Цинги – добго соналъул сентябрь, ай, 1983 -1984 цIалул соналъул тIоцебесеб четверть. ГIараниб гьоркьохъеб школалде практикаялъ ритIараб заман. Гьеле гьеб мехалда кьучI лъуна нилъеца жакъаги нилъгун бугеб гьудуллъиялъе. Шагьаралде щванщинахъе санагIалъи ккечIониги, лъагIалида жаниб цо нухалдагIаги щола доб нилъеца Гьудуллъиялъулилан цIар кьураб гъотIохъеги. Гьаб сураталда берчIвараб мехалда, пикраби цIидасанги роржана №5 общежитиялде. Нилъер гьудуллъиялъе кьучI лъураб доб къоялдаса нахъеги ун буго кIикъого сон. РакI-ракIалъ баркула дица нилъерго гьудуллъиялъул 40 сонилаб ва гьеб гьудуллъиялъул кьибиллъун нилъее вугев нилъерго МухIамадида 65 сонилаб юбилеял,* - илан абуна гьелъ.



**Гьудуллъиялъул гъасда**

Гьаб суратальги гIемерал ракIалдещвеял сайгъат гьаруна. БахIаралги рокъоре ахIун ругел нижедаго гьанже елъизе бачIунеб буго, гьанже гьезие къачIан букIун бугеб стол бихьараб мехалда. Жив-живасда цебе лъун букIун буго кIудиял гъудрул цIураб плов.

РакI-ракIалъ баркула гьесда тIаде щолеб бугеб гьавураб къоги. МухIамадица нижер щивасул къиматалда тана жиндирго лъалкIал. Данделъаралщинахъеги нижеца бищун цебе гьесул бицуна.

> Ина сонал. Сверила ихал. Амма нижедаса хадубги нижер гьудуллъиялъе нугIлъун бугеб гIажаибаб гъотIол каранда недегьго къижун рукIине руго студентлъиялъул талихIал лахIзатал.

Гьаб хъвай-хъвагIай гьабулагоги, цIакъго урхъана Гьудуллъиялъул гъотIохъги. Ва букIаралъуб хъвалебги тун, дун гIедегIана гьелъухъе. Зобалазде цIабуцIун унеб бугеб Гьудуллъиялъул гъотIол рагIдукь гIодойги чIарай дун цIидасанги аницаз, ракIалдещвеяз сверун ккуна… Гьеб рагIдукь батараб хинлъиялъги бакъальги цIунун бугин ккола дир къисматги…

Ина сонал. Сверила ихал. Амма нижедаса хадубги нижер гьудуллъиялъе нугIлъун бугеб гIажаибаб гъотIол каранда недегьго къижун рукIине руго студентлъиялъул талихIал лахIзатал.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# ХIарамаб букIин лъаниги...

**ХIалтIул къваригIелалъ нижерго районалъул цо росулъе щварай дида жамагIаталъул руччабазул гIуцIиялъул цеехьаналъ бадибчIвай гьабулеб гIадин абуна, щайила нужеца, магIарул газетазул журналистаз, гьеб къавуда гIадин тIибитIулеб бугеб «унтиялда» данде рагъ баларебин абун. - Нижер росулъ киданиги букIараб жо гуро сунтI бай, - ян абуна гьелъ. Гьале гьанже руччабазги, хIатта гIолохъанал ясазгицин, рагъун балеб буго гьеб. Школазда, ясли-ахазда хIалтIулезда гьоркьобги баккун буго гьеб унти. Бегьилищ лъималазда цебе гьеб пиша гьабизе. Дица рикIкIуна сахай, жиндирго къимат, къадру цIунарай чIужугIаданалъ сунтI кодобе босуларин...**

Гьединаб бугоан дица цIар гьаниб хьвачIей магIарулалъул пикру.

Узухъда, журналистазда тIадаб буго жамгIияталъе, нилъер гIадатгIамалалда, хасго шаргIалда данде кколарел гIузраби къватIир чIвазаризе. Нижеца цIарал, бакIал рехсечIого, гIаммаб критика гьабула, жеги гьабила, амма тIадехун бицен гьабурай магIарулалъ гIадин, сверухъ ругезги гIайиб чIван, гьеб пиша хIакъираб, хIарамаб букIин бихьизабулеб бугони, сунтI бай гуребги, киналго квешал «гIузраби» дагьлъилаан.

Нилъерин абуни гьелъул гIаксалда кколеб буго иш. Цоялъ чIухIдаего бицунеб буго (гьебги магIарухъ) жинцайила лъабго-ункъояй ругьун гьаюнила сунтI базеян.

СунтI балеб буго росасда ругезги гьечIезги, росасда лъанги гьесдаса балъгоги. Щиб пайда сонтIоца кьолеб? Дида лъаларо, амма бихьула гьеб базе байбихьун хадуб чIезе кIолеб гьечIолъи, гьеб балездехун бугеб гIаммаб, лъикIаб гьечIеб пикруги.

### «Гьезул цIурачед гIанкIу-хIелекоялъе кьола»

Цо нухалъ магIарухъе унаго, цадахъ ккана мадугьалихъ районалъул цо росдал руччаби.

- Ле, шофер, чIезабе машина, сунтI босизе кIочон тун бугин, - ан ахIи бана маршруткаялда жаниб гьезул цоялъ, ЧIалда кьодухъ къаде кванazeги рещтIун, нухда рахьиндал. Шагьаралдаса щай босичIебан нижеца кьураб суалалъе гьелъ, гIажаибльи гьабун, гьадин жаваб гьабуна: - нужеда рагIичIищ, ЧIалда гIадаб сунтI кибго букIунаро, сонтIол къиматги хIалги лъалез гьаниса гурони гьеб «нигIмат» босуларо…

(Гьей гIолохъанлъи свараб ригьалъул чIужугIаданалъул кодор ккун чIумалги рукIана).

РакIалда буго, дун гьитIинаб мехалъ мадугьалихъ бугеб росулъа цо гIаданалъ сунтI балеб рагIулин абун чIахIияз кутакалда гIайиб чIван бицунеб букIараб. Гьейги йикIана даран-базаралъ росу-ракь бахун къватIие щолей гIадан.

Сонал анагIан, цогидал квешал гIузрабиго гIадин, сунтI байги тIибитIана халкъалда гьоркьоб. КъватIирги рокъорги хьалиян бухIулев бихьинчиясдего гIадин ругьунлъун руго кодоб сонтIол патрон ккурай чIужугIаданалдеги.

Нилъер диналъ хIарам гьабураб, умумуз хIакъираблъун рикIкIараб, «сонтIол унти» щун гьечIищха магIаруллъиялдеги.

- Дун росас чIвала, сунтI балеблъи лъанани, - ян ракI рагьун бицана цоялъ. Гьев гьечIеб, лъималазда бихьулареб мехалъ бала. Кидаго бахчун тIуялищан лъаларо, амма тезе кIолареблъиялда ракIчIана, чанги нухалъ хIалбихьунги букIана тезе…

Цогидаз балеб буго рагьун, сунтI жанибе базе тIалаб гьарулел руго къиматал, месед-гIарцул устарзабаз хIадурарал тIагIелалцин.

СунтI баялдехун гIадамазул бугеб гIаммаб пикру лъазельун, дица цIех-рех гьабуна батIи-батIияб гIелалъул гIадамазда гьоркьоб. Гьеб берцин бихьулел, лъикIин абулел дандчIвачIо нагагьги.

- Нижер мадугьалалъ бала сунтI,-ан бицана ДагъмедакадемиЯлъул цо студенткаялъ, - лъикIал гIадамал руго гьел, амма гьезул рокъоб рикъзи кваназе ракI къала дир, хасго гьей гIаданалъ гьабураб квен. Рузман сордоялъ гьезул рокьоса садакъаде бачIараб цIурачед нижеца гIанкIу-хIелекоялъе кьола. Кинха кваналеб сунтIги балаго гьабураб квен, гьелъ щибаб нухалъ кверал чурулarelъул.

СунтI балей чIужугIаданалъул рахьалъ цIакъго кьварараб пикру дандчIвана бихьинаби гьоркьоб:

- СунтI балей чIужугIаданалъ хьалиянги бухIила, чIагIа-гIаракъиги гьекъела, гьединазул гIемер борхатаб букIинин кколаро къадру.

Базаралда йичарулей цо ригь арай гIадан йигоан, квачалъ багIарлъарал квералгун сунтI сунтIулей.

- ГьабIиялда сунтIгIаги щай дуе, - ян дица абидал, гьелъ жаваб кьуна: - Гьалъ гурищ дун хвасар гьаюлей сундасаго. Дир гьудул буго сунтI, гьелде хабар бицунев чи дие вокьуларо, - ян.

Тохтурлъун хIалтIулей гIолохъанчIужуялъеги кьуна гьебго суал: -Эбелалъ ругьун гьаюна дун гьаб пишаялде, кьойил гьелда бадибчIвала дица гьанже.

Цо нухалъ нижехъ гьоболлъухъ рещтIун йикIана сунтI балей гIадан.



Гьелъие критика гьабун, сонтIол чорокльиялъул, сурукълъиялъул бицун, хабар ккана нижер гьеб сордоялъ. Жинца тIокIалъ балеб жо гуринги абун, гьелъ кIиабилеб тIалаялдаса гьоркье ахикье рехун ана сунтI тIад бухьарал жал. Балагье, гьалъул къуват гIунин рехун тезеян гьелъие хабар гьабурай дидасаго йохун йикIана гьеб сордоялъ. Нахьияб кьоялъ яхьун рогьалилъго ахикь хьирщадулей йигоан гьей, сардилъ гордухъа рехараб сунтI балагьун.

- Щивав чиясул ихтияр жиндихъ букIинарищха, - ян абуна цо ригь арай гIаданалъ, сонтIол харбиде кведал. - Дицаги балаан гIолохъанаб мехалъ, тIарикъат босун хадуб Аллагьасго квербакъана тезе. Кинан бицаниги, кодоб сонтIол патронги, кидаго рацIцIулел къалалги, бахчун кIвекIулеб чорокаб тIогьиллъиялъул квербацIцIги – гьеб кинабго цIакъ чIужугIаданалдаса ракIбуссунеб, гьелда ракIкъалеб жолъун бихьана къобахьанагIан.

### Квешлъи бекьи чIужугIаданалда рекъон бугищ?

ЦIакъго сурукъго рихьана кIалдибе сунтI балел. Гьоркьияб кIветIалда жаниб, цабзазда тIад бахунеб бихьана гьеб цо-цояз. СунтI цадахъ босизе кIочон бугила, щиб гьабилебан цIакъ рахIатхун лъугьана, нижехье зигараялъ ячIарай цо магIарулай. Жиндиргун пишацоял сверухълъиялда гьечIолъи лъайдал, гьелъ чIегIераб перец кьейин гьарана. КъунтI цIун босун цабзазда тIад гьелъ перец бахараб мехалъ, гьакIкIан кIалгун хутIана ниж.

- Огь, гьай, гьанже мадар ккanaха, - ян абуна гьелъ, угьун хIухьелги биччан.

Хирияв диналъул яцал, гIемер гьваридго, гIатIидго бицинчIого, дица гьанир рачана цIакъго гIадатиял, кьойилго гIумруялда дандчIвалел мисалал. Гьел нужедаги дагьал рихьулел ратиларо. Рехун тезе кIоларинги абун, сунтI бай иблисалъе мутIигIлъи батила. Жиндирго сахлъиялъе зарал бугониги, нафс квегъизе кIолеб гьечIоха нилъер руччабазда. Цоцо руччабаз (цIакъ машгьуразги) сунтI балеб буго халкъалда цебе, чIухIдаего гIадин. Гьеб тIибитIизабулелги бичулелги чагIи руччаби руго.

Рекъон бугищ чIужугIаданалда квешлъи бекьи, гьелъул бачIин жеги загьруяб, заралияб, хIарамаб букIинги лъалаго?! КигIанго иблисалъе мукIурал чагIи гьел рукIине кколел? ГIажаиблъизе, гурхIизе бачIуна цояб кверал чIумал, цогидалъ сонтIол патрон ккурал гьезул лъавукълъиялда, иманалъул загIиплъиялда.

СунтI даруяб жо бугин, гьелъ черхалъе щибго квешаб асар гьабуларин, данде рагьула гьел тIад хабар бицун рагIи абуниги.

СунтIгун хьалиян тезе бажарулареп эбел-инсул лъималаз «чIахI» бухIиялда гIажаиблъи гьабизе бакI гьечIо.

*П. ГЬИТIИНОВА*

## ГIолохъанлъи




# Дагъистаниявги гIахьаллъизе вуго

21 октябралда ТНТ каналалда бихьизабизе буго «Вызов» абураб спортивиябгун интеллектуалияб передача. Гьениб гIахьаллъи гьабизе буго шоу-бизнесалъул цIвабзазги гIелмугун лъаялда тIадчIаразги. Гьаб нухалда гьеб проект бахъулеб буго Дагъистаналда ва бергьаразе щвезе буго 10 миллион гъурущ.

Проекталда рукIине руго захIматал къецал, ургъизе кколел хIаял, гьединго командаялъул гIахьалчагIазда цоцазухъ балагьун жалго жидедаго ричIчIизе ккола.

Россиялъул шоу-бизнесалъул «цIвабиги» интеллектуалалги гIахьаллъулеб гьеб проекталда вуго Дагъистаналдаса физик-электротехник Амир АхIмадовги. Гьес лъугIизабуна ДГУ. ГьабсагIат Амир хIалтIулев вуго гIагараб росулъ бакъул электростанция гьабиялда тIад. Гьев хьвадула джиу-джитсуялде ва гьев ккола ДГУялъул гIолилазул комитеталъул нухмалъулевги.

«Дие цIакъ бокьун буго гьеб проекталда гIахьаллъи гьабизе. Дун ккола федералиял каналазда рихьизарулел гьадинал передачабазда гIахьаллъулев тIоцевесев дагъистаниявги», - ян абулеб буго Амирица.

Передача бихьизабизе буго 21 октябралда, ТНТ каналалда къад сагIат кIигоялда.

# Мавлидалъул хиралъи

**Гьале ахиралде щолеб буго Аллагьас дунял-гIаламалъего рахIматлъун витIарав, жинда свалат салам лъеяв МухIаммад авараг гьавураб, хирияб рабигIул-аввал моцI. ТIадчIун, хIаракаталда МухIамад аварагасде (с.гI.в.) салават битIун, гьев кIодо гьавун, гьесул гIумруялъул бицине хIаракат бахъана республикаялъул бусурбабаз гьаб мавлидалъул моцIалда. Кида ва кин байбихьараб мавлидал тIоритIизе? Аварагасде салават битIиялъулъ кинаб хIикмалъи бугеб? МухIамад аварагасул гIумруялдаса кинан нилъеца мисал босизе кколеб?**



Гьижрияб календаралъул тIоцересел гIасрабазда бусурбабаз рабигIул авал моцI хас гьабун кIодо гьабулароан. МухIамад аварагасде (с.гI.в.) рокьиги гьесул хIакъалъулъ ракIалдещвеялги рекIелъ щулаго цIунун рукIунаан гьеб заманаялъул бусурбабаз. Заман анагIан гIадамазда кIочене лъугьана гьесул гIумруялъул ва гIелмуялъул хIакъалъулъ. ГIадамазул рекIелъ МухIамад аварагасде (с.гI.в.) рокьиги цIунизе, гьесул гIумруялъул ва суннатазул хIакъалъулъги кIочон тунгутIизе, бусурбабазул гIалимзабаз ва пачалихъалъул бутIруз рабигIул авал моцIалда мавлидал тIоритIизе лъикI букIинин рикIкIана. ТIоцебе мавлид тIобитIизе байбихьун буго XII гIасруялда (гьижрияб IX гIасру), Шамалъул Ирбил абулеб бакIалъул къирал Музаффадин ибн Зейнуддинил амруялда рекъон. ТIоцебесеб мавлид тIобитIизе гьес данде гьарун рукIана хIадисал лъикI лъалел машгьурал гIалимзаби.

Гьаниб бицинчIого гIоларо нилъер заманалда цоцоязда мавлидалъул магIна бичIчIулебго гьечIеблъи. Цоцо руччабазе мавлид лъугьун буго квен гьабиялъул махщел бихьизабулеб тадбирлъун, къец бан жидерго бечелъи бихьизабулеб бакIлъун. Кинаб къагIидаялъ нилъеца мавлидал тIоритIулел? Бихьиназ мавлид ахIун бахъинегIан богорокъор квалквадилел ва корохъ харбал рицунел рукIуна цо-цо руччаби. Мавлид ахIун бахъиндал, чай гьекъон, хабар-кIалалда чIола цо-цо бихьиналги. ГIемерисел руччабазул ботIролъин абуни, аварагасде салават битIиялъул пикру бижизецин заман хутIуларо. Гьел цин базаралде рекерула, хадуб кванда квалквадула, ахиралдаги гьалбадеридаса хадуб цIарагI чурун, рукъ бацIцIуна. Рекъараб квенги гьабун, гIодоре риччан, МухIамад аварагасул (с.гI.в.) гIумруялъул хIакъалъулъ бицун, гьесде салават битIун, пайдаялда чан чIужугIаданалъдай мавлид тIобитIулеб? Авараг (с.гI.в.) кIодо гьавун, гьесул гIумруялъул хIакъалъулъ ахIулеб мавлидалъухъ гIинтIамунгутIи, къваригIел гьечIеб хабар бицун кIалъай адаб гьечIолъилъун ккеларищ? Гьелъ гурищ имамзабазги гьоркьоса къотIичIого такрар гьабулеб, рихьдае гьабичIого, рекъараб гьабейин садакъаян абун. МухIамад аварагасул (с.гI.в.) шафагIалъи щвеялъе, къиямасеб къоялъ гьесда аскIор ратизелъун щиб нилъеца гьабулеб бугебалиги хIисаб гьабун лъикI. КIудиял гIалимзабаз аварагасул (с.гI.в.) гьабулеб букIараб адабалъул хIисаб гьабуни, нилъ адабго лъаларел гIадамал ратилин хIинкъула.

Бичасул Аварагасде (с.гI.в.) бугеб адабалъ Малик имам Мадинаялда, лъелго гурони, рекIун хьвадулароан. ХIатта кидаго хIатIида гIицIго хьвадулаан. ХIадисазул суалалъ чи вачIани, цин какиеги чурун, чалмаги къан, гьуинаб махIги гьабун гурони, гьев къабул гьавулароан. Мадинаялда имамлъун вукIаго, Малик гьаракь борхун кIалъаларoан. Свалат салам лъеяв Авараг вокьиялъул, гьесул адаб гьабиялъул гIорхъи букIинчIо гьев мубаракасе. Нухда вилълъун унаго, гьикъани, гьес хIадис бицунароан, гьелъул хIурматги цIунун. Какиеги чурун, кIиго ракагIат какги бан, магжил расги ххан, черхалда гьуинал махIалги гьарун, тамахаб борхатаб бакIалда гIодовги чIун, цинги байбихьулаан гьес аварагасул (с.гI.в.) хIадис бицине. Дуца щай гьедин гьабулебан гьикъидал, гьес абулаан: «Дие Аварагасул (с.гI.в.) хIадис кIодо гьабизе бокьула», - ян.

Бичасул Аварагасде (с.гI.в.) бугеб адабалъ Малик имам Мадинаялда, лъелго гурони, рекIун хьвадулароан. ХIатта кидаго хIатIида гIицIго хьвадулаан. ХIадисазул суалалъ чи вачIани, цин какиеги чурун, чалмаги къан, гьуинаб махIги гьабун гурони, гьев къабул гьавулароан.

Авараг кIодо гьавун мавлид тIобитIиялда гIей гьабичIого, гьесул гIамал-хасияталдасаги мисал босизе лъикIаб букIина.

**Имам ШафигIил мазгьабалъул гIалимзабаз щиб абулеб МухIамад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб къо кIодо гьабиялъул хIакъалъулъ?**

ДРялъул муфтияталъул фатвабазул отделалъ гьадинаб баян кьолеб буго:

- Мавлид ккола аварагасдехун бугеб адаб-хIурмат бихьизабизе ва рохел загьир гьабизе бугеб рес. Гьеб шафигIиял гIалимзабаз лъикIаблъун рикIкIуна. Къуръан цIали, МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) гIумруялъул хIакъалъулъ бицин, салават битIи ва хIадисал рехсей, садакъа бикьи гIадал лъикIал ишал жинда жанир тIоритIулеб мавлид лъикIаб букIинарищ. Мавлид тIобитIизе гьукъиги кьучI гьечIеблъун ва какараб буго.

**Имам ГIабдулхIамид аш-Ширваница хъвалеб буго:** «Имам ас-Суютил фатваби данде гьарураб тIехьалда, бертабазул хIакъалъулъ бицунеб бутIаялда хъвалеб буго: «РабигIул-аввал моцIалда, МухIамад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб къо кIодо гьабун мавлид тIобитIиялъул хIакъалъулъ суал бачIун буго: «Мавлид тIобитIиялъул хIакъалъулъ шаргIалъул щиб хIукму бугеб: гьеб какарабищ яги беццарабищ бугеб, мавлид ахIулезе кири щолищ?» - абун.

**Имам ас-Суютица хъвалеб буго:** «Гьеб суалалъе гьадинаб жаваб буго «ХIакъаб жо, мавлид ахIи буго, жиндихъ инсанасе кириги щолеб, Аллагьасда цебе лъикIаб цIибакки, щайгурелъул гьелъулъ авараг (с.т.гI.в.) кIодо гьавула ва гьев гьавураб къоялъул хIурматалда рохел загьир гьабула».

Гьединго, имам ас-Суютица хъвалеб буго, тIоцебе мавлид тIобитIарав чиги ГIиракъалъул Эрбиль шагьаралъул хан аль-Музафар вукIанин. Гьесда цадахъ мавлидалда гIахьаллъи гьабун буго машгьурал гIалимзабаз ва суфияз. Гьеб заманаялъ Абу аль-Хаттаб бин Дахия абурав хIафизас (хIадисал лъикI лъалев) «Ат-Танвир фи мавлиди аль-башир ва ан-назир» абураб мавлидалъул хIакъалъулъ тIехь хъвана ханасе.

Имам ас-Суютица рехсолеб буго ХIафиз ибн ХIажар аль-Аскалянил фатваги:

«Мавлидалда гьарулел ишазул рахъалъ бицани, Къуръан цIали, гьоболлъи, садакъа гьабиялъул, МухIамад аварагасул лъикIал хасиятал реццун мавлидал ахIи, ай Аллагьасе щукру, рецц гьабулел ва цогидалги лъикIал гIамалазде гIадамал цIалеб жо гурони гьабизе лъикIаб гьечIо гьениб.

Мавлидазда рохел ва аваданлъи загьир гьабизе бегьула, гIицIго Исламалда рекъараб къагIидаялъ, ай гьеб къо тIаде щвеялдаса рохел загьир гьабун бугони. Нагагь гьениб кинабгIаги гьукъараб яги лъикIаблъун рикIкIунареб иш гьабулеб бугони, гьединаб иш мавлидалда гьоркьоб жубазабизеги бегьуларо».

**Имам ад-Димьяти аль-Бакрияс хъвалеб буго:**

«Имам ас-Сахавияс» абуна: «ХIакълъунго, мавлид тIобитIи (Авараг гьабураб къо кIодо гьаби) бакканa лъабабилеб гIасруялдаса хадуб (гьижрияб), ва гьелдаса нахъе жакъа къоялде щвезегIан киналго ракьазул бусурбабаз гьоркьоса къотIизе течIо мавлид ахIи. Ва гьезие гьелъухъ баракатги щола».

*ХIадурана*
*П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВАЛЪ.*

## СУАЛАЛ-ЖАВАБАЛ

**- Как тарасе хIукму щиб?**

- Паризаяб букIиналда инкар гьабун как тани капурлъула, Аварагас (с.гI.в.) абуна: «Инсанасда ва куфруялда гьоркьоб как тей», - бугилан.

**- ХутIараб как кида бецIизе бегьулеб?**

- Как бецIизе бегьула бокьараб мехалъ.



**- Руччабаз жамагIат базе, я цохIо жинцаго как балей гIадан йигони, гьелъие как ахIизе суннатаб бугищ?**

- Руччабазе как ахIизе суннатаб гьечIо.

**- Инсуца жиндир лъималазул цоясе сайгъат кьезе бегьулищ цогидазеги кьечIого?**

- Инсуца, я эбелалъ лъималазул цоясе (яги цоялъе) сайгъат гьабизе бегьуларо гьел цоцаздаса ратIа рахъун. Эбел-инсуца цоял гьорлъа рахъун цогидал лъималазе лъикIлъи гьабиялъ вац-яцалда гьоркьоб жахIда ккезабула ва жидедехун лъикIлъи гьабичIого тарал лъималазул рокьукълъиги ккезабула.

ХIакълъунго Баширул Ансарияс жиндир цояв васасе, ай НугIманубу Баширие лагъ сайгъат гьавуна ва жинцаго гьабураб гьеб ишалъе нугIлъун Авараг (с.гI.в.) тезе гьесухъе ана. Бичасул Аварагас (с.гI.в.) гьесда гьикъана: «Киналго дур лъималазе кьунищ дуца гьесие кьуралда релълъун? - ан. Баширул Ансарияс абуна кьечIилан. «Гьедин батани, гьесие кьурабги нахъбуссинабе», - ян абуна Аварагас (с.гI.в.).

**- ЧIужугIаданалъ махIрамиявги гьечIого, нугIзалги гьечIого жинцаго жийго росасе кьезе бегьулищ?**

- Бегьуларо. Аварагасул (с.гI.в.) хIадис буго: «Щий чIужугIадан йигониги жийго жинцаго росасе кьун гьелъул ригьин батIулаб буго, гьелъул ригьин батIулаб буго, гьелъул ригьин батIулаб буго», - абун. (Имам Тирмизи НикахI – 1102)

**- Щий тIаса йищулей ригьин гьабиялъе?**

- Свалат салам лъеяв МухIаммад аварагас абуна: ***«Лъади ячуна гьелъул ункъо шартI хал гьабун: боцIи, берцинлъи, тIабигIат ва дин. Дин хал гьабун ячани, дуе лъикIаб буго»,*** - ян. (Имам Бухари – 4802)

**- Росасе кьолеб мехалъ ясалъул разилъи тIалаб гьабизе кколищ?**

- Аварагас (с.гI.в.) абуна: «Къоролай росасе кьоларо, гьей разилъун гурого. Росасе инчIей яс росасе кьола разилъи тIалаб гьабун. Гьей юцIцIун чIей разилъилъун рикIкIуна», - ян. (Имам Тирмизи НикахI – 1107)

***«ЧIужугIаданалъул гIибадат ва гьелъул диналда хурхарал амраби» абураб тIехьалдаса***

# Махщелги камилай, каламги дурусай

**БатIи-батIияб махщалил устарзабаздалъун бечедаб Гъуниб районалъул КIуяда росулъ дагьал гьечIо мугIалимлъиялъул ишалъул унго-унгоял махщелчагIи. Амма жакъа бицине бокьун буго гьединазул цояйлъун кколей мугIалим МухIамадова ПатIиматил хIакъалъулъ.**

**1980 соналда Кьогъоб гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, цIализе лъугьана гьей ДГУялъул филологияб факультеталде. Гьений цIалулаго, ай 1984 соналда хIалтIизе лъугьана Кьогъоб школалде гIурус мацIалъулгун адабияталъул мугIалимлъун. Ва гьале жакъаги 39-абилеб сон буго ПатIиматил росдал лъималазе лъай кьолеб бугелдаса нахъе.**



*ТIадчIараб захIматалда рекъонин гIадамасул махщел камиллъулебин* абураб умумузул кициялъухъего, лъикIаб бажаригун пагьму-гьунар щун буго гьелъие дарсазда лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ.

ПатIиматил дарсазул хаслъилъун ккола гIатIидго берзулал алатал хIалтIизари ва лъималазулгун гьабулеб хIалтIи гьезул жигараб гIахьаллъигун нухда бачунеб букIин. Жиндирго хIалтIулъ ПатIиматица, хIажалъиялда рекъон, гIатIидго пайда босула дарсал кьеялъул батIи-батIиял къагIидабаздаса. Гьедин, масала, тIадегIанал классазда дарсал лекциялъулал ва семиназазул къагIидаялда кьеялъул хIасилалда, гьелъухъа бажарана цIалдохъабазда цIалул программаялъулаб материал лъикI бичIчIизабизе. Гьелъие нугIлъи гьабула мугIалималъ дарсал кьурал лъималаз гьаб ахираб лъабго соналда жанир тIоритIарал гIурус мацIалъул ва адабияталъул ЕГЭялъул экзаменазда лъикIаб лъайги 100 проценталъулаб хадургъейги букIин бихьизабиялъ.

*Махщелгун гьунаралда рекъаралин хIалтIул хIасилалгун бергьенлъаби рукIунелин* абухъего, щибаб соналда гIадин, районалъул олимпиадабазда гIахьаллъи гьабулел гьелъул цIалдохъабаз цересел бакIал ккола. Чамалиго соналъ тIатIала гIахьаллъи гьабуна гьез республикалъулаб ва, хIатта гьеб тун къватIибехун тIоритIарал олимпиадабазда ва гьенирги бергьенлъаби росана. Гьединлъидалин Гъуниб районалъул лъай кьеялъул методкабинеталъ чанго нухалъ тIатIала ПатIиматил цебетIураб хIалтIулаб хIалбихьи районалъул мугIалимзабазда гьоркьоб тIибитIизе лъикIаблъун рикIкIун букIараб.

Исана лъебергоялде гIагарун сон буго Совет Союзалъул БахIарчи **СагIду ГIалиевасул** цIаралда бугеб кIуядерил **Кьогъоб** росдал школалъул гIурусгун магIарул мацIазул ва адабияталъул методикияб цолъиялъе ПатIиматица нухмалъи гьабулеб бугелдаса. Гьей ккола жидерго школалъул гуребги, районалъулго гIолохъанал мугIалимзабазул насихIатчIужулъун. Жиндирго хIалтIулаб хIалбихьи гьезие гIахьал гьабизелъун, гьелъ кьола рагьарал дарсал, магIнаял ва пайдаял кIалъаялгун цее яхъуна семинараздагун батIи-батIиял секциязда, мугIалимзабазул данделъабазда.

Гьелъ нухмалъи гьабулеб Кьогъоб школалъул гIурус мацIалъул ва адабияталъул кабинет рикIкIуна мисалияблъун. Гьеб хьезабун буго цIалдохъабазулгун хIалтIи гьабиялъе хIажатаб цIалулгун методикиял тIахьаздалъун ва цогидал алатаздалъун. Кабинеталъ рес кьола гьенир аскIор ругел школалъул мугIалимзабиги гIахьаллъун батIи-батIиял дандчIваял ва семинарал тIоритIизе. Гьенир рихьизе лъун ругел мугIалималъул нухмалъиялда гьоркь цIалдохъабаз хъварал докладал, рефератал ва цогидалги батIи-батIиял лъималазул пагьму-гьунаралъулал хIалтIабаздаса гIатIидго пайда босула дарсал кьолелъул, гIурус мацIалъулгун адабияталъул кружокал тIоритIулелъул ва олимпиадабазде хIадурлъулелъул.

ПатIиматил лъимал гьечIониги, гьелъ жиндиргояллъун рикIкIуна тIолалго цIалдохъаби. ЛъикIабщинаб лъималазда малъизе щвей гьелъ рикIкIуна талихIлъун. *ХIалтIи лъалесул газа кьурдаги рекIунеб, лъим лъалесул квер гIордаги балебин* абула магIарулаз. Гьелъухъего, МухIамадовалъул нухмалъиялда гьоркь цIаларал ва гьелъул тарбия щварал гIолилал рукIуна жигарал, цIалуда хадубгъей бугел. ГьабсагIаталда Кьогъоб школалъул коллективалда хIалтIулел ругел гIемерисел мугIалимзаби ккола ПатIиматил рукIарал цIалдохъаби. Гьел гьелъ жакъаги жиндерго лъималлъун рикIкIуна ва бажарараб кумек гьабизе кидаго хIадурайги йикIуна. Гьеле, гьединал мугIалимзабазул хIакъа-лъулъин цIияб къагIидаялъ мугIалимлъиялъулаб хIалтIи гIуцIиялъе кьучI лъурав гIалимчи **В. Сухомлинскияс абураб:** *«…лъималазул унго-унгояв тарбиячилъун лъугьине ккани, нилъ хIадур рукIине ккола бахъун нилъерго ракI гьезие кьезегицин»,* - ан.




*- ЗахIмалъаби гIемераб заман буго гьаб. Гьелъги батила, гIемерисел эбел-инсуе аслияб жолъун ккун буго жидерго лъимадуе лъикIаб къимат щвей. Амма дие, лъималазул ботIролъ бугеб лъай гурони, гьеб бичIчIи кинго данде кколаро,* - ян абула ПатIиматица.

ПатIимат жийго гIурус мацIалъул мугIалим йикIаниги, гьелъие гIагараб буго рахьдал мацI, ва гьединлъидал дарсазда гьелъ жигар бахъула щибаб мисал рахьдал мацIалдасаги, росдал лугъаталда абулел рагIабазул мисал бачунги масъала гъваридго бичIчIизабизе. ПатIиматил пикруялда рекъон, гьедин гьабичIони, цо чанго соналдасан нилъер лъималазда росдал гIадаталги рахьдал мацIги кIочене рес буго. Амма, пайда щиб, рокъоб хъизамалда гIурус мацI бицунеб бугебгIан мехалъ, школалда рахьдал мацI малъунилан абун кколеб хIасил дагьаб бугин рикIкIуна. Гьеб масъалаги нилъер заманалъул унтилъун лъугьун бугин бицана ПатIиматица.

Лъай кьеялъул бутIаялда гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло ПатIимат МухIамадова мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе. Гьей ккола **«Дагъистаналъул лъай кьеялъул отличник», «РФялъул гIаммаб лъай кьеялъул хIурматияй хIалтIухъан».** Руго Лъай кьеялъул министерствоялъ, райадминистрациялъ, лъай кьеялъул отделалъ кьурал ХIурматалъулал грамотабигун Баркалаялъул кагътал.

Амма ПатIиматица жийго рикIкIунаро цIикIкIараб махщалил мугIалимлъун. ЦIакъ бокьуларо гьелъие жиндирго хIакъалъулъ гIемер бицинеги газетал-журналазда рецц гьабурал макъалаби рахъун рихьизеги.

*- Гьединал гIемерал руго нилъер росабалъ. Кинаб икъбал дир хIалтIулъ батаниги, гьеб ккола дирго мугIалимаз дида малъаралъул хIасил ва дун гьезие кидаго налъулайги йиго. Хасго баркала кьезе бокьун буго дие методикияб кумекалъе ратарал школалъул директор* ***ГIусманов ГIабдулагьиегун*** *завуч* ***Мирзаев МухIамадие****. Гьез дида малъараб дирго цIалдохъабазда малъизе дицаги жигар бахъула… Хадубккунги гIагараб росуги, школаги, цIалдохъабиги рехун тезе ракIалда гьечIо. Ниятги буго дихъа бажараб лъикIлъи гIадамазе гьабизе,* - ян бицана ПатIиматица.

Жиндирго бугеб тIалабчилъиялъги, жанисеб рацIцIалъиялъгун лъикIаб динияб тарбия щвеялъги, гIадамаздехун бугеб берцинаб ва магIнаяб бербалагьиялъги, мугIалимлъиялъул хIалтIуе бугеб лъикIаб махщелалъги росуцояз адабгун рехсола ПатIиматил цIар. Гьелдаса кIудияб шапакъатгун къадруги, рохелгун талихIги щибха инсанасе букIинеб!

ГьанжегIагар Кьогъоб гьоркьохъеб школалъул нухмалъулез ПатIиматида божилъи гьабуна гIагараб школалъул цIалул рахъалъ завучалъул хIалтIи. Нилъецаги, дагьаб цебегIан араб мугIалимасул къоги гьелда баркулаго, гьарула гьелъие щулияб сахлъигун лъай кьеялъулаб хIалтIулъ цIи-цIиял бергьенлъаби. Биччанте гьединал мугIалимзабигун насихIатчагIи нилъеда гьоркьор жеги гьарзалъизе!

**Мудариcлъиялъул**
**махщел камилай,**
**ПатIимат, бицея,**
**чан гIел куцараб?**
**Чан гIумрудул сагIтал**
**дуца къачIарал,**
**Къваридал ракIазе**
**дарман гьабураб?**
**Баркала, мугIалим, дуе кIудияб,**
**Дурго дарсазда лъикI**
**гьел куцаралъухъ, -**
**Дуца гIумруялъул**
**битIараб нухде**
**Рачанщинал лъимал -**
**дуе налъулал!**
**Дуца тарбия кьун**
**нухда лъуралъухъ**
**Гьезда абадиялъ мун кIоченаро!**

*МухIамад АБАКАРОВ*

# Лъималазул дунялалда

## ГIайшат Малачиева гьаюралдаса – 60 сон



**МагIарул шагIир ГIайшат Малачиевалъул гьаб цIияб тIехь сайгъат гьабун буго гIисинал гьудулзабазе. Бигьаяб иш гуро лъималазул дунялалде раккизе. Гьелго гIадин гьитIинлъичIони, гьезда чIахIиял ричIчIизе гьечIо. Цо лахIзаталъ нилъехъе рещтIуна лъималазул гIамал, гьезул ургъелал, анищал-мурадал. Гьезул пикрабигун цадахъ расандизе ккола нилъер пикрабиги, гурони, гьез нилъ къабул гьаризе гьечIо. ГIайшатил гьаб тIехь цIалулагоги, дунги тIадюссана лъимерлъуде. Гьезул гIажаибго берцинаб дунялалдаса нахъе ине бокьуларого лъугьуна, лъималазе хъвараб гьаб тIехь кодобе босидалги. Авторалъ гIуралго санал ралел руго лъималазул гIажаибаб дунялалда – гьей ккола авар мацIалда къватIибе биччалеб «Лачен» журналалъул редакторги.**

**ТIехьалда гьединго руго харбалги авторалъ магIарул мацIалде руссинарурал цогидал миллатазул шагIирзабаз лъималазе хъварал асаралги.**

**ГIайшатида юбилейги баркулаго, кьолел руго цIияб тIехьалдаса кучIдул.**

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

### Къо кибе араб, дада?

Севералда рукIарал
Лъимал кIодохъе щвана,-
Дагъистаналъул росулъ
Сордо азда дандчIвана.

Рашидханги Расулги
Синкъун гIодулел руго,
Гьал хIинкъарал, риххарал
Хех инсухъе кIалъана.

- Дада, унго, бабаца
Ниж рачараб бакIго щиб?
Гордухъан балагьун чIун
Бугеб чIегIераб сордо!

- Аниб къо буго, дадал,
Къалъ-къалъун бакъги буго,
Бащдаб лъагIел инчIого,
БачIунаро сордоги…

- Къоги анибе босе,
Мунгоги хехго вусса,
Вусса - ниж хIинкъун руго,
Бакъги къасиго битIе.

Азбар цIакъ бецIго буго,
Расандизе рес гьечIо,
Я бараб гIазу гуро,
Я хъещтIераби гьечIо.

### Рахь гьекъарал макаронал

Эбел йохизе ккани,
КвенгIаги гьабун лъикIин,
КIудияб къагIидаялъ
КъачIадана Мадина.

Эбелалъул берцинаб
Цебебухь гьалъ бухьана,
БакIиде тIаде яхун,
Печь бакизе гIунтIана.

АскIоб букIараб хъазан
Хъурщана гьалъ цIадутIе,
ЦIорораб лъимги тIинкIун,
Макароналги рана.

Рахьдал кIудияб шиша
Гьезда тIаде чIехьана,
ТIалъелги гъухъузабун,
БакIитIаса рещтIана.

Бахъун цебебухъги лъун,
РасанкIабазде яна,
Мадина кантIилалде,
ТIасан ун, рахь тIурана.

### Лъабго гьудул

Лъабго гьудул – лъабайго яс
Лъала росдал гIадамазда,
Лъабго свак лъалареб ракI
КIетIарула, цохIо гIадин.

Гьай - хIалимай ХIалиматги,
Дой - разияй Разиятги,
Гьой - гIазизай ГIазизатги
ГIел бахилал ясал руго.

Росу буго макьид босун,
(Кьиндал сордо халатаб жо).
ГIетIулъ тIерхьун лъабайго яс
ЛъикIай кIодол квас самулел.

Васал, радал рахъун, ина
ХъещтIаризе, чангъал рачун,
ГIертIал росун, лъабайго яс
Лъим баччизе рекерила.

Дарсал гьечIел гьал къоязда
Ясаз бессун лъураб салмаг!
ГIандаракги цIалад бацIун,
ЦIер тIад чIвараб хIортIа – васал.

ХIалчIахъаяй ХIалиматги,
РакIбохаяй Разиятги,
ГIумру кьеяй ГIазизатги
ГIамал лъикIал ясал руго.

### ХIинкъи буго

Ролтонал гIемер кванан,
Таймаз чехь унтун вуго,
Корочкабигун чипсаз
Салимги гьорон вуго

Мобильникалъ гуккиялъ
Камил канлъукълъун вуго,
Планшет хиралъиялъ
Хадиги хаган йиго.

Компьютеразул гIузру
ГIусманидеги щвана,
ГIемерго гьелда хIаялъ
ГIантав чи гIадин вуго.

Гьаз цо бертIамуларел
ТIахьал гIодулел руго,
ГIураб мехалъ, жал гIадин,
Нужги гIодизе ругин.

Бабаца гьабураб квен
Гьелгун барщун чIун буго,
ТIагIамабгун пайдаяб
Лъаларел лъимал ругин.

Сахлъигун гIакълу чIвалеб
ГIамал тезе ккун буго,
Тохтирас, дару гьечIин,
Абилин хIинкъун буго.

### Лъимал

Лъимал лъикIал лъугьарал –
ЛъикIлъи лъарал гIадамал,
Дунялалъул талихI
ХIалхьезегIан бихьарал!

Лъимал мекъал лъугьарал –
КъобухIарал гIадамал,
МагIу бучIизе течIел,
Рохел бихьизе щвечIел!

РакIал къварид гьаризе,
ТIекъал лъимал кьогеги.
ТIаде хвел гIагарлъизе,
ГIиллалъун гьел ккогеги.

Жал лъугьунел къавулъе
Икъбалгун щолел ккаги.
Гьел руссунеб рокъобе
Баркат бачIунеб гIеги!

Балагь бекьулел лъимал
Лъийниги гьаругеги!
Бахьикьосарал лъимал
Кирниги рижугеги!

Лъималазул рохелалъ
Халкъго бохизабеги,
Гьезда хьвадизе лъаялъ
Дагъистанго чIухIаги.

### Риидалил кечI

Рии кавудахъ чIана ,
Каникулал гIунтIана,
ТIахьал хIалхьуда тана,
Дун дагьав эркенлъана.

Амма цогидал тIахьал
Дица цере рахьана,
Къо гIадада течIого,
Тохлъизе вукIинчIого.

Гьанже гIараб цIализе,
Дун мадрасалде уна,
ГIелмудал магIна лъазе,
«Ралъдалъеги» лъугьуна.

Дие мугIалимасул
ГIакъилал дарсал щола,
Гьесул къабулаб калам
Ккверзе дун гIедегIула.

Лъаялъул зарал ккарав
Киго щивго рагIичIо,
ГIакъиллъун рогьо щварав
Щивниги чи вихьичIо.

Дунялиябги лъазе,
Диниябги бичIчIизе,
Дир гьира-шавкъ сунгеги,
Свак-кIвахIалъ гуккугеги.




### Рахьдал мацI

РачIа, авар мацIалда
ЦIализе лъазабизин,
Нилъерго миллаталъул
Тарихалде раккизин.

Цинги гIагараб мацIалъ
Цоцазда гаргадизин,
Халкъалъул къисматалъул
Къадруялда бицинин.

Эбелалъул мацIалда
МагIнаялда кIалъазин,
ГIакъилал кицабигин
Биценазул рехсезин.

Нилъерго мацIалъ гIадин
ГIищкъудул бицунадай,
НилъецагIан хIасратго
Саринал ахIуладай.

КIодол харбил рагIигун
ГIажаиблъи гьабулин,
КIудадал къиса лъайгун
Лъай босзе гьира балин.

Балъголъабазул гьамас
Рагьулеб кIул цIехезин,
КIочараб, буцIцIун чIараб
ЧIаголъизе гьабизин.

КIалъазе лъалеб мацIалъ
ГьоцIо тIолин рагIичIищ?
Гьуинаб рахьдал мацIалъ
ЦIалдезе гьира гьечIищ?

Дуего бокьулареб
Дур миллат лъий бокьилеб, -
Дуцаго цIуничIони,
Дур мацI лъица цIунилеб?!

Дир рахьдал мацI – авар мацI
МугIрузда бижараб мацI!
МагIарул миллат, гIамал –
МугIрулгIан дий борхатаб!



## ХАБАР

# Хасалихъе росулъ



БагIарлъун, тIогьиллъун рукIана тIаса пихь тIагIарал гьутIбузул тIанхал. Роол заманалда гьелгун недегьго шуршудулеб букIараб гьури гьанже цIидахунеб ва хIенчезе лъугьунеб букIана. Гьелъ тIанхал, тIутIун ран, нухазда, хур-ссаналъул ракьанлъабазда тIиритIулел рукIана. Хурзабахъ барщун бугеб цIоросаролъ, бихьизе хилиги гьабун, къватIибе баккун, бакъуде гьимгьидулеб букIана. БугIа-ролъ хурзабахъа бецун, хIамуз ва гьаказ баччун, росу сверухъе, гьоцIабахъ гьарурал гIаразде буссинабун бугоан. ХIенчелел михъазул чIахIиял тIорал ратулаан гьоркьехун ва тIадехун нухда гIодоре роргун. ТIохазда тIибитIун, тIад наккдал хIурги ккун, бихьулаан хъвалхьун бакъвазе бараб гени-гIеч. Рагъабазул хIубазда далун рихьулаан ражидул, порол, цIоросаролъил гьалал. Кибе бер тIамуниги, гьацIулаб къер базабун букIана хасалихълъиялъ магъда. Гьединаб беричаб, жибго бечедаб букIиналъ батила хасалихълъиялда меседилабилан абулебги.

Меседилаб хасалихълъиялъул цо пуланаб къоялъ гьоцIив лалда оцал рацIулев вукIана ХIасан. Ричун гулалгун, гьурщун гьоцIу цIезабун бугеб тIорщалида тIасан тIадагьго хъурщун унел рукIана бакIал лулби. Цо-цо лоленалда тIад цо-цо хIетIеги чIун, лъедон унеб мехалъ букIунеб лазат щибха нужеда лъалеб?! Хъархъар-хъарилан бакъвараб сумм лулбуз гьоркье бачун уна ва къвакIарал мачIуяз хъуризабула. Оцал мутIигIал, гIодоре риччарал ругони, лулбузда тIад гIодовги чIун, рацIизеги бегьула. Машинаялда тIад кьогогIан лъикI букIуна гьениб. Машинаялъ мун эхе-эхеде рехула, чIучIадизавула. Лулбузда тIад абуни, гьоркь гамачIги лъун, гIодов чIаниги, тамахго бугилан ккола, бокьани гIедерго рачине бегьула оцал, бокьани хIинцго тезе бегьула.

***М. МУХIАМАДОВ***

## ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

Дельфинал ккола китазул цо тайпа. «дельфин» абураб цIаралда гьоркь гIалимзабаз рихьизарула 70 батIияб тайпа лъелъ рукIунел



рухIчIаголъабазул. Бищунго хехаллъун рикIкIунел дельфиназ сагIаталда жаниб 30 километралъ лъим хала. Гьоркьохъеб къагIидаялъ гьез 5-12 км сагIаталда жаниб тола. Дельфиназ гIумру гьабула тIелалккун. ХIажалъи ккани, гьез цоцазе кумек гьабула. Руго гIемерал хIужаби гьанкъулел гIадамал дельфиназ хвасар гьариялъулги. Гьезул жанисел лугбузул гIуцIи гIемерисеб релълъараб букIуна инсанасулалда.

* * *

ГIужрукъал раккана дунялалде 15 миллионгIан соналъ цере. Гьоркьохъеб къагIидаялъ гьезда тIад букIуна 10000 рукIкIен. Гьел хисула лъагIалида жанир лъабго нухалъ. РукIкIби рижизе бала гIемераб заман. ГIужрукъалъул букIуна 36 гIус. Херлъараб мехалда гьел гIодоре гьуна.



ГIужрукъал хасало кьижула 128 къоялъ. Гьеб заманалда жаниб гьезул чорхол температура букIуна 2 градус. Минуталда жаниб хIухьел цIала 8 нухалъ. ГIемерисел гIужрукъазул букIуна къокъабго рачI. РукIкIбуз гьеб нилъеда бихьуларо.

## МАСЪАЛА

**Гьаб масъалаялда кьун буго 10 спичкадул гIучIалдаса гьабураб кIул. 4 спичкаги хисун лъун, лъабго квадрат лъугьинабе.**



## ШАГIИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

### Гьудуллъи

Цо нухалъ гIакъиласда гьикъана гIадамаца:
- Гьаб ракьалда щиб кколеб бищунго къиматаб жо?
Гьев гIемерав ургьичIо, чIванкъотIун жаваб кьуна:
Бищунго къиматаб жо гьудуллъиян абуна.
Цинги гьесда гьикъана: - Бищунго щулияб щиб?
ЧарангIан къвакIараб жо бугищ ракьалда щибго?
Гьев гIемерав ургьичIо, чIванкъотIун жаваб кьуна:
Бищунго къвакIараб жо гьудуллъиян абуна.
Цинги гьесда гьикъана: - Бищунго къуватаб щиб?
Гьородаса къуватаб бугищ ракьалда щибго?
Гьев гIемерав ургьичIо, чIванкъотIун жаваб кьуна:
Бищунго къуватаб жо гьудуллъиян абуна.
Ахиралда гIадамаз гIакъиласда гьикъана:
- Бищунго гьуинаб жо щиб, гьоцIо гуреб батани?
Гьеб херазе бокьула, гьитIиназе бокьула,
Ракьалда нигIматазул гьебгIан гьуинаб жо щиб?
ГIакъил расги ургьичIо, чIванкъотIун жаваб кьуна:
Бищунго гьуинаб жо гьудуллъиян абуна.

***МутIалиб МИТАРОВ***

## ЛЪИМАЛАЗУЛ КIАЛДИСАН

- Щай дуца гьедин хехго конфетал кваналел? КIочонищ бугеб дур гьитIинав вацги вугеблъи?
- ГьечIо. Гьединлъидалин кваналел ругел дица конфетал хехго.

* * *

- Нахъеги щай дуца инсул сурат тетрадалда седараб? – абун цIехана эбелалъ васасда.
- Дида мугIалималъ абуна, жиндие бокьун бугила рокъобе хIалтIи гьабизе дуе кумек гьабурав чиясда берчIвазе.

* * *

Инсуца стадионалде вачарав васас гьикъана:
- Дада, дов кIиго чи щай додигIан гIедегIун рекерулел? – ан.
- Цере ккаразе шапакъат щолелъулха, - ян кIалъана эмен.
- Дол нахъа хутIаразе рокьулариц, дада, шапакъатал? – ан абуна васас.

* * *

- Дир ясикIоялъе бугеб лъикI, - ан абуна гьитIинай Аминатица. – Гьелъул вац гьечIо, гьей лъицаниги юхуларо.

## ТIАДКЪАЙ

**Сурат белъун къачIай**



***Гьумер хIадур гьабуна ГIайшат ХIАЛАКЪОВАЛЪ.***

# ЦIилъараб гIелмудул кIалгIа

**Шамил районалъул ХIебда росдал школалде щварав чиясда гьелъул мина бихьани, ракIалде ккела гьаб жо макъу батилин абун. Гьедин ккеялъе гIиллаги – школалъул гьумер тIубанго хисун букIин. Хисана чIабар, мокърукь бакI, нуцIбигун гордал, киса-кибего лъуна плитка. Щибаб классалда буго бухIараб ва цIорораб лъим. Дун гьеб школалде щвараб къоялъ директор ватана кавудул кIалтIа ахирисел хIалтIаби гьарулел устарзабазе малъа-хъвай гьабулев. Гьесулгун хабарги байбихьана ремонталъулал хIалтIабазул бициналдасан.**



*- 2016 соналда райбюджеталдаса биччана 11 млн гъурущ. Баркала буго районалъул бетIер М. ХIасановасе. 2021 соналда районалде вачIун вукIана республикаялъул бетIер С. Меликов. Гьесги рагIи кьун букIана кумек гьабизе. Биччана республикаялъул бюджеталдаса 22 млн гъурущ. 2022 сональги биччана щуго млн гъурущ. Школалъул аслияб корпусалда цадахъго ремонт гьабуна спортзалалъе, столоваялъе,* - ян бицана школалъул директор **ГIали ЖабрагIиловас.**

1997 соналда школа лъугIидал, гьев цIализе лъугьана Дагъистаналъул педуниверситеталъул тарихалъул факультеталде. Гьеб лъугIидал, хIалтIана Ракъуб росдал школалда учительлъун, завучлъун, директорлъун. 2016 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго ХIебда росдал школалда. Гьебин абуни ккола районалда бищун кIудияб школа. Гьенив цIалулев вуго 430 цIалдохъан, байбихьул классазда - 196 цIалдохъан. Гьел кваназарулеб столоваялдаги гьабун буго ремонт. 80 чи цадахъ кваназе бегьула гьанже гьенив. Директорас бицухъе, школалда вуго 42 учитель, гьезда гьоркьов вуго тIадегIанаб категория бугев 9 ва тIоцебесеб категория бугев 18 учитель. Школалда вуго ДРялъул мустахIикъав учитель абураб цIар щварав ункъо мугIалим, 14 - РФялъул Лъай кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан, 11- ДРялъул Лъай кьеялъул отличник. ЛъагIалил учительзабилъун ккола П. ХIажиева, С. Ибрагьимова, М. Исрапилова. Республикаялъул учительзабазул конкурсалъул призер - Давуд Давудов. Школалъул лъикIал бухьенал руго батIи-батIияб тIадегIанал цIалул идарабазулгун. Гьел ккола Россиялъул лъай кьеялъул академиялъул стратегияб цебетIеялъул институт, Балтийскиялъул техникияб университеталъул Д. Устиновасул цIарада бугеб «ВОЕНМЕХ». Ахириселде чангояй цIализеги лъугьана школа лъугIаразул. Гьеб институталъул рахъалдасан директорасухъе бачIараб Баркалаялъул кагъатги



буго. Гьединабго Баркалаялъул кагъат буго халкъазда гьоркьосеб учительзабазул Сочиялда букIараб слеталдаса бачIарабги.

Школалда хIалтIулеб буго «Точка роста» кабинет. Гьенив хIалтIула 9 учитель. ЦIалдохъабазул 70 проценталъ пайда босулеб буго гьеб техникаялдаса. Районалда тIоритIулел киналго тадбираздаги жигараб гIахьаллъи гьабула цIалдохъабаз. Квеш гьечIо спорталъул рахъги. Школалда вуго лъабго физкультураялъул учитель. Лъимал хьвадула гугариялъул ва тхеквандоялъул секциязде. Гьениб кIвар кьола футбол, шахматал гIадал хIаяздеги. Гьоркьиса школалда футболалъул рахъалъ лъикIал хIасилал рихьизаруралъухъ физрук М. Назирбековасухъе бачIана лъай кьеялъул министр Я. Бучаевасул рахъалдасан Баркалаялъул кагъатги.

Школалда лъикIаб хIалалда гIуцIун буго патриотикияб тарбия кьеялъул хIалтIи. Масала, Украинаялда унеб бугеб СВОялъул гIахьалчагIазе битIун буго 1,5 тонна нигIматазул. Школалда тIоритIула СВОялда гIахьаллъулезулгун дандчIваялги.

Школалдаса гIемер рикIкIад гьечIого буго Афгъанистаналда къадаралде щварав лъабго районцоясе бараб памятник. Байрамкъояз гуребги, гьелда сверухъ рацIцIалъи цIуниги, тIугьдул чIун хьулухъ гьабиги, лъималазул кидагосеб иш буго. ХIалтIулеб буго школалда «Движение первых» абураб цолъиги.

Школалъул бухьен буго лъималазул эбел-инсулгун. Гьезда дандги бан, чIезабун буго хасаб ратIлил форма. Умумузул гьариги къабул гьабун, школалда цIикIкIун кIвар кьолеб буго авар мацI малъиялъул дарсазде.

***С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ***

# БахIарчияв Муслим

**Мунагьал чураяв ШугIайбилав вукIана дир росуцояв, тухумалъул чи. Лъеберабилел соназ, гьитIинавго гIолохъанчи, кьерилавгун вагъизеги ккун, абун рорчIарал рагIаби сабаблъун, Сибиралда рохь кьотIулаго кIикъоабилел соназул ахиралде швезегIан хутIана.**

Ниж, гьитIинал лъимал, кисинир квералги къазарун харбиде руссараб параялъ, тохлъукьего гIадин аскIовего вачIун, гьес ахIун абулаан: «А ну-ка, руки вынь из кармана!» - абун. Нижецаги хъваштIан кверал къватIире рахъулаан.

ГIемераб кIалъай гьесул букIунароан. Амма цо къоялъ гьес бицана Муслим Атаевасул хIакъалъулъ лагералда рагIаралъул. Жив жеги гьитIингоги вукIун, рохь къотIулеб хIалтIудеги виччачIого, «политикаялъулаз» дида ракI гурхIун, лагералъул богорокъоб картошкаялдаса хъал бахъизе, гIиси-бикьинаб жоялъе кумек гьабизе толаанила. Лагералда ругез жидерго ккараб, добаса-гьаниса рагIараб бицунаанила, гьедин бицараб буго гьесда рагIараб Муслим Атаевасда хурхарабги.

Лъеберабилел соназда Муслим Атаев вукIана Дагъистаналъул рагъулав комиссарлъун, хадуб - Белоруссиялда дивизиялъул командирасул хьулухъги тIубазабуна. Тухачевскиясулги Муслимилги лъай-хъвай букIараб кьагIида буго, маршал туснахъ гьавидал, НКВДялъулал тIаделъун руго Муслимиде гьесде гIайиб гIунтIизабулел баянал кьеян. Муслим тIирун чIун вуго, жинда щибго лъаларинги абун. ХIинкъаби кьун, вухун, кваназе-кьижизе толарого, кигIанго хIал гьабуниги, Муслим мукIурлъун гьечIо. Гьединал чагIи къуркьизаризе хIадурараб бакI букIун буго туснахъалда батIатIун бараб. Гьенир данде гьарун рукIун руго залимал, щибниги цIоб-рахIму гьечIел, ракIалде ккараб жо гьабулезул къокъа. Ракъуцаги рухиялъги кIвекIарал, загIиплъарал, амма рекIелъ чаран хутIарал, хилиплъичIел асирал цо сордоялъ реханила гьезухъе. Сордоялъ инжитги гьавун, хадусеб къоялъ гьединав этапалъ витIулаанила цоги туснахъалде. Гьесда цадахъго унаанила кагъат, гьав басра гьавурав чи вугин ва гьасда бокьараб гьабизе бегьулин абун. Гьеб кагъат асирасда бихьидал, кигIанго щулиявги къуркьулаанила ва, сундухъго балагьичIого, цебе лъураб кагъатида гьоркь гъулбасулаанила.



Гьеб баракалъуве реханила Муслимги. Жаниве лъугьаравго, жеги нуцIихъгоги чIун, гьес абунила: «Ассаламу гIалайкум, если среди вас есть мусульмане! Здравствуйте, если среди вас есть христиане! Я человек, и среди вас буду жить по человеческим законам!» - абун. Гьес абуралъ таманабго заманалда сихIкьотIи ккезабунила баракалъуб. Хадуб гьелъул кIудияв «паханас» аскIов вукIарав малги бан гъоркье тунканила, ва Муслимидехунги вуссун, абунила: «Ты мой гость, будешь рядом со мной спать! Спи спокойно, здесь тебя никто не тронет!» - ян. Хадусеб къоялъ Муслим вачун анила. Гьесул къуркьи гьечIолъиги, бахIарчилъиги, къо хIехьейги бихьун, НКВДялъ Муслим кватIичIого чIвана.

***Муса ХIАЖИМУРАДОВ,***
***ЧIарада район, Кьорош росу***

# МестIерухъ – «ПештIерухъан»

**КвачIид бахъараб бартичу гIадин, рахъун чIарал кьурабазда гьоркьоб, мугIруздаса чвахулеб лъарал рагIалда буго МестIерухъ росу.**

**ТарихчагIаз хъвалеб буго цо-цо тухумаз чIей гьабун букIун бугин «ГьарчIайда», «РостIа», «ГьатIанитIа» абурал бакIазда. Гьел бакIал руго гьанжесеб росдадаса 3-4 километралъ рикIкIад.**

**Гьелдаса хадуб, цойидеги буссун, росу гочун буго «СансатIа» абулеб бакIалде. Хадубги гIадамал рахъун руго «МестIерухъ» абулеб бакIалде. «МестIерухъ» абун росдада цIар бачIиналъул кIиго батIияб биценги буго.**

ТIоцебесеб, гьенир рукIарал местIерзабаз гIадамал сах гьарулел рукIин. КIиабилеб, Авар округалда гьорлъе унеб МестIерухъ росулъ рукIун руго хъаравуллъиялъул сиял. Гьел рукIанила Ингердахъ ва ЦIолода. Тушманасул рахъалдасан хIинкъи бачIунеб бугони, цояб сиялдаса цогидалда вугесухъе пиштIулеб букIун буго. ТарихчагIаз хъвалеб буго МестIерухъ росу Авар округалдаса рачIарал гIадамаз гIуцIун бугин. Байбихьуда гьелда «ПештIерухъанин» абулебги букIун бугин.

ГьабсагIаталда бугеб бакIалда росу бан буго XVI гIасруялда.

ГIахьвахъ районалда руго щуго батIияб мацI бицунел росаби, амма местIерухъел, ингердахъал ва цIалал кIалъала битIараб авар мацIалда. Гьелъ нугIлъи гьабула местIерухъел Авар округалдаса рачIарал гIадамазул наслу-тухумалъул гIадамал рукIиналъе.

Район гIуцIилалде тIоцебе гIурус школа рагьун буго ТIадмагъилъ, ай 1922 соналда. Гьениб тIоцебе дарс кьун буго МестIерухъа МухIамадов ГIабдулмажидица. Гьев вукIун вуго пачаясул армиялъул штаб-капитан МухIидинов Лабазанил ясалъул вас. Живго МухIидинов Лабазан вукIун вуго Кавказалъул рагъдаса хадуб Моздокалда наиблъун.

ГIабдулмажидица, пачаясул офицерасул ясалъул вас хIисабалда, лъугIизабун буго Хунзахъ-хъаладухъ букIараб гIурус школа. Эцеда центргун ЦIумада район гIуцIидал, ГIабдулмажид тIамун вуго гьенив судьялъун. Гьев вукIун вуго Дагъистаналъул ТIадегIанаб судалъул коллегиялъул членги.

ГIабдулмажидил васасул вас Мажидов МухIамадрасулица лъеберго соналъ нухмалъи гьабуна местIерухъесезул школалъе. Гьев мустахIикълъана РСФСРалъул ва ДАССРалъул мустахIикъав учитель абурал цIаразеги. ГIабдулмажидил яс Басират росасда йикIана ГIахьвахъ районалда тIоцебе тIадегIанаб лъай щварав МухIамадов АхIмаднабида. АхIмаднаби вукIана КПССалъул ГIахьвахъ райкомалъул тIоцевесев секретарьлъунги райисполкомалъул председательлъунги, хIалтIана КIаратIа росдал школалъул ва Бавтугъаялъул школа-интерavailable директорлъун. Гьев мустахIикълъана «Знак Почета» орденалъеги. Гьесул вас МухIамадов Асбег вукIана милициялъул полковник, юридикиял гIелмабазул доктор. Цогидав вас, ай МухIамадов Давуд ккола техникиял гIелмабазул доктор. Яс МухIамадова Манади йиго биологиял гIелмабазул кандидат.

ТIоцевесев мугIалим, школалъул заведующий, директор ва районалда лъавукълъи лъугIизабиялъул хIаракатчи ккола МестIерухъа ХIасанов Муслим. Гьевги ккола ГIабдулмажидил яцалъул вас. Муслим мустахIикълъана СССРалъул чанго орденалъегун медалалъе, ДАССРалъул Верховный Советалъул президиумалъул ХIурматиял грамотабазе. ХIасанов Муслимил цIарги кьун буго МестIерухъ росдал школалъе.

Муслимил кIудияв вас Рамазаницаги гIумру кьуна лъай кьеялъе. Гьев гIемерал соназ хIалтIана Избербаш шагьаралда, бецлазул школа-интерналда тарбиячилъун. МустахIикълъана СССРалъул ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ орденалъе. Гьоркьохъев вас Муслимов ХIасан вукIана ДРялъул мустахIикъав учитель. Бищун гьитIинав вас ХасмухIамад гIемерал бакIал ралев чи ккола Герейханов МухIамадиеги щвана гьебго орден. «Знак Почёта» орден щвана МТФялъул заведующий Имамусаев МухIамадие, доярка Ханкишева Халумеседое, бригадир Багьадуров Жаватие.

ДАССРалъул Верховный советалъул президиумалъул ХIурматалъулаб грамота щвана колхозалъул председатель Мажидов Ибрагьимие, гIухьби - ТIалхIатов Багьадурие ва Шагьрудинов МухIамаднурие.

ДРялъул мустахIикъав бакIал ралев чи ккола Качалов Мисирбег.

Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъанлъун вукIана Дибиров ДибирхIажияв ва СагIадулаев ГIали.

Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIалтIухъан ккола художник МухIамадов ХIажи.

Дагъистаналъул тIабигIат цIуниялъул мустахIикъав хIалтIухъан абураб цIар щвана росдал магIишатарухъ росдае нухмалъи гьабурав БатагIалиев СагIитбег ккола ДРялъул муниципалияб хъулухъалъул мустахIикъав хIалтIухъан.

МестIерухъа вукIана жамгIияв цевехъан, маслихIатчи, магIаруллъиялдаго машгьурав гIалимчи ГIарабил МухIамад.

Муслимов Сергей ккола боксалъул рахъалъ СССРалъул спорталъул мастер. Панкратионалъул рахъалъ дунялалъул кIицIул чемпионлъун вахъана Таймасханов Шамил.

МестIерухъа 30-гIанасев чияс гIахьаллъи гьабулеб буго Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялдаги.

БатIи-батIиял соназ ГIахьвахъ районалъул комсомолалъул райкомалъул тIоцересел секретарьзабилъун хIалтIана Качалов Пайзула, Ханкишев ДибирхIажияв, Мажидов Ибрагьим ва Муслимов ХасмухIамад.

Районалда цебетIуразул цояб соназ хIалтIана районалъул нухмалъиялъул идарабазда, тIуразарулаан районалъул бетIерасул ишалги. Гьев ккола ДРялъул муниципалияб хъулухъалъул мустахIикъав хIалтIухъан.

МестIерухъел кIвахI тун хIалтIана батIи-батIиял магIишатиял идарабазда. Масала, НурмухIамадов Таймасхан хIалтIана райисполкомалъул председательлъун. Гьесие щвана «Знак Почёта» орден.

ХIажиев ГIали хIалтIана росдал магIишаталъул управлениялъул начальниклъун. Гьев ккола ДРялъул росдал магIишаталъул мустахIикъав хIалтIухъан. Гьединабго цIаралъе мустахIикълъана Загьиров ГIабдулаги Ханкишев ХIажиявги.

ЗахIматалъул БагIараб Байрахъ орден щвана «Бергьенлъи» колхозалъул МТФялъул заведующая Кьураева Бахтикае, механизатор Нажмудинов Басирие, доярка ГьитIинова Хадижатие, вехь ГIусманов ПатахIие.

Буйнакск шагьаралда хIалтIарав лъул гIелмабазул кандидат ХIусенов Рамазание.

Чернобылалда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ «Орден Мужества» щвана Гьайирбеков Гьайирбекие ва МустIапаров ХIусение. Гьебго орденалъе (хун хадуб) мустахIикълъана ГIалиев Русланги.

1999 соналда «Орден Мужества» ва «За Отвагу» медаль щвана Новолак районалъул милициялда хIалтIулел рукIарал Герейханов АхIмадие ва Герейханов Юсупие. 1999 соналъ бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ, Буйнакскиялда, милициялда хIалтIулев вукIарав Лабазанов ГIабдусаламиеги кьуна «За Отвагу» медаль. Офицер Муслимов Асадула мустахIикълъана Суворовасул цIаралда бугеб медалалъе.

ГIемерал соназ росдал школалъул директорлъун хIалтIулев ГIабдулаев ГIумарги ккола ДРялъул мустахIикъав учитель. Гьебго цIаралъе мустахIикълъана Юсупов Ибрагьимги. 18 соналъ МестIерухъ росдае нухмалъи гьабурав букIана гьеб росдал колхоз. Кидалго гьелъул цIар букIунаан республикалъул хIурматалъул хъорщода.

Жакъаги районалъул росдае пайдаял ишал гьарулел гIолохъаби гIезегIан руго росулъ. Масала, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Даитбег Сайпов. Гьесулго вац Сайипги хIалтIулев вуго Дагъистаналъул бетIерасул гIакълучилъун. Жиндаса бажарараб кьагIидалъ росуцоязе кумек гьабула Хасавюрталда гIумру гьабулев предприниматель Шамсудин Багьадуровасги.

Гьанже кьо бахъанагIан росу гьитIинлъулеб буго. Жакъа гьениб хутIун буго 90-гIанасеб цIараки. Буго гьоркьохъеб школа, лъималазул ах, амбулатория. Амма Дагъистаналда ва къватIиб гIумру гьабулеб буго азаргогIанасеб цIаракиялъ. Гьелги руго, умумулго гIадин, гIаданлъиги, яхIги, иманги чорхолъ бугел, ВатIаналъеги ритIухъал гIадамал.



*Материал хIадурана*
***Бадрудин СУЛТIАНОВАС.***

## Тарихиял памятникал



**Гъаб буго ТIидиб росулъ ХIажиял хъизамалъул лъабтIалаяб рукъалда аскIоб бугеб некIсияб рагъулаб си.**

«ХIажиял хъизамалъул сиялъул щуябго тIала ва анлъабилелъул цо бутIа цIунун хутIун буго. Гъоркьияб лъабго тIалаялде нух буго сиялъул нахъисеб рахъалдасан. Гьел нухал цоял цояздаса батIи-батIияб рахъалде руго, цоцазде нухги гьечIо. ТIасиял тIулбузде нух лъабабилелдасан буго, рахча-хьварал, рихьуларел бакIаздасан. Щибаб тIалаялда руго балагьизе тарал ва ярагъ гъунелгIанасел картIал. Регун, накабазда ва рахъун чIун кьвагьизе бегьулеб манзил буго гьезда гьоркьоб»...

Гьадин хъвалеб буго, жакъаялде цIунун хутIичIеб, гьеб архитектурияб памятникалъул хIакъалъулъ Г. Я. Мовчаница 1946 соналда.

***«Аваразул» телеграм каналалдаса***

## Кицаби ва абиял

*Хабалъ жаназа лъезегIанго, гIурай яс росасе кье.
*Хабар гIемералъуб иш дагьаб.
*Хабаралъул лъикIлъи - къокълъи биццалъи (ЦIадаса ХIамзат).
*Хадуб ккараб жо бацIица чIвала.
*Хадув пашманлъиялъ хайир щоларо.
*Хаслихъе дагIнида - гьаб гIи лъилан гьикъараб мехалъ - гьав бахIарчиясул ругилан абурабила. Ихдал гьикъараб мехалъ - бетIергьабазул батилилан абурабила.
*Хахизе ракIалда буртIида, лъутизе ракIалда цIцIеда.
*Херлъунилан бацIил цер лъугьинаро, цаби гъунилан ритIучIил нахъа багьа хвеларо.
*Херлъун хадуб хьарчигъа тIанчIаца балъаргъунеб.
*Хехаб гважуца бецдаб когIо гьабула.
*Хехаб лъин ралъдахъе щоларо.
*Хвелилан давлад унаро, тIатинилан жо бикъуларо.
*Хинаб цIаги цIияв росги.
*Хазинаде гIарац те, гIедал яс росасе кье.
*Халалъани хабар чIалгIуна.
*Халат бухIаги чохIол мугъзада бакъ.
*Халатаб жо - чохIол бакь.
*Халкъалда нух къосунаро.

## РагIикъотI




**ГIебеде:** 3. ХIалухъин цIунулеб бакI. 6. Предложениялъул ахиралда лъола. 7. РагIул бутIа. 9. Бухгалтериялда гIемераб документ. 12. ГъотIол хIуби.. 14. Насранияб диналъул хIадисазул тIехь. 15. Чодуе гьабулеб хъулухъ. 16. Лал тIамун хадуб мугьалдаса батIалъулеб жо. 18. ЦIулал устарасул тIагIел. 20. Автомашинаялъул марка. 22. Халалъи, гIеблъи борцунеб роцен. 23. Рагъулаб подразделение. 24. Докладалъул, лекциялъул, кIалъаялъул къокъаб хъвайхъвагIай.

**ГIодобе:** 1. МагIарулазул поэзиялъул классик. 2. Чорхол гуч, кутак, хIал. 4. ЦIатари. 5. Гьабизе бокьараб жо лъикI лъугьине ккани, бахъизе ккола гьеб. 8. Рахьдал нигIмат. 10. ХIажаталъуб квербакъи. 11. Австралиялда букIунеб гIалхул гьой. 13. Партал битIа-бищизе гьабулеб алат. 14. Инсухъан яги эбелалъухъан щолеб рател. 17. Инсанасул лага. 19. Черхалъул гIузру. 20. Рукъалъул хIинчI. 21. Цебе заманалъул документал ва хъварал жал цIунулеб идара, учреждение.

***ХIадур гьабуна ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,***
***ЧIарада район, Гьочоб росу***

**39-абилеб номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 5. «Саламандра».7. Матч. 8. Омар. 11. Атлет. 12.Асар. 13. Непал. 14. «Спартак». 16. Дахадаев. 19. Удмуртия. 22.Атланта. 24. Гъаран. 26. Фара. 27. Балка. 28. Ваза. 29. Наиб. 30. Полководец.

**ГIодобе:** 1. СагIат. 2. Камчатка.3. Андорра. 4. Аргъан. 6. Стипендиат. 7. Метр. 9. Рейд. 10. Математика. 15. Тигр. 17.Авал. 18. Таганрог. 20. Удав. 21. Инфаркт. 23. Адаб. 25. Налог. 27. Билет.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерав редактор**
ХIАСАНОВ Темирхан МухIамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Информация ва политика**
Редактор:
Ашахан Юсупов
МухIамад Манапов
Рукъият ГIалисултанова

**ГIелмугун лъай кьей**
Редактор:
Кавсарат Сулейманова
ГIайшат ХIалакъова
ПатIимат МухIамаева

**Адабият ва тарих**
Редактор:
Шамай Хъазанбиева

**РухIияб хазина**
Редактор:
ПатIимат ГьитIинова
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Реклама ва подписка**
Редактор:
ГIабаш ГIабашилов

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6
«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.

Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**

Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».